**ИБРАЙЫМ ЮСУПОВ**

# ТАҢЛАЎЛЫ ШЫҒАРМАЛАРЫНЫҢ ЕКИ ТОМЛЫҒЫ

**II ТОМ**

**Қосықлар, поэма**

**Нөкис**
**"Қарақалпақстан"**
**1992**

Қарақалпақстан халық шайыры, Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты Ибрайым Юсуповтың сайланды шығармаларының екинши томына ҳәр қыйлы жылларда жазылған қосықлары менен бирге "Мәңги булақ" атлы поэмасы да киргизилген. Бул шығармаларда инсанның руўҳый гөззаллығы жырланыў менен бирге экологиялық апатшылыққа гирипдар болып атырған халқымыздың турмысы сүўретленеди.

# "Дузлы самаллар" китабынан

## БУЛ ЖЕР ЕЛЕ ЗОР БОЛАДЫ

### I

Қәўесет бар: қарақалпақлар
Көп узамай көшер деген.
Қайдағы бир жақсы жаққа
Барып қоныс басар деген.

Оқыдым бир газетадан,
Ғамкоршымыз көп-аў, тоба!
Еринбестей есаплаған,
Сыртымыздан сызып жоба.

Айтыўынша: көшшек буннан,
Жаңа қоныс жайға қарап,
Аралға суў апарғаннан
Анағурлым арзанырақ.

Есаплаған шотқа салып...
Ал буған не шек қоясаң!
«Шотын қолдан жулып алып,
Ҳәссени бир!..» деп коясаң.

Айырымлар алағада
Болып сондай қәўесетке,
Көшип үлкен қалада да
Өз аўылын ҳәўес еткен.

Мейли, өзи билсин ҳәр ким
Билгишлердиң заманы бул.
Бирақ артық болмас бәлким,
Сәўирлесек шамалы бир.

Кеткен ғазлар көлин жоқлап,
Усы күнде келип жүрген.
Ой жуўыртып соған шақлап,
Бир нәрсени билип жүрмен.

Бардур болжаў қәбилиетим,-
Билген нәрсем сол болады:
Сәл азырақ сабыр етиң,-
Бул жер еле зор болады.

Сабыр етиң сәл азырақ,
Дузлы шаңғыт деген гәп бе?
Көмпис болып биз ҳәзир-ақ
Үйренистик оған ҳәтте.

Аўыз суўың дузлақ болса,
Үйренген өз дузың болар.
«Суў бар ма?» деп соза-соза,
Түйе мойны узын болар…

Асты да дуз, үсти де дуз
Жасап турған жеримиздиң.
Ашшы ғой деп налымаңыз
Тамған маңлай теримизди.

«Дуз татып кет!» дегенди де
Тегин айтқан деп болмайды.
Сөйлегенде сөзиңниң-де
Дузы болса шеп болмайды...

Бирақ жетпес өз жериңе,
Қанша жаман дегенде-де.
Бейиштиң тап нақ төрине
Катеж қурып бергенде де.

Өйткени бир қарабарақ -
Шөп емес ғой адам деген.
Тереӊ тамыр урған дарақ -
Ўатан деген, ўатан деген!

2

Қатты ағыслы уллы дәрья
Көк теӊизге қуйған жерде
Қос басарда ата-баба,
Сүйенип сийсери белге, -

Нийет еткен дейди таӊда:
Ким ислесе ҳадал еӊбек,
Жарқылық жер, сол адамға
Әрўанадай ийегөр деп.

Жер ашып дүт қегейлерден,
Суў апарып, дақыл еккен.
«Кесеў шанышса көгергендей»
Деген сөзди нақыл еткен.

Усы жерде өсип-өнип,
Қара шаӊырақ ел болғанбыз.
Аўыр мийнетине көнип.
Ислеп қара тер болғанбыз.

Бунда тапқан ырғақларын
Қосығымыз, ертегимиз.
Бул жер ушын бир ўақлары
Дирилдеген телпегимиз.

Жағаласып жаў келсе-де,
Бул жерди ҳеш бермегенбиз.

Ким қай тилде сөйлеседе,
Тил жатырқап көрмегенбиз.

Қара үй, ме, кийиз үй ме,
Хийўа тараш ҳәўли ме я …
Сыбай қонып татыў күйде,
Бир шынарға салдық уя.

Кеўлимиз де, арымыз да
Бир ғөректей ханаласқан.
Малымыз да, жанымыз да,
Қанымыз да араласқан.

Дийханшылық гүл жайнаса,
Теңизинде аў майлаған,
Шарўалары мал айдаса,
Шайырлары сөз айдаған, -

Жаңа турмыс қушағында
Шалқып атқан ел едик биз.
Абаданлық ошағында
От сөнбеўин тиледик биз.

Тойып секирип соң бирақ та,
Ҳәдден асып кетсек керек.
Бул әдиўли топырақка
Көп қыянет етсек керек.

Қайта қурыў айнасынан
Қарап көрсек өзимизди,
Жулдыз излеп ай қасынан,
Май басыпты көзимизди.

Нәпсимиз ашылып кеңнен,
Пейлимиз дым тарайыпты.

Енди мине өзгелерден
Излеп жүрмиз бар айыпты.

Бир-биреўге айып тағып,
Айтыс пенен өтермиз биз.
Дәрья еле толып ағып,
Жағысына қайтар теңиз.

Теңиз қашқан менен бизден,
Биз қашпаймыз үйимизден.
Арба жүрип кетер еле,
Иске өтип алсақ сөзден...

3

Жаратылыс әдил қандай!
Обал-саўап, инсабы мол.
(Сум болғанда адамлардай.
Тутар еди-аў басқаша жол;

Күшлилердиң ығын шалып,
Әззилерин қорлар еди.
Жақсысын өзине алып,
Жақынларын қоллар еди) ...

Жаратылыс әдил қандай!
Үлесерде байлықларын,
Анаң бөлип берген нандай,
Алаламай бөлген бәрин:

Биреўлерге асқар бийик
Таў берсе де жер бермеген.
Марал маңырап, ақша кийик
Жуўырғандай шөл бермеген.

Бир жерлер хош тәбиятлы,
Қырғаўылдың қанатындай.
Бирақ жемиси жоқ татлы
Гүлабы, тор набатымдай.

Биреўлер балыққа жерик,
Биреўлерде-Адриатик...
Биреўлерге жамғыр берип,
Күн бермеген жадыратып.

Ең бай еллер мүтәж ҳәтте
Боян тамыр, газли кәннен.
Японлардың «топырақ сат» деп,
Жалынғанын еситкенмен...

Сиз бенен биз мәкан қылған
Бул топырақта бәри-де бар.
Егин ексең өрре турған,
Шөплеринде дәри-де бар.

Нар қамыслы көллеринде
Ойнар сазан, бөргелери.
Жантағының гүллеринен
Пал жыйнайды ҳәррелери.

Кең жәзира даласында
Малына жай өрислерин.
Қара талдың саясында
Бир желпинип шай ишкениң...

Мийнетиң де, ләззетиң де
Басымыздан кеширгенбиз.
Жети ireңли сүўретин-де
Руўҳымызға көширгенбиз.

Тегин емес туўған топырақ,
Безе алмайды адам деген.
Терең тамыр урған дарақ, -
Ўатан деген, уатан деген!

4

Өзгермели дәўир деген,
Жерге де бир нәўбет келер.
Бизлер дүземеген менен,
Дүзеледи бул жер еле.

Келер өз ийеси оның, -
Жаңа әўлад - ақыллы жас.
Көп сөйлемес биздей болып,
Биздей осамаслық қылмас.

Жердиң қәдирине жетип,
Көтерисер төбесине,
Биздей өлерменлик етип,
Күл тартпайды көмешине...

Кайта қурыў кәбилети
Жер-анада мол болады.
Аз ғана жыл сабыр етиң,
Бул жер еле зор болады.

Зер қәдирнн билип зергер,
Сондай заман келген гезде,
«Ижраға аз-маз жер бер»
Деп жалынар дүнья бизге...

*Сентябрь, 1988-жыл*

**ҮМИТ АҒАШЫ**

Қыямай шың жарқабағында
Мақлук изи түспеген жерде,
Ағаш туқымы ҳеш бир ўағында
Жүрек етип өспеген жерде, —

Альпинисттей асылып тасқа,
Тамырлары таўға тырмасып,
Бойын созып жақты қуяшқа,
Өседи сол үмит ағашы.

Сабыр етер саратанға-да,
Даўылларға дәрпенбей қарап.
Төбеден тас қулағанда-да,
Мойымайды бул мықлы дарақ.-

Туў төменде жабайы тасқын,
Күни-түни гүрлеп ағады.
Ортекелер үстине тастың
Базда-базда ойнап шығады.

Күн түспеген жағы сарғайып
Жасыл дөнер күн түскен жағы.
Руўҳы түскенлерге ҳәрдайым
Мәдет берер үмит дарағы.

Өртенгенде ҳүждан азабына,
Басыма ис түскен ўағында,
Үмитсизлик жарқабағына
Кәўипли аяқ басқан ўағымда. -

Мен бараман оның дәргайына,
Дөңгеленип көзимниң жасы.
Сонда илажсыз жағдайыма
Илаж етер үмит ағашы.

Оның тик жар тасқа асылып,
Жалықпастан жасап турғаны,
Тәғдирге тән бермей бас урып
Жалынбастан жасап турғаны,

Сары уўайымның сарсығын
Айдап шығар кеўилханамнан.
Жасаў ушын шаршамайтуғын
Күш бергендей болады маған.

Нийетиң ҳақ, ҳүжданың таза,
Неге онша боласаң жалтаң?
Дүнья иси бәрҳа биймаза,
Үмит үзбе, үмитсиз-шайтан. —

Деп нәсият берип турғандай,
Кеңейгендей болар тар дүнья.
Қайтқан теңиз қайта толғандай
Толқып тасып аққандай дәрья

Көтерилип ийилген басым,
Сонда саған усағым келер.
О жапакеш үмит ағашы,
Сени көрсем, жасағым келер!

## «ПЛАХА» ИЗЛЕП...

*Шыңғыс Айтматовқа*

Ўай, енағар адамзат!
Өз исине өзи, ҳайран қалғандай.
Сумлық ҳәм илимди қатырып жумсап,

Бир плаха[1] соғып шығардық сондай...
Бир мүлик болды өзи айта қалғандай.
Турар ийесиниң күнине жарап,
Көрген жаға услап, тәўбе қылғандай.
Соғыў аңсатлыққа түспеди бирақ:
Қанша усынислар, даў ҳәм жәнжеллер,
Каншама диспутлар болмады пайда.
«Бетоннан соғайық» деди биреўлер,
Биреў айтар «НТР заманы қайда!»
Биреўлер дер: «болсын нағыз ағаштан,
Бетоның не? Аяң балтаның жүзин.
Басы шабыларда адам ҳәр қашан,
Тәбияттан бөлек сезбесин өзин...
Көп тартыстан, кейин шықтық аралап
Ағаш туқымы бар ҳәмме жақларды,
Ливан кедрлерин қырықтық жарғылап,
Саваннада уллы баобабларды.
Тайга қарағайын бийигин сайлап,
Әйдик еменлерди қыйратып шықтық.
Түбине зәҳәрли изей суў айдап.
Саялы гүжимди қуўратып жықтық.
Мине, таяр болды!
Планетаның
Орнаттық халық барар кең майданына.
Ҳәр ким алып барып оған душпанын,
Айбалтамды жуўсам дейди қанына.
«Жүр» деп бири-бирин зорлайды адам,
Зорлағаны менен бармайды адам,
Бирин-бири тутып жуп жағасынан,
Сүйрейди, қыйнайды, қорлайды адам...
Кимлер адамзатқа етсе жақсылық,
Екиншилер ислер оған шақсыйлық.

---

[1] *Плаха - өлим жазасына тартылған адамның басын шабыўға арналғак дүңке ағаш, қассаплар оны «жан ағаш» дейди, (И. Ю.)*

Исеним көпири қыйрап белинен,
Еки жағыс бир-бирине қақшыйды...
Жүрер жолларды да шықтық, миналап.
Басып алмайық деп оны абайсыз.
Ҳәр адым атқанда дизе қалтырап,
Жүрекке ас батпас, уйқымыз жайсыз.
Лекин жасаў зәрүр, жан деген татлы,
Мәжбүрмиз миналы жолдан барыўға.
Әжел қузғынлары қара қанатлы,
Таяр тур өмирге пәнже салыўға.
Жерде тиришиликке туўғызып қәўип,
Гүрсинер Невада, Семей шөллери.
Әжелдиң бинарлы урығын таўып,
Алғыс алар «илим пидәкерлери».
Уяға таласқан еки лашындай,
Адамлар аяўсыз бир-бирин жулар.
Подшипниги майланбаған машындай,
Астымызда жер ҳаўлығып айланар,
Ашкөзлер шанағы терең қурдымдай,
Байлық үстемликти аўсар бир тынбай,
Жуўҳаланып теңиз суўын симирип,
Нәпси өрбир шегирткениң қуртындай,
Жаўрап Миссисипи, Әйиў дәрьялар,
Жағысларын таслап қашады Арал.
Газге уўланған ҳиндлер қаңғырып барар,
Чернобльде таллар дир-дир қалтырар.
Ишип дәрьядағы зәҳәрли суўдан,
Жағыста қан қусып өлер негрлер.
Әжел қыснағына вертолет қуўған,
Қашып барар сайғақ ҳәм кенгурулер.
Пахтадан «ақ алтын» алыў қастында,
Зәҳәр шашқан самолеттиң астында
Баўыры шаншып, ыңырсыйды балалар,
Жолда өлип атқан торғайлар қалар...
Динамит жарылар, лайнерлер жанар,

Террорлар, мафилар - жаўыз ҳайўанлар,
Плахаға қарай айдап бир-бирин,
Яғный өзин-өзи қыйнар адамлар...
Ал, ол дүңке ағаш өлим шақырып,
Мудам қанға шөллеп турар деседи.
Бирақ сел жамғырлар өмир шақырып,
Ол ағаштан нарт шыбықлар өседи.
Сол нартлар жапырағын ылақлы ешки
Жеп атыр артынан келип арқайын.
Ол ағашқа келип отырар кеште.
Муўсапийт жолаўшы жүзи сарғайып,
Ҳәм үшкилсиз пишкен узын липасын
Сәл қымтап, ағашты сыйпап қояды.
Шырамыттым түсин, сақалын, шашын,
Ширкеўдеги сүўретлерге баяғы:
Қудды көктен түскен Ийса пайғамбар
Ҳаққында аңыз сөз түседи еске.
Сол деп параз етсек, ойлаған шығар:
«Азап пенен шегеленип крестке,
Асықпай өлгеннен мынаўың абзал.
Шарт үзилип түскен геллеңди көрип,
Есиңди жыйғанша кетерсең өлип.
Гераиннен тартсаң оның үстине,
Өлериңде жаның аўырмас және.
Не деген ннсанлық, мийрим-шәпаат,
Өсип қеткен екен ғой бул адамзат! ...»

Ал, дәрья бойында адамлар барар,
Өзи соққан мүликке ҳәўлирип қарар,
Ҳәр қайсысы өз басынан қәўип етип,
Билдирмей өз мойнын сыйпалап қояр,
Олар енди уллы дәрья бойында
Жаңа ойшылына жаңа заманның
Жүгиниўди нийет еткен ойында,
Ақылы киргендей ойсыз адамның.

Соншелли пейлинен азған бул инсан,
Сезген болса керек оянып ҳүждан:
«Кемеге мингенниң жаны бир» деген
Нақылды еслетип толқыр океан.
Жаўызлықтың мүлки сол дүңке ағаш,
Мүмкин нартлап, дарақ болар қайтадан.
Ақыл аспанында нур шашып қуяш,
Уллы ҳақыйқатқа жол табар инсан …
*Нөкис, март, 1988-жыл,*

**АРАЛ ЭЛЕГИЯЛАРЫ**

I

Суўы қумайтланған бир әзим дәрья
Руҳым арқалы ағып барады.
Демиккен ең сонғы балықлар онда
Есеңкиреп қалаш қағып барады.

Бурқып аққан ылай суўда сайранлап,
Дәрьядан теңизге булқынып ойнап,
Еркин түсер еди. Жоқ енди ол ўақ,
Суўы кесилген соң нағып барады?

*     *     *

Муз түсерде туўлап ол ҳасыл балық,
Қызыл суў теңизге гүўлеп жеткенде,
Дәрьяның көп узақ өрине барып,
Ўуылдырық шашар еди көклемде.

Гүмис шабақларын дурлетип айдап,

Көк теңизге келер еди масайрап…
Енди ҳәлден тайып, жигери қайнап,
Теңиз тәңирисинен мәдет күткендей.

*      *      *

Теңиз тәңириси жоқ. Бар болғанда да,
Бәлки бул жағысты умытар еди,
Сайран етип алыс океанларда,
Бизге деген кеўлин суўытар еди.

Үлкен хожалығын жиберип ходқа,
Мүмкин өтер еди хозрасчетқа...
Бир “көл” қурыды деп ким берер сотқа?
Көлденең табысқа қуныған еди …

*      *      *

Тубаласа иркип күшли ағысын,
Дәрьялар теңизге жете алмас екен.
Теңиз таслап өз мәңгилик жағысын,
Тағдирине илаж ете алмас екен.

Балық ойнар шалқар суўдың тусында,
Теңиз алып кеткен балық, қусын да.
Адамның ең әззи жери усында:
Өз ўатанын таслап кете алмас екен.

*      *      *

Суўға не? Бәри бир қайда толғанда,
Жаңа жарысларды жатырқай билмес.
Қай жерде суў болса, шағала сонда,
Қырғақтың қымбатын қәдирлей билмес.

Қалса оның туўған жери қала ма,

Муҳаббаты, жаслық өмири қала ма,
Ата-бабасының қәбири қала ма?
Инсандай сағынып қәдирлей билмес ...

*    *    *

Қумшаўыт жағыста ойға таламан,
Шаңғыт көз аштырмас, жүзиң көринбес,
Ески ултан менен кетип бараман,
Қайырылсам, артымда изим көринбес.

Кемелер қаўсаған қайырда тозып,
Көрсең жүрек сызлар, дәртлериң қозып.
Қанша қарасам да мойнымды созып,
Көз ушында көк теңизим көринбес.

*    *    *

Ҳәзир дәркар емес маған той-байрам,
Аўлақ жүрип қыял сүргим келеди.
Бул апат ислерден ақыллар ҳайран,
Себеплерин серлеп билгим келеди.

Тасыўдан аўыллар жаўраған гезде,
Бурын қурбан берген дәрья, теңизге.
Қайтып берер болса Аралды бизге,
Жанды қурбанлыққа бергим келеди.

*    *    *

“Зәрредей пайда жоқ сениң жаныңнан”
Деп күлгендей гүўлер дузлы самаллар.
Гүзги кун сығыраяр асырлып шыңнан.
Тамыры жалаңаш жатар томарлар.

Кеше толқып жатқан қайырды қара!
Қанлы урыс болғандай қып-қызыл сора.
Бир ғарры үш ешки менен аўара,
Алыстан аўыз суў тасыр ҳаяллар.

*     *     *

Той тарқаған алаң яңлы әтирап,
Жағыста аўыллар жетим қалғандай.
Суўсыз балықшының иси патырат,
Кемеси көшкисиз кетип қалғандай.

Алыс океанның балығын аўлап,
Траулерден төгип, поездлар жаллап,
Сол “алтын балыққа” ислер комбинат,
Жүзди сарыплап, бирди пайда кылғандай.

*     *     *

Соныңдай мәрт еди бунда адамлар,
Даўыл ҳәм толкында сымнан өткендей.
Хош кеўилли, еден еди адамлар,
Бекире кеспелеп қонақ күткендей.

Қыста муздан-музға секирер еди.
Даўылда көк толқын өкирер еди.
Шадлығын, руҳын, бекирелерди
Енди бәрин биреў урлап кеткендей.

*     *     *

Сабыр-тақаты жоқ, шурт минез болған,
Кимлер өз елинен шығып баратыр,
Кимлер Сары камыс дей ме, қайлардан
Балық излеп, азап шегип баратыр.

“Таслап ата мәкан Урге, Шегеңди,
Қоңыратқа барыл салы ек енди”.
Қайдағы бир Поладзада дегенди
Және әлле кимди сөгип баратыр...

II

Бир мәрмер дача тур гөне жағыста,
Кешки жолаўшының қыялы яңлы.
Алтын пляж еди бул аўлақ туста,
Перуза аспанлы, мәрўерит таңлы.

Шөлдиң саратаны ҳәўирли ўақта,
Не адамлар келер еди қонаққа.
Көк толқын еркелеп аппақ аяққа,
Бейиштиң бул да бир тымсалы яңлы.

*     *     *

Ҳәмелдарлар жутып бейиш ҳаўасын,
Бунда дем алыўға көп келер еди.
Арнаўлы самолет, ҳәңлеген машын
Сыйлы қонақларды жеткерер еди.

Хрусталь жамларда шайқалып шарап,
Салқын шардәреден теңизге қарап.
Ханымлар шөллесе “боржомий” сорап,
Ханның қызынан-да өткерер еди...

*     *     *

Рәҳәтли күндиз, пайызлы ақшам,
Сүңгип шыққаныңда салқын суў қандай!
Бес күнлик дүньяға қутлы қонақсан,

Сезерсең енеден қайта туўғандай.

Бийсәўбет адамдар келе алмас еди,
Не болып атқанын биле алмас еди.
Күни кеше ғана бул ырас еди,
Енди көрген түстей, таңғы думандай.

*      *      *

Бирақ бул тус емес, болды ҳәммеси,
Жақсылық-жаманлық шабырсып кетти.
Даңқ, дүнья ҳәзликке көп аўып еси,
Ағамлар дурыс жолдан ғабырсып кетти.

Дәслеп хызмет еткен болды берилип,
Кем-кем кисилиги тутты керилип.
Ақырсында минген музы бөлинип,
Сең жүрер алдында абыржып кетти...

III

Не ғәлетий дәўир! Адамыйзатқа
Жақсылық ушын жан аямас заман.
Бир жағынан өзин айдап апатқа,
Аяғы астына қарамас заман.

Ақыллы, билимли, сумлықлы, сада,
Көк тыйыны түссе, болардай гәда.
Көз алдында көк теңизин жойтса-да,
Жуўабын ҳеш кимнен сорамас заман.

*      *      *

Мийрибанлық жас сорғалап бетине,
Уядан бир мәйек алмаған заман.

Жерик болып аққуў қустың етине,
Сыңсыўына қулақ салмаған заман.

Ҳәр қызғыш өз көлин қорыр бул ўақта,
Ҳәр ким мурап өзи суў ишкеп жапқа.
Бир сайғақты тиркеп “қызыл китапқа”,
Мың кийиктиң басын жалмаған заман...

*    *    *

Я инсан, адамлар не деген дана!
Ўәжлескенде бир-биринен өткерер.
Жәбир көрип атса тәбият-ана,
Сөйлеп-сөйлеп сөз тарашын жеткерер.

Биреўлер - ийеси мийримли жүздиң,
Биреўлер - ийеси тойымсыз көздиң.
Биреўлер - қурыўын тилеп теңиздиң,
Соннан ләззет алып, сулыўлық көрер …

IV

Гүрсинген ҳаўазың тур қулағымда,
Көз алдымда ақшам жарға урғаның.
Жадырап күн шығып, жел басылғанда,
Қыз минезли жуўас болып турғанын.

Таўлар шөгип, жерге кирмеген шығар,
Жулдызлар ҳәм бирден сөнбеген шығар.
Дүнья ҳеш ўақта-да көрмеген шығар:
Бир майданда теңиз қурып қалғанын...

*    *    *

Хош, теңиз, сүйиклим! Жаралы жандай

Өлим ҳалатында урасаң ҳаллас.
Мениң қайғым амфибия - адамдай,
Сенсиз қырда жасап саўа бола алмас.

Сени сум әжелге еткен гирипдар
Үш жаўыз қылмыскер еле-де жасар.
Ҳеш ўақ қолға түсип, сотланбас олар,
Ҳеш прокурор оған айып тағалмас.

* * *

Ол үш жинаятшы арамызда бар:
Бири-бийпәрўалық медузалары.
Гилкилдеп толкынсақ бетинде жатар,
Муздай суўык жәнлик, жоқтай ҳазары.

Сездирмей денеңди жаралар әстен,
Гүлшанларды басар соралар әстен,
Теңиз қурып, дәрья тубалар әстен,
Онда болмас мийрим, ҳүждан азабы.

* * *

Ол үш жинаятшы санамызда бар:
Бири-өзимшиллик, тәккаббыр жар тас.
Аяғына бас урса да толқынлар,
Турар ызғарланыл, жүзин жылытпас.

Шортан шабақ көрсе, жутпаға тайын.
Шортанды да бирақ қуўалар жайын.
Өзинен зор шықсаң ғана ағайын,

* * *

Осал келсең, капталына жуўытпас …

Ол үш жинаятшы арамызда бар:
Бири-осамаслық, ой жоқ басында.
Пайда ҳәм даңқ ушын кесиўге таяр
Өзи миннп турған тал шақасын да.

Тек бүгинги табыс - ең бас әрманы,
Келешек - олардың бийпул қурбаны.
“Бизден соң суў бассын мейли дүньяны”
Деп жазар олардың қәбир тасына...

V

Бул үш қылмыс қамалларын бузыўға
Адамзат бир зор атланыс қылажақ.
Жаңаша ойлаўдың күни қызыўда,
Шынлық толқынлары ҳәўиж алажақ.

Басқа менен урысып үйренген Адам
Өзине урыс ашар, байрағы - ҳүждан.
Бул, шайыр айтқандай, “барлық урыстан
Уллы ҳәм бирден-бир урыс болажақ”.

*      *      *

Ҳуждан азабында өртенип адам,
Перзент анасынан кеширим сорап,
Мийрим сүти сонда ийип қайтадан,
Теңиз болып толқыр ана-тәбият.

Хағлап қудайымның дәрьялары-да,
Тоғайлар маўжырап тыныш таңларда,
Теңиз еркелер өз жағысларына,
Сен ҳәм биз ол тойда болмаймыз бирақ...

*Апрель. 1988-жыл.*

## ҚЫЙЫН ҲАЛ

Бүгин Әфәндини ушыратып жолда,
Арбаға сүйенип, бийилаж ҳалда—
Отыр, питкендей бар имканияты.
Жол батпақ, узақта отлап жүр аты.

— Әссалам алейкум, ҳай дана бабай!
Бул отырыслар сизге жараспас сирә.
Егер сиз уўайым шексеңиз булай,
Не ҳалға түспек бул кеўилсиз дүнья!...

—Туўры, еплер едим исти бәрҳама,
Бүгин ақылым жетпес бир машақатқа:
Атты әкелемиз-бе әўел арбаға,
Яки алды менен арбаны—атқа?...

Сондай, "сөз бенен ис бирлиги" десең,
Базы басшы бас қатырар бул гезде:
Әўел сөзди иске апарсақбекен
Я исти апарыў керек-пе сөзге?...

*Октябрь, 1987*

## ҚАЙТА ҚУРЫЎДЫҢ БАЛЛАРЫНА

*("Сәлем, Демократия!" атлы қосықлар дүркиминен)*

Бюроның аўзында қустай дизилип,
Отырғаныңызды көргенмен талай,
Заман өзгериси айқын сезилип,
Толқып атты бөгетлерди тыңламай.

Атың хаттан шыққанда ҳәр бириңиз
Қызық албыраған жаслық түриңиз,
"Қайта қурыўдың өз адамлары бар"

Деген сөзге терең мәни бериңиз.

Сиз атқа миниўди ойламағансыз,
Ҳәмел ышқында жан қыйнамағансыз,
Еле дақ түспеген анкетаңызға,
Ҳүждан менен "шыртым" ойнамағансыз.

Тиллер мүки емес, көкирек өскин,
Жатқан жолбарысты үркитер сестиң.
Сиз боласыз деди жас белсендиси
"Қайта қурыў" деген уллы гүрестиң...

*   *   *

Елимиз ел болды қүдиретли қорған,
Даңқ, абырайы асқар таўдай нурланған..
Бирақ азкем мақтаўдан бас айланып,
Лийкинимиз болды тубалап қалған.

Буўған белди шештик, шалғай салынды,
Мийўа ағашы марапатқа малынды.
Кеўил қәтиржамлық шербетин ишип,
Ҳақыйқатқа барар жоллар тарылды.

Басшы деген көплер жоғалтты басын,
Сүрди хошеметтиң сәмен жорғасын.
Барларды асырып, жоқты жасырып,
Қашықлатты ис пенен сөз арасын.

Еңбексиз табысты емсе қай киси,
Шынлық шөжелерин алды шай қусы.
Станок жанында шийше жумалап,
Босап кетти интизамның гайкасы.

Қосып жазыў менен жоқты бар қылды,

Жер бузылды, ағын суўлар саркылды
Тәсил—ҳийле, пара, ағайиншиллик
Ел тәғдирин чай үстинде ҳал қылды,

Жаман екен инсап кетсе адамнан,
"Негатив" термини оянар соннан.
Аңламапбыз, арадағы дастүрхан
Айланып жүр екен ҳәтте миллионнан...

Паналап нызамның полат қалқанын,
Парахор юристлер сүрди дәўранын.
Заң-законның көзин таңып жетелеп,
Шәймий еткен екен, байлап зибанын.

Кағазда саз, турмыста аз табыстан,
Расгөйлик узақласып жағыстан,
Ўәделер шайылып, исеним кемип,
Көз шаршаған еди сулыў нағыстан.

Ашыўланған халық ленинлик ақылды
"Буларды тәртиплеп бер" деп шақырды.
"Биз дүньяның тирегимиз" дегенлер
Қәпелимде болды улы—тапырлы...

*     *     *

Минберлерден тоты қустай сайраған,
Қурғақ ўәде, ҳийле ишин жайлаған —
Қағазларды столлардан ушырып,
Апрель самалы кирди айнадан.

Самал кем-кем пәтке мине баслады.
Гүркиреди демократия аспаны.
Қүдиретли даўылы қайта қурыўдың
Ғәрремлик шатырын жулып таслады.

Хошамет сазлары тынды намасыз,
Қызыл сөзлер қалды овациясыз,
Ал усы басланған жаңа дәуирдиң
Туңғыш атшабары сизлер боласыз.

Тарқатып сәббели салтанатларды,
Жаслардан жетилтип қол-қанатларды,
Жаңа заман өзи зәңгиңди басып,
Тартты алдыңызға жүйрик атларды.

Атланып кеттиңлер аўыл-қалаға,
Изейкеш тубалап жатты арада,
Биразлар қарады тақымы толмай,
Өткел излеп жүрген нәўше балаға.

Билгишлер сөйледи алдынан орап,
Ийкемшиллер ыңғай жабын жағалап,
Аяқларды кағып гөне шөңгелер,
Жағымпазлар жылпылдады "аға" лап.

Сыншылар сығалап көздиң астынан,
Айғыр орнын басар-ма деп жас ғунан.
Ағасына арқа сүйеп өскенлер
Онша мисе тутпай қарады оған.

Ҳәмел ҳәзлик еди кешеги ўақта,
Бир мезгил жумыста, бир мезгил бақта
Процент толмаса, қәлем ушында —
Кетер еди атыз көрмеген пахта.

Шыйрылыўға салып басларыңызды,
Тыныш жегизбей жүр ас-наныңызды.
План қысыўмети, халықтың талабы
Ағартажақ қара шашларыңызды.

Үйи тарлар тепсеп жай талап қылар,
Дүканда сүт ҳәм ет, май талап қылар.
Арзагөйлер айландырып ЦК-дан
Шағымларын тынбай қайталап турар.

Бетон мал қоралар муздың ығындай,
Бәри бийғам, көшип кететуғындай.
Жайрап атыр техникасы тат басып,
Бийдәўлет баланың хожалығындай.

Жанға тийер жайбасарлық баяғы,
Қайда екен истиң басы-аяғы?
Кетеме деп партбилетке дақ түсип,
Базда дизең қалтырап-та қояды.

Түрли саққа жүгиртип ис усылын,
"Хожалық есабы", "пайда-түсирим",
"Кесип алып ислеў" — ... жаңа термин көп,
Талабы Коллектив деген кисиниң.

Барлық исти нық бағдарлап жаңаға,
Маўасасыз гурес барар арада.
Көш дүзелип, ис журисип кетсин деп,
Ат шаўып жүрсизлер аўыл-қалада.

Бойыңызда жаслық ғайрат-күшиңиз,
Жетик билим, толы ақыл-есиңиз.
Халық қуўатлап, көпшиликти қуўантар
Таза сиясатқа сәйкес исиңиз.

Лекин ҳәзир ҳәр ким ойлағанларын,
Айтыўға ҳақылы байқағанларын.
Базда бройлердиң өзи болсақ-да,
Бәри шөже болмас шайқағанларың.

Планды тартпай тур ҳәзир ҳеш дақыл.
Сондай бизде-де жоқ аўысық ақыл.
Жәрия қылмай жәриялылық тусында,
Сезгенимди айтсам, болмас намақул:

Биразыңды журт мақтасар патлы деп,
Билимли, әдепли, инабатлы деп,
Айтқан сөзи қорғасынлы сақадай,
Истиң көзин таныр, әдалатлы деп.

Биразыңды жорыйды журт маманға,
Бундай басшы жоқ еди бул таманда,
Қайта курмақ ушын бузық дүньяны
Арнап туўған дейди усы заманға.

Енди биреўлерди тезпаз деседи,
Ис ҳәм сөздиң бирлиги аз деседи.
Берекетли өзгерис жоқ келгели,
Билгени қәдимги қағаз деседи.

Биреў ағайиншил — туўмалы десер,
Жам қыстырмай атып бурқ етип көшер.
Десер биреўлерди: сәл минин айтсаң,
Бәрҳама кек тутып, кейниңе түсер.

Бири сез бериўге шебер деседи,
Ўәдесинен аңқаң кебер деседи.
Биреў адамларды жақтырмай қалар,
Жаңа пикир айтса егер деседи.

Биреўлер жыйналыс қумар деседи,
Узақ күн мәжилис қурар деседи.
Журт айланып тек тыңлаўшы қулаққа,
Өзи сөйлеп, өзи тынар деседи.

Буның қайсысы дурыс, қай сөзи жалған,
Айтыў қыйын бизге жобалап алдан.
Бирақ "шөптиң басы самал болмаса,
Қыймылдамас" деген нақыл сөз қалған.

"Критикадан қалас жан жоқ" десе-де,
Кеўли толмай, иши гүбирлесе-де,
Журт басшының көзге айтпаған минин
Айтысар жумыста, үйде, көшеде...

Ҳәзир журт билеўик сиз бенен бизден,
Ишиңдегин айтпай атырып сезген.
Ығыр болған узақ жыйналыслардан,
Регламент түспеген жуўмақлаў сөзден.

Журт сондай жалыққан қағазпазлықтан,
Ўәделерде опадарлық азлықтан.
Исенимлер кемип айтылған сөзге,
Тәсири жоқ лозунглар сазлықтан.

Ең жаманы — тыңлап үйренбегенбиз,
Журт пикирин сыйлап үйренбегенбиз,
Барған жерде малды, пахтаны сорап,
Адамларды сорап үйренбегенбиз.

Ең жаманы — уран таслап улыўма,
Үйренгенбиз гүўлеп шаппат урыўға.
Барған жерде тек басшыға жолығып,
Аттың басын дача бетке бурыўға,

Халық иследи төгип маңлай терлерин,
Табысына өрмекши қурды өрмегин.
Басшы жүрген шаңлы жолға суў серпип,
Аралатар еди пахта жерлерин.

Ең жаманы — бурынғының байындай
Нәпси менен ҳәзликлерден тайынбай,
Басшы болған есабынан халықтың
Өз үйин сазлады хан сарайындай.

Халық қуўатлап енди өзгерислерди,
Жаңадан қыздырар гүллән ислерди,
Сизлер—перзентлери қайта қурыўдың,
Оятың буйыққан жаңа күшлерди.

Жаңа дәўир хызметине тақ турып,
Ақыл-санамызды қайта жақтырып,
Жайнап турсын таңғы қуяш нурындай,
Уллы мәртебели Адам факторы!
*Февраль, 1988-жыл.*

## ҲҮЖДАН МОНОЛОГИ

Ошақта от пәсейип,
Қоз ғыжлаған ўақтында,
Кел, кеўлим, гәплесейик,
Жаңа заман ҳаққында.
Алдымда жатқан пышық,
Кет десең кетер түсип...
Отырайық сөйлесип,
Жақсы-жаман ҳаққында.
Айта салынған мәзи,
Бул сөзим емес ҳәзил,
Гәп көбейип тур ҳәзир
Инсап, ҳүждан ҳаққында.
Пышықтай епшил ҳүждан,
Талап етип басқадан...
Жүрсек керек қәтиржам
Ойлап дәўран ҳаққында.

Көп ўақтан бери адам
Өзи өзинен мудам
Жөнли есап алмаған
Ҳадал-ҳарам ҳаққында.
Өзин екиниң бири
Журттан санайды ири.
Аз ойлайды өз кирин
Жуўар ҳаммам ҳаққында,
Биз ҳәм сол тайыпадан,
Ақыл айтамыз мудам.
Айып излеп басқадан,
Жазып ҳүждан ҳаққында.
Дәнсиз ғумша байладық,
Көп қағаз шыжбайладық.
Тоты кустай сайрадық,
Жақсы—жаман ҳаққында.
Дәртлиге дәртлеспедик,
Ат белинен түспедик.
Хошеметке иследик,
Пахта план ҳаққында,
Гүл жөнинде көп жаздық,
Мал жөнинде көп жаздық,
Сөзимиз етер азлық,
Нағыз инсан ҳаққында,
Енди ашылып көзлер,
Ҳәр ким ҳақыйқат излер,
Өтпес көпирме сөзлер,
Қурғақ уран ҳаққында.
Шынлық деген жолбарыс,
Жанып көзлери паныс,
Келер соқпақтан таныс,
Ойладым жан ҳаққында.
Қашсақ соннан бурылып,
Шайырға жоқ тирилик,..
Қараў лазым тигилип,

Жанық аман ўақтында.
Алдымда жатқан пышық,
Өзи бийҳазар ысық,
Жолбарысқа туўысып,
Ойлар тышқан ҳаққында.
Сол айтқандай, шайырлық
Айбатынан айырлып,
Жалтақ-жалтақ қайырлып,
Сайрар жалған ҳаққында,
Өңкей дәрти жоқ шайыр,
Уйқас жолында сайыл,
Китап шығарса қайыл,
Ойлар шырўан ҳаққында...
Ғыжлап турған ошақта
Қоз-да сөнер тез ўақта.
Сөйлесейик аўлақта
Инсап, ҳүждан ҳаққында.
*Февраль, 1988-жыл,*

**ДЕСЕДИ…**

Синоптиклер болжар мәўсимди алдан,
Көбинше дәл келер оның есеби,
Бирақ журт билеўик базда олардан,
Быйыл бәҳәр кеш келеди деседи.

Алып баратырған аяз жоқ, бирақ—
Шопан қойын жаймас қыслаўдан жырақ,
Билмеймен, болжай-ма жулдызға қарап,
Быйыл бәҳәр кеш келеди деседи.

Ай да шалқасынан туўыпты жүдә
Оймаўытлы муз абыржы дәрьяда.
Қарғаның қарлыққан даўыслары-да:
Быйыл бәҳәр кеш келеди деседи.

Мен айтаман, мине март кирип келер,
Дәрьяда ен соңғы муз жүрип келер.
Сонда да өзлерин қуплап билгишлер,
Быйыл бәҳәр кеш келеди деседи.

Айтар олар, шайыр, сен не билесең,
Күн жылт етсе, жаз шықты деп күлесең,
Суўықтың әкесин еле көресең,
Быйыл бәҳәр кеш келеди деседи.

Арқадан еседи аязлы самал,
Адамзаттан енди суўысқан Арал.
Енди кайтып келмес кеткен тырналар,
Быйыл бәҳәр кеш келеди деседи.

"Жазы салқын келди, егленди бәҳәр.
Соннан бежерилмей қалды планлар".
Деп сылтаўлаў ушын бираз ағамлар,
Быйыл бәҳәр кеш келеди деседи.

Гәп көбейтип қайта қурыў жөнинде,
Жыйналыспақ жақсы қыстың күнинде.
Оқыўшыны қуўыў ушын теримге,
Быйыл бәҳәр кеш келеди деседи.

Ҳүким сүрер ҳәр пасыл өз тусында,
Бәҳәрди сағынар адам қысында.
Мен узақ тоңлаўым ушын усында,
Быйыл бәҳәр кеш келеди деседи.

*Февраль, 1987-жыл.*

## СЕГИЗИНШИ МАРТТАН БИР ҲӘПТЕ АЛДЫН ЖАЗЫЛҒАН ҚОСЫҚ

Кел, отыр қасыма жақынлап, жаным,
Мақул телевизорды-да ашпасаң.
Қыбырлысы питпес үйдиң, дүньяның,
Жумыс қашып кетпес, өзиң қашпасаң.

Бул бир кеше болсын дем алатуғын,
Жанға тийип кетти "ўарра-ўарра" лар.
Үшинши жыйналыста отырып бүгин,
Сен туўралы жазған қосығым-да бар...

Сөйле, не айтсаң-да қулағым таяр,
Ротарудың кассетасын таптың ба?
Ҳаяллар дүньясында не жаңалық бар?
Теккерейдиң соңын оқып шықтың ба?

Қайғырма тапсам деп моданың бабын,
Өйтсең жыйрық түсер гүлдей жүзиңе.
Оқыўшыға болсын жазған китабым,
Барлық гонорары—тек те өзиңе...

Мине, бир ҳәптеден байрам да келер,
Бул сениң байрамың,—гүллер байрамы.
Ҳәзир көп жигитлер, көп мәкемелер
Еплеп байрам өткизиўдиң ҳайраны.

Қутлықлаўлар болар, дүканлар толар,
Сүтлер—очередсиз, тортлар—мазалы.
Байрам өткеннен соң тым-тырыс болар,
Тарқағандай ярмарканың базары.

"Зеленстрой" бар планға шебер,
Қыс түўе, жазда-да гүл шықпас оннан.

Баку, Душанбеден келген саўдагер
Бир қәлемпир гүлди сатар үш сомнан.

Шүкир ол гүлдиң-де табылғанына,
Қайсы дүкан тәүир қайсы көшеде?
Ҳәзир биз аламыз тек айтқанына,
Жарты жыл айлықсыз қалдық десе де...

Бүгин қысынамыз иштен уялып,
Сөзди иске жеге алмағанлықтан.
Мәрмер сарайлар ҳәм дачалар салып,
Оңлы бала бақша салмағанлықтан.

Үй ҳәм бала-шаға, мийман күтиўлер,
Ҳәммесин ҳаялдың мойнына артып,
Қонақ пенен қонақ болып кетиўлер,
Қайта қурыў сүймес бул гөне тәртип.

Жақсы болар еди тыйылса бәри,
Бийдәўлетлик, ўарқ-шарқ басын жалмаса.
Саўылып жарыспақ қуўыў базары,
Өсек айтыўға-да ўақыт қалмаса.

Сөз бенен ис бирлессе бул жерде-де,
Бир бағдарда шаўа бермей атларды.
Қайта қурмақ керек кеўиллерди-де,
Еркек ўәде, жалған муҳаббатларды.

Көпшигинен феодаллық бегликтиң
Өңменди көтерип қарасақ егер,
"Ҳаял-қызға ҳүрмет" деген жөгиликтиң
Пердеси артынан бәри көринер.

"Байрамымыз жоқ" деп еркек налымас,
Март киятыр десе қуўжыңласамыз.

Байрам дастүрқаны жыныс айырмас,
Саўлығыңыз ушын шалқып йошамыз...

Айтсақ, толып атыр гәп етер жери.
Мейли, бүгин дем алайық жөнине,
Арзымас дүньяның сәпсетелери
Сен ўақтың хош болып бир күлгениңе.

Кел отыр жаныма, сөйле бахыттан,
Муҳаббатсыз бүлбил сайраған емес.
Ҳаял-қыз шад болмай, ҳеш бир ўақытта
Ҳеш бир жерде турмыс жайнаған емес,
*1987-жыл, 23-февраль.*

## ШЫМБАЙ ЖОЛЛАРЫНДА

1

Өмир бойы усы жолдан келемен,
Атлы, жаяў, машиналы, арбалы.
Қосық жолларындай яддан билемен,
Ой-шуқырын, көпирин, жап-салманы.
Анам талай катық сатқан қалаға,
"Арқала" деп көп қыңырлық қылғанман.
Усы жолда ерип жүрип анама,
Бир желинген таға таўып алғанман.
Анам сонда алдастырып, жетелеп,
Айтқан: "әне, несибели баласаң,
Шаршамастан жүре берсең ентелеп,
Тағадан соң ат-та таўып аласаң. . ."
Сәл иркилип саясында ақ талдың.
Анам жаптан суў ишкизди қол менен.
Тесигине жип өткизип тақ нәлдиң,
Кеттик жүрип үйреншикли жол менен...
Бир жийрен ат енди кеше түсиме,

Болдырған ол, бир күтимге зармекен?
Жалы жатқан, түссе керек тиси-де,
Сол тағасын жойтқан жаныўармекен?...

2

Анам айтты: "әкет мынаў пышықты!
Үш шөжени жеди жаўыз уялмай,
Мынаў үйдиң сүтин урлап ишипти,
Урлық етер аўлақ болса қыялдай.
Қалтаны ҳеш ашпа жолда, уқтың-ба?
Бар апарып тасла буны қалаға!..."
Қалтаны арқалап үйден шықтым да,
Киятырман жалғыз қула далада.
Қаладағы мектебиме жаяўлап,
Асығаман сабақтан кеш қалмаўға,
Арқамды ол тырнар базда мыяўлап,
Ҳақым жоқ анамды бирақ алдаўға,
Завод шарбағында таныс тесиктиң
Аўзында қалды ол изимнен қарап.
Мыяўлаған даўысын көп еситтим,
Артыма қараўға қорықтым бирақ...
Муғаллимлер сөйлер, тәнепис шуўлар,
Бир де сабақ қонар емес мийиме.
"Мыяў-мыяў" десер ҳәмме даўыслар,
Отыра алмай кетип қалдым үйиме.
Завод шарбағынан үңилип ишке,
"Пишимлеймен", шақыраман, жылайман.
Аўқат-та жемедим сол күни кеште,
Қайда түнеп жатыр ол деп аяйман.
Түслеримде жуўыраман зырылдап,
Тап биреўдиң қуны бардай мойнымда.
Бир оянсам, тарғыл пышық пырылдап,
Күндегише жатыр екен қойнымда. ..

3

Дойнақлар буркытып шаңды,
Өткен талай заманлары,
Көп желпиген пешанамды,
Усы жолдың самаллары.

Базда желпип әстен-әстен,
Базда сәўир болып ескен,
Базда уйтқып өршелескен
Бул жоллардың самаллары.

Кең дүньяға ашып көзди,
"Жүрген—дәрья" деген сөзди,
Журиўге үйреткен бизди
Шымбай жолдың самаллары.

Кеўил гә заўқы-сапалы,
Базда қайғылы-қапалы,
Дәртли кеўлиме шыпалы
Усы жолдың самаллары.

Гүмбирлеген дуўтар сазы,
Казы Мәўликтиң баязы,
Аббаз шайырдың ҳаўазы —
Усы жолдың самаллары.

Кегейлиден йошып өтсем,
Тәрийпи көп қосық етсем,
Бир дилбарға ашық еткен
Усы жолдың самаллары...

4

Жатырсыз ба, қарабарақлы кебирлер!

Әлҳаббиз сизлердиң шыдамыңызға!
Өзгерсе-де қулазыған небир жер,
Сиз еле тобарсып, қанбайсыз дузға.
Ҳәмме жерде егис гүлленип кетти,
Сен қашан гүллейсен, Өтениң соры?
Небир қийме тазлар емленип кетти,
Сен еле баяғы ашыўға толы.
Асфальтлар былқылдар сеннен өткенде,
Заман өзгерсе-де өзгермейсең сен.
Саған "жер болма" деп дуўа кеткен бе,
Ийгиликли истен безгендейсең сен.
Гүпшеклеп арбаны, соңыра-машынды,
Ашшы батпағыңды сызғанбыз жаста.
Қашан еритесең ашыўдасыңды?
Я шәртнамаң бар-ма ыссы қуяшта?
Я сен адамлардан аразлымысаң,
Жер қәдирин, суў қәдирин билмеген?
Осамаслық истен ғәрезлимисең,
Бойыңдағы ғәзийнени көрмеген...
Я сен айтасаң-ба: "Саўмысаң өзиң...
"Ана-жер" деп қосық жазған боласаң.
Не болып атқанын көрмей-ме көзиң?
Нақыл бар: не ексең, соны орасаң...
Атызыңда қыста ойнап сырғанақ,
"Айланба қашылап" суўды урасаң.
Бир жыллық табысқа бәрин бурмалап,
Изей суўға қуўанып қол жуўасаң.
Дийхан—жерге, жер—дийханға жатласып,
Қоллар суўығалы жер ҳәм суўысқан.
Көлденең табыстан көзлер атласып.
Жер-ғәзийне гилти түскен уўыстан.
Ол гилт кимге табыларын билмедим,
Бул барыстан бәри бизге қалажақ.
"Қарақалпақстаным" деп жүргениң,
Көп узамай "Кебирстан" болажақ...

5

Жүр, жолға шығайық! Мен енди болдым.
Мейли биз туўралы айтсын ким нени.
Шаңлы самаллары бул гөне жолдың,
Билемен, сергите алмайды мени.
Сөйтсе де бул жол деп кеўлим тарынған,
Қайтар жол жоқ бизге усыдан басқа.
Министен қалғанда айдап салынған
Ат өз отлағынан кетпес алысқа.
Сондай мен-де аңсап өз суўатымды.
Ҳәр кешип өткенде бир жасар едим.
Асықпай суўғарып турып атымды,
Аўыл көринисине сырласар едим.
Ол енди изейкеш, тартпас аяғы,
Жерлер кебир ашқан, қуўраған бағлар.
"Гигант" малхананың бетон шарбағы
Аўзында гүйбеңлер бийтаныс жанлар.
"Ҳармаң!" десем, үнсиз олыйып қарар,
Жолаўшы не дәркар, малы турғанда.
Жумысқа қаладан қатнайды олар,
Аўыл халқын жақтырмайды булманда...
Өгейсимеспекен жатырқап жаттай,
Малхана артында өскен терегим,
От жеген жерине асыққан аттай,
Неге сонша ҳәўес оған жүрегим?...

6

Жақсыям, сен барсаң жанымда мениң,
Өмирлик жолдасым—илҳам периси.
Бул жерде шайырлық таңымда мениң,
Сениң қалыс ықласыңа ерисип,
Туңғыш муҳаббаттың сазын бердиң сен.

Есле суў бойында сол қос теректи.
(Қайталап кеттим-бе? Алпыс жас деген
Мемуар майданы болса керек-ти...)
Соннан берли бул Кегейли арнадан
Қанша суўлар ақты қамыс тербетип,
Не түрли дәўирлер кешти арадан,
Бирге таттық поэзия шербетин,
Ақ қағазға қара қәлем сыздырып,
Ышқыңда сергиздан жүргиздиң бизди.
Көркиңе көплердиң көзин қыздырып,
Үлкен мәжилислерге киргиздиң бизди...

7

Жолға шықты шигит тийеген машын,
Оған минген адам, айтсам ырасын,
Бахытқа бөленер еди ол ўақта,
Астың шигит емес, бир мелле пахта.
Меннендағы арық, бир жүдеў адам
Сол машында жолдас болды ол маған.
Қосық айтар, жылар, өзинше кулер,
Базда әжеп тәўир саўаллар берер.
"Муғаллиммен дейсең, болады жигит...
Мен де қайттым академия питирип..."
Деп аўнар былқылдақ шигит үстинде,
"Қара қой" қосығын ыңылдар ҳәм-де.
Сорар "ким шығарған бул қосықты?" деп,
"Избасар Фазылов" десем, күлимлеп,
Изинше тасалап сүртер көз жасын
Ҳәм ыңылдар сол бир сүйген намасын.
"Қой, айтпа, ол өлген. Халық душпаны ол…
Мен оны билемен бала гезден сол.
Аўылда қой бағып, көп жеген таяқ.
Кеңес ҳүкимети жетимди аяп,
Интернатқа алып, тәрбия еткен,

Шайыр болып даңқы таралып кеткен.
Редактор болған еки газитке,
Сөйтип көп жақсылық қылса ол ийтке,
Жат-жамайға қуйрық болып кеткен ол,
Ҳүкиметке көп кыянет еткен ол.
Қайдағы бир қарақалпақ елинде
Дәўран сүрип жүрген сол бир күнинде
Ол ийт душпанлардың жансызы болған,
Жасырын уйымда хызметлер қылған...
Бирақ Партияның қырағы" көзи
Япырмай соныңдай шалғыр-аў өзи!..
Қайсы аўылданман деп едиң иним?
Түсер жерим келди минекей мениң..."
Деп ол чемоданын алды да әсте,
Қалды жол бойында бүкшийип кеште.
"Академик" дедим иштен жек көрип,
"Қара қойды" айтып кеттим ҳәм жүрип...

Соңлары Избасар аға ҳәр дайым
Айтар еди; "Есиңде-ме, Ибрайым?..."
"Есимде болғанда қандай, яшулы,
Нелерди көрмеген бул Шымбай жолы!
Аўа, сол бир шигит тийеген машын...
Түйедей ис көрген түймедей басың.
Қашып келген едиң сонда Сибирден,
Бир ҳәмелдар достың жатырқап бирден,
Қайтадан услатып жибертти сени,
Және бес жыл создың бул "әңгимени"...
"Туўған жердиң топырағы" деп аҳ урсақ,
Нийетиң дурыс екен. Мине, жатырсаң...
*Апрель, 1988-жыл.*

## СИЗСИЗ МЕНИҢ КҮНИМ ЖОҚ

Заманласлар, қатарласлар,
Сизсиз мениң күним жок.
Кеше бирге жүрген дослар,
Биразымыз бүгин жоқ,
Бир-биреўди, ўай, сағынып,
Излер едик бир тынбай.
Енди бәри Байсарының
Көшип кеткен журтындай.
Заман бизди ержеткизип,
Алдымызға ат тартты.
Кимге қәлем тербеткизип,
Кимге ҳәмел атқартты.
Шыға шаптық шаңлы жолда,
Тобымызды бузбастан.
Ел мәпине ҳәм заманға
Садық болдық биз бастан.
Ат сабылтып сол жол менен,
Еле кетип барамыз,
Бирақ кем-кем сийрексиген,
Қашықласқан арамыз,
Изги жағы неге бундай?
Зәңги тийсе зәңгиге,
Жат үйирдиң айғырындай
Киснесемиз сәл неге?
Жоллар тар-ма бул жағында,
Қатар шаўып барғандай?
Даңқ, мәртебе таўларында
Төбе аз-ба қонғандай?
Бәри де бар, дүнья да кең...
Козғамайық, кел буны,
Бул бир иллет ҳәммеге тең,

"Бендешилик" дер буны.
"Бул бәледен аўлақпан" деп,
Айталмас ҳеш periште,
Ем түспеген бул бир иллет
Ҳәр кимде бар, ҳәр исте.
Қатарласлар бул иллетти
Бир-биринен көреди.
Өзин ақлап ол әлбетте,
Билгишсинип жүреди.
Мен-де өзимди ақламайман,
Бар гүнамды азайтып.
Бирақ "кел" деп датламайман,
Нәсиятлап ўаз айтып,
Жоқ болса жоқ... Илаж қанша?
Адам жасаған сайын,
Өзинен басқаны онша
Жақтырмайды ҳәр дайым.
Суўысқан дос қайтып тағы
Келген менен жылыр-ма?
Бендешилик бизден дағы
Өткен шығар шынында.
Сөйтседағы, қатарласлар,
Сизсиз маған жасаў жоқ.
Өз үйирин безип таслап
Кететуғын асаў жоқ.
Бир бәҳәрдиң жыл қусындай,
Бирге татып дуз несип,
Бир үйирдиң жылқысындай
Гә тебисип, киснесип,—
Сөйтип тарқатысып шерди,
Ҳәр ким кетер бир иске.
Туяқ қатты тийген жерди
Сыйпап отырып әсте,—
Кағаз шыжбайлайман мен-де,
Шыққай-дә деп жол берсе:

Журт сүйсинип,
Сизлер күнлеп
Оқығандай бир нәрсе...

**АФАНАСИЙ ФЕТКЕ**

Үлкен шәҳәрдеги шайыр үйинде
Түрли қуўрақ шөптен букетлер көрдим.
Қамыс баслары тур чин гүзесинде,
Селт етпес айдары ақ селеўлердиң.
Қай тоғайдан екен қайың путағы?
Ийиссиз сирень гүллер, икибанолар.
Қоңсы кабинетте күндиз шам жағып,
Шайыр қумбыл болып қосықлар жазар.
Ҳаялы шөплердиң артып шаңларын,
Сигарета шегер сүйсинип қарап.
Ҳәм де ери жазған көп қосықлардың
Қатарын есаплар, ақшасын санап...

О сен тәбияттың ерке жыршысы!
Таңғы шық мөлдири, түнги жылдырым,
Қосығыңда сайрар тоғайлар қусы,
Жасыл жапырақлардың нәзик сылдыры.
Ал, бизде басқаша заўқы-сапалар,
"Магнитофон-бүлбил" үйлеримизде.
Жасыл тәбият қушағына апарар
Сиз жүрген соқпақлар жоқ енди бизге.
Сен илаҳий билген патша тәбият
Нарттай қызыл жүзи енди сарғайып,
Күтер инсанлардан мийрим-шәпаат,
Жапырағы дирилдеп қолларын жайып.
Солыўды билмеген синтетик гүллер
Өсип турған шөптиң орнын басар-ма?
Өзин өзи алдастырып кеўиллер,
Тас тутқынлы комфорт servisler жасалма.

Ҳәзирдиң өзинде көплер шәҳәрде
Түсинде тоғайды сағынып жатар.
Қуўрак букетлерге телмирип үйде,
Сени оқып ғана өзин жубатар...

*Москва, 10-январь, 1988-жыл*

**БОРАНЛЫ КЕШТЕ**

Үстирттиң шөли көк тайғақ,
Шыдатар емес боран дым.
Ықлады кели көп сайғақ,
Мал қорасын Оралдың.
Бас салды ийтлер шаўылдап,
Қызық болды қалайда.
Қәпелимде аўылда
Кийиктиң ети молайды,
Қақаман боран жулқынып,
Қағады кеште айнаны,
Ҳәр қазанда бул күни
Сайғақтың гөши қайнады.
От басында Орал мәс,
Ет туўрар малдас қурынып.
Езиўден күлки жыйылмас,
Қатынына бурылып:
- Журт машынлы жүрипти
Сайғақ атып боранда.
Қудайдың өзи кийикти
Әкелер айдап Оралға...
Деп мардыяр мақтанып,
Қызара бөртип қулперен.
Сексеўилдиң шоқлары
Ысытып ҳәмме терлеген.
- Ийтлерге несип болар-ма,
Ең ириси сол аңнан...
- Тойсын-да етке олар-да,

Алған жоқ ғой қораңнан,
- Деп ҳаял сорпа қуяды
Дуўрамалы самарға.
Балалар-да тояды.
Уйқыға жатар олар-да.
Ашыўлы боран далада
Айнаны сабар ҳүўилдеп,
Маңырай-ма, жылай-ма,
Түсинбедим тилин тек...
*Москва, декабрь, 1987-жыл.*

## ТИЙМЕ, ОҒАН

Тийме, бала, жыланға
Ийреңлеп баратырған!
Жасаў ушын буманда
Олдағы жаратылған.
Сениң аўылың болса,
Оның-да ўатаны бул.
Ақсардың арасында
Ҳәз етип жатады бул.
Сен тек, табаның менен
Жер басып, жүресең жол.
Пүткил денеси менен
Бул жерге берилген ол.
Оқыў я пайда қуўып,
Кетерсең ер жеткенде.
Ал, ол усында туўып,
Өледи усы жерде,
Жыланның түси суўык.
Адамның иши суўық.
Баўырына тартып жүрип-ақ,
Адамлар жаяр уўын.
«Жыланның тили зәҳәр,

Шақса шатақ" дейди сол.
Бул сөзде наданлық бар;
Шақпайды, тислейди ол.
Тислейди уўын жумсап,
Урсаң ҳәм азап берсең.
Мийрим-шәпаат қумсап,
Жалт-жалт қараўын көр сен.
Сезимиң серли болса
Сен серлер едиң бәрин:
Қыз минез қылықларын,
Қамшы өрим нағысларын...
Туўылып өскенине
Бул бир усқынсыз жерде,
Айыплы емес ҳәм де
Оған өкинбейди де.
Жерге жылан-да керек.
Ем болар уўы ушын,
Адамлар серлеңкиреп,
Аяқ басыўы ушын.
Ҳәй, бала, тийме оған!
Сен не, уражақсаң-ба?
Жасаў ҳуқыўқынан
Мәҳрум қылажақсаң ба?

**БАЙЫЎЛЫҒА**

Телеантеннаға қонып иңирде,
Тамбасында бай-байлаған байыўлы!
Көптен жоқ едиң ғой сен бул өңирде,
Қайдан келдиң сен оңбаған байыўлы?

Түриң убыжықтай, үкили көзиң,
Дым бир зыянатсыз қуссаң-аў өзиң,
Бирақ журт аўзында көп жаман сөзиң,
Неден жаманатлы болдың, байыўлы?

Ырастан сен байдың улы болдың ба?
Ата-аңаңнан жаслай қарғыс алдың ба?
Өгей шешең саған дөҳмет салды ма?
Неден жаманатлы, болдың, байыўлы?

Мәканың гөне там, уяң жарықта,
Бәледей көринер түриң халыққа.
Мениң демим шамаласып қалыппа,
Сен не деп қышқырым турсаң, байыўлы?

Теңиз толқып турған ўақта иргеде,
Ел қандай мәс еди кеше Үргеде...
Жүрегим даўамас енди көрмеге,
Мәканлап алыпсаң өзиң, байыўлы.

Арқадан жағымсыз самаллар есер,
Самал ескен сайын еңсемиз түсер,
Узамай бул аўыл көшеди десер,
Сол ма айтажағың, байғус байыўлы?

Нақыл бар: жер қатты, аспаны узақ,
Көшпеймиз бе деген үмит бар бирақ.
Тамбасынға шығып бақыр қаттырақ,
Бәлким. сениң даўысың, жетер, байыўлы.
*Апрель, 1988-жыл.*

## ЕКИ ҚУЎАНЫШ

Мен атымды түсип басқаға бердим,
Ер-турман, дорбасы, қамшысы менен,
Сен дәрҳал қуўанып жуўырып келдиң,.
Көзиңде шадлы жас тамшысы менен.

Сен байғус қуўандың ҳәз етип күлип,
"Пияда қалдырып жазалады-аў" деп.
Мен байғус қуўандым: жаяўлап жүрип,
Көп жақсы қосықлар жазаман-аў деп…
*Март, 1988-жыл.*

*     *     *

Өзи қызық адамлар
Қызық көрер дүньяны.
Өзи бузық адамлар
Бузық билер дүньяны.

Өзи қызықшыл адам
Ойлап жүрер тек ғана:
Дүнья деген той - байрам,
Қызықтан турар деп ғана.

Бузық адам мудамы
Сумлықты ойлар ақыл деп.
Дүньяның барлық адамы
Бузықлық ислеп атыр деп ...
*Март, 1988-жыл.*

**ДУ ФУ[2]**

"Басы артық я өзиңе керексиз,
Китапларды өз баҳасын төлеп биз,
Аламыз я қандай китап қәлесең,
Сол китапқа алмастырып аласаң".
Деп еситтим бир дүканда мен бүгин.
Дәрҳал өзим жазған китаптың бәрин,

[2] ДУ ФУ—*VIII әсирде өткен уллы қытай шайыры.*

Апардым-да алмастырдым бағана,
Ду Фудың шаппаттай бир топламына....
*Май, 1988-жыл.*

## БУРМАЛАЎШЫҒА

Базы бир жигитлер ойнап аңғалақ,
«Қызай» аңлыў менен жатқан деседи.
Аўзына келгенин сырттан сандалап,
Көзимше «қосығың қатқан» деседи.

Қосықты бурмалаў ушын ҳәр қашан,
Ҳасла кереги жоқ ақыл ҳәм ҳүждан.
Пыстырмада ат үркитип тасадан,
Мәплениўге олар шаққан деседи.

Жыйыстырып мийрим, инсап, арды да,
Сәл сүринсең, атлап өтер алдыға.
Сейфулғабит пенен Избасарды да,
Усындайлар иске шатқан деседи.
Май, 1988-жыл.

## ЖОЛДА

—Қутлы болсын машина!
Иним, сеннен қайылман...
Ким боласаң сен бала?
—Яшулы, мен... шайырман.
Қуда берген өнер де...
Бәракалла, камал тап.
Китабың бар ма?
— Бар, мине.
Үшиншиси бул китап.
—Жақсы екен машын алғаның...

Бир жери сәл ерси ғой:
"Китабым" деп турғаның,
Баўырсақтай нәрсе ғой.
Дүканда, үйде турғанда,
Саўлаты зейин ашпаса,
Китабың менен урғанда,
Ийт ўаңқылдап қашпаса...
—Ҳай, "ақсақал", сен өзиң
Тапқыр адам екенсең.
Оригиналь ғой бул сөзиң...
Расында-да егер сен
Китап пенен ийт урсақ,
Атағың елге жайылар.
Бул исте бирақ ал саған
Жәрдем бермес шайырлар.
Түсирме гәптиң қыйқымын,
Кеңесим саған, былай қыл:
Ийт урмақ болсаң, ТИХ—ның
Романлары менен ур.
Адамлар оқымаса-да,
Салмағы бар, аты бар.
Қайсындай ийт болса-да,
Бир тийсе сеспей қатырар...

*Февраль, 1987-жыл.*

## ӨТИП БАРАТЫР

Ағаңның сезине қулақ сал, бала,
Бет алысың жаман кетип баратыр.
Зейни пәслик қылмай бир серлеп қара,
Тусыңнан бир жәнан өтип баратыр...

Билмедим кийгени қандай таўардан
Сын-сымбатын көрип естен аўарман,
Ҳәр басқан қәдеми бир дәртли әрман,

Сен өзиң бил, маған өтип баратыр.

Гөззаллық дүньясы соншелли абат,
Сулыўларда болар ғайры кәрамат,
Гүлли көйлегинен желпип аромат,
Жүзи маҳый табан өтип баратыр.

Наданлар ашықлық ләззетин билмес,
Саз-сәўбетти сүймес, ойнайып күлмес,
Соңыра қонып кет деп жалынсаң келмес
Үй тусынан мийман өтип баратыр.

Илҳамым яр болып, келсе әўметим,
Бир тәрийплер едим қәдди-қәўметин,
Жаслық дәўран тең-тайы жоқ дәўлетиң,
Тез бақпасаң, дәўран өтип баратыр.

Сен болсаң жаныўсыз, гүлханың суўып,
Уўызда тоймапсаң енеден туўып.
Әкең жетеалмаған дүньяны қуўып
Бир аш көзли надан өтип баратыр.

Инсанда сиз-бизлик ҳәм де мириўбет,
Көзлериңде нур жоқ, сөзиңде - ләззет,
Муҳаббатың басқа журтқа күйеўлеп,
Көкиректе әрман кетип баратыр.

Ашық нәзер менен серле, ҳәй, бала!
Жаслық бағы солмайды деп ойлама,
Бәҳәр паслы келди, гүллеп айнала,
Таў басынан думан өтип баратыр.

Кеўил әндийшесин айттым мәзи мен,
Жаслық дәўран болмас өзи-өзинен,
Көзиңди аш, жуўермек, жуўыр изинен,

Тусыңнан бир жәнан өтип баратыр!
*Москва, декабрь, 1988-жыл.*

## ЖЫНЫСЫМДЫ ЖЫРЛАЙМАН

"Аҳ, ҳаяллар, ўақ, ҳаяллар" деў менен
Әлимсақтан берли шайырлар жырлар.
Джоконданың жай бир тәббассүминен
Сырлы жумбақ излер еле адамлар.

Ҳаял назакәтин, қадди-қаўметин
Излеп мүсиншилер тас шабар тынбай.
Еркеклер әўлады қалғандай жетим,
Дүнья тек ҳаялдан жаратылғандай.

Қызғанбайман, қарсы емеспен буған,
Әлбетте ҳаялсыз ошақлар сөнер.
Сонда-да сөз еркинлигин бер маған,
Даңқлы жынысымды жырлағым келер.

О ер киси, ер азамат ҳәмеңгер!
Ҳаўа ене ким ол Адам атасыз?
Бейиштен бир өзин қуўғанда егер...
(Әлбетте Адам-да ҳеш ким Ҳаўасыз).

Атлант ким? Ҳаял-ма? Дүньяны қәне
Кимлер көтерип тур мықлы ийнинде?
Ким жер сүрер, қурар, урысар және
Атом бөлшекленер кимниң зейнинде?

Мәңги муҳаббаттың қосығын тыңла:
Ромео емес-пе әўелҳа өлген?
Джульетта сәл ерте оянғанында...
Қой, болды... Тереңге түсип кетермен.

О Давид! Тулғаңа мың жылдан бери
Ҳаяллар урланып, сүйсинип қарар.
Саў болсын дүньяның мәрт жигитлери,
Сукланыңлар, қане, гөззал ҳаяллар!

Муҳаббат ҳәм ерлик—екеўи егиз,
Жүрек ҳәмири деп айтар оларды.
Бири—даўыл, бири—құдиретли теңиз,
Тоғыз баллға айдар аш толқынларды.

Ғошшақ жигитлерди туўар аналар,
Фарҳад болып сизге арна қазсын деп.
Адамзатқа ақыл берип даналар,
Ҳафыз ышқыңызда ғаззел жазсын деп.

Таў қопарып күшли қоллары менен,
Дүнья имаратын қурады олар.
Ерлик ҳәм әдалат жоллары менен
Қамалларды жаўлап алады олар.

Олар сақыйлығы тутқанда демде,
Тар дүнья кеңейип, гүлистан болар.
Олар азаматлық атын мингенде,
Ел парахат ҳәм-де абадан болар.

Кисилиги тутса, шайқап дүньяны,
Теке тирес болар паяпылларда.
Есерленсе шөлге бурып дәрьяны,
Теңизди түсирер қыйын ҳалларға...

Олар гәпти шорт кеседи келтеден,
Олар сүйе билер, ҳаяллар сизди!
Матриархат өткен менен ертеде,
Ҳәзир-де аяўсыз тонайсыз бизди:

Нәзик зейиниңиз ҳәммесин аңлар,
Сизге қайта қурыў емес жаңалық.
Мода салонлары, алтын дүканлар,
Ҳаял кирсе, еркек шығар тоналып.

"Шабазым"лап жүрип, ҳәммесин бийлеп,
Кеўилге не келсе, ислей алдыңыз.
Сигарета шегип, еркекше сөйлеп,
Шалбар, малақайды тартып алдыңыз...

Алың, және не бар көзиңиз қызған?
Сизден аяғанды... қайда қоямыз.
Галстукти тағып қыйындыңыздан,
Бир костюм менен-ақ тойға барамыз...

Алың, ҳасла тарлық етпеймиз оған,
Муҳаббатсыз өмир жаныўсыз сөнер.
Сонда-да сөз еркинлигин бер маған,
Даңқлы жынысымды жырлағым келер!

Ер жигитлер—бул дүньяның тиреги,
Азаматлық иске ҳәмийше таяр.
Адамшылық арға толы жүреги,
Ана ҳүрметине бас ийер олар.

Қандай жарасықлы, жигитим ерлеп,
Қасарысса қас душпанды урғаны!
Ҳаял-қыз алдында үнсиз дизерлеп,
Муҳаббатын таўап етип турғаны.

Зор мақтаныш бийлеп бойымды сонда,
"Босқа бермегенбиз қабырғамызды"
Деп алтын сазымды жаңлатып қолда,
О, даңқлы жынысым, жырлайман сизди!

*Март, 1988-жыл.*

**БИЗГЕ**

"Қызғынсыз қосықларың,
Отсыз гүлхан" дер бизге,
Қызсын десең, дилбарым,
Аз-кем илҳам бер бизге.

Йош бергенде нең кетер?
Бир күлип бақсаң жетер.
Қапа кеўлимди көтер,
Аз-кем илҳам бер бизге.

Йош деген жаман нәрсе,
Көрмегенге таң нәрсе.
Оны самалға берсе,
Даўыл турар сәл гезде.

Илҳамы болмасалар,
Бурқып акпас дәрьялар.
Ағын суў ҳәм тубалар,
Ақтым-ақтым дер гезде.

Атлар қыйқыўға мүтәж,
Бүлбил бостанға мүтәж,
Шайыр илҳамға мүтәж,
Азырақ йош бер бизге.

Сулыў тәкаббыр болар.
Алдында журт жорғалар.
Ҳәўселеси пир болар,
Шырайы—бир көргизбе.

Биреўлерди жарлықап,

Бердиң ушарға қанат,
Бизден қай жери зыят?
Айтсам, әнтек дер бизге.

Сеннен алып итибар,
Шағласып жүрер олар,
Биз жолыңда интизар,
Аз-кем илҳам бер бизге.

Коллағаныңның көби
Мәзи тилинде еби
Урса самалдың леби,
Кеўип кетер бир гезде.

Шынар ығында өскен
Гүлге қашан күн түскен?
Булты жамғырсыз көшкен
Таўлар бийғәрез бизге.

Мақтап сен сәрбиназды,
Қанша қосықлар жаздым,
Күйдим көтере наздан,
Мәккарлығың дермиз-бе?

Йош деген жаман нәрсе,
Оны шайырға берсе...
Қосық тыңлағық келсе,
Аз-кем илҳам бер бизге.

*21-февраль, 1988-жыл*

*     *     *

Бултлар ақ боз атын тауға тусаған,
Суўларында шербет бардай, пал бардай.
Күнлер өтер бир-бирине усаған
Ессентукидеги сәрўи таллардай.

Қыялым таўларға ушар ҳаўалап,
Жаслық дәўран жасыл дөнген бир дарақ,
Узағына турмас екен ол бирақ,
Ессентукидеги сәрўи таллардай.

Халық қыямет нақыл сөзлер дөретер:
Бир жигит тусынан бетерме-бетер
Салланысып жети дүркин қыз өтер,
Ессентукидеги сәрўи таллардай.

Бәри өтип болған еди тусымнан,
Ҳеш бир дүркимде жоқ един ғой, жанан?
Жасарта жақсаң-ба бизди қайтадан,
Ессентукидеги сәрўи таллардай?

Таў басында бултлар козғалаң таўып,
Қой, тыныш кеўлиме салма ғалаўыт.
Өмирим жайпарахат өтсин ырғалып,
Ессентукидеги сәрўи таллардай...
*Август, 1982-жыл.*

**ҮШ ОҚ**
(Легенда)

Бажбанның баласы ойнар тоғайда,
Кеклик қус қышқырып жылайды сайда.
Излеп таўып алса қустың уясын,

Бир жылан ол жерде болыпты пайда.

Бала услап ылақтырды жыланды,
Палапанын көрип кеклик қуўанды,
Сол ўақта сес келди тоғай ишинен,
Сүйсиндирип қулақ салған адамды:

«Адам улы, қандай жақсы баласаң!
Сыйлыққа сен енди үш оқ аласаң.
«Аттым!» десең, жықбайтуғын жаўың жоқ,
Көзи қатты көзмәмбет сен боласаң.

Тири жанға айтпа бул сырды бирақ,
Дус келгенге атпа оқты заялап.
Егер айтып қойсаң буны адамға,
«Аттым» деген оғың атылмас онда ...

Бала үйбетине қашты ҳәўлирип.
Бир күни тоғайда жигилдик терип,
Қоңысының қасымкер баласы менен
Төбелесип қалды ол ойнап жүрип.

Сол таўназар бала буны сабады,
Дым қорлығы келди, өксип жылады.
«Аттым» деди сынған тисин түкирип,
Қоңсы бала жар басынан қулады.

Бала үйбетине қашты ҳәўлирип,
Ержетти бир қызды унатты сүйип,
Кесе турды буған бир жигит бирақ,
„Аттым!" дедн. Ол ҳәм күл болда күйип.

Қатынға сыр айтпас еркек кемде-кем,
Шарап ишкен ўақта мақтанып дәкең,

Сырын айтып қойды. Қалған бир оғы.
Атқан менен енди көшпейди екен.

Барған сайын болды душпаны мықлы,
Бирисинен бири күшлирек шықты.
Енди өкинип жүр жигит өгейсип,
Тоғай пийри берген ессиз уш оқты ...
*Февраль, 1988-жыл.*

## ЖИГИТТИҢ ЖЕТПИС КӨКЛЕМИ

*Ийшанбай Қарақуловқа*[3]

Атлардың ең алғашқы айламында
Шапқансыз тасырақлап тай ўағында.
Ийшеке, қуўанамыз көрип сизди
Жигирма бестиң үшинши майданында.

Көп сәлем қытай, қыпшақ жағыңыздан,
Әмудин бойындағы бағыңыздан.
Қарақалпақ аўылдың шаңлағында
Ойнап қалған балалық шағыңыздан.

Бир оқыған тең қурбы-курдасыңнан,
Жигитлик кеўилиңниң сырласынан.
"Сүйемен" деп қызларға сыбырлаған
Туңғыш муҳаббатыңның жылғасынан...

---

[3] СССР Медициналық илимлер академиясының хабаршы ағзасы, Қаз ССР ҳәм ҚҚ АССР ға мийнети сиңген илим ғайраткери, бизиң жерлесимиз профессор Ийшанбай Қарақуловқа арналған бул ҳәзил өлең – қосық ҳаслында қазақша жазылды ҳәм Ийшанбай ағаның 70 жыллығына арналған кешеде Алма атада телевидениеден оқылды. И.Ю.

Естен кетпес балалық пал татыған,
Ериссең-де не бир даңқ мандатына,
Әлипбени үйретип жибергенбиз,
Профессор болсын деп Алматыда.

Жаңа уяда түлеген, қанатланған
Қырансан таң ертеде тоятланған.
Ентелеп ел хызметин атқарыўда
Көп өттиң азаматлық сынақлардан.

Алым бол десе, даңқлы алым болып,
Еңбегиңниң қаймағы қалың болып,
Солдат бол десе, белге қайыс бууўдың,
Ерлик ис коммунистлик арық болып.

Мийримли, кишипейил үлкен болдың,
Жасампаз, жаны сулыў, көркем болдың.
Ҳеш хызметти жатырқап көргениң жоқ,
Нарком бол деген жерде нарком болдың...

Ҳүрметли атак қоймай алып жүрсең,
Жер-жерден дос арттырып, толып жүрсең.
Лектор бол десе, тынбай лекция оқып,
ООН-да медэкспорт болып жүрсең.

Жүрегиңнен жыллы леп жеңил есер,
Жан сәўлең жантасқанда кеўил өсер.
"Бруцеллезден қутқарды Ийшекең" деп,
Алғыс айтып сыйырлар мөңиресер...

Жигиттиң суңқарысаң сөзи берик,
Нар ийдирер сөйлесең гези келип.
Донжуанлық етпейсең, сулыўлардың,
Ширкинай, сүйкенбесе өзи келип...

Той басысаң, отырсаң төрге барып,
Жаслар жүрер өзиңнен өрнек алып,
Надя жеңгей "сүт әкел" деп оятса,
Магазинге жуўырдың шөлмек алып.

Ақ кошқардың мүйизи айшық питкен,
Үй артында торaңғыл үйшик питкен.
Ийшекеңе бурылып қарайман деп,
Көп қызлардың мойыны қыйсық питкен.

Инилер ыңғырыўлап изиңе ерер,
Келинлер қалжыңыңды тәуир көрер.
Еле-де әрўағыңды шақырғанда,
Нөсерлеп жаўмаса-да, күн гүркирер...

Шегарадан шығысып жазатайым,
Қатты ойнасам, әфуў ет, ағатайым.
"Ҳәзилиң қонса атаң менен" деген ғой,
Биздағы аўылыңда өз томатайың.

Сал-сери жоқ өзиңнен озып кетер,
Сенсиз кеўилим торығып, тозып кетер.
Сиз дегенде шайырлық әрўақларым
Жин шақырған порқандай қозып кетер...

Ийшеке, теңеўиңди жаңа таўдым;
Өзиңнен айнымас дос, аға таўдым.
Уллы халық, бийик адамлар жасамаса,
"Юронда" бийиклиги Ала таўдың!

Ғаррылық келсе, бойсынбай, көнбей турың,
Көриклисиз жүрт еле күнлейтуғын.
Ғаррылықтың мәдeният паркинде-де

Қызық көп дейди жаслар билмейтуғын...

Жигитлер көп жасында-ақ болған жасап,
Жасай бер, сыбағаңды молдан асап.
Тек ден саўлык тилеймен. Басқасының
Бәрин-де аласыз ғой қолдан жасап...

Қутлықлап ҳүрмет тонын кийгизейин,
Сүйгиз десең, көзимнен сүйгизейин.
Көп сулыўдың тамағын қытықлаған
Муртыңды әкел, әкетай,—
муртымды бир тийгизейин!...
*22-декабрь. 1980-жыл. Алма ата.*

## ӘСКЕРБАЙҒА

Бетиң быдым-быдым, жүрегиң таза,
Алшағырдай минезиң бар биймаза,
Үш - төрт милийсадан келмесе қаза,
Әжелиңнен өлмейсең сен, Әскербай,
«Ешек дәптерден»

Шақаманнан шайбас буға табылып,
Услай алмай жүрдик ҳәмме жабылып,
Өгизлер түйектен шықты сабылып,
Сениң жаның тас екен дым, Әскербай.

Ысмамытың шаршап ҳалдан кеткенше,
Тусыңнан не раўшанлар өткенше,
Гүректей тислериң қаўсап питкенше,
Жигитлик дәўранды иштиң Әскербай.

Әўпилдеп жуўырдың жараған нардай,

Қобыздай қуўсыйды турпатың дардай,
Арақта әкеңниң қарызы бардай,
Изине қунжыйып түстиң, Әскербай.

Сени қапқан ийтлер қутырып өлди,
Сона шақса мәс боп тутылып өлди,
Еске алар гәптиң енди утыры келди,
Талантқа суў қоспай иштиң, Әскербай.

Есиктиң аўзында аңқырды ешек,
Қақаман суўықта ким келди десек...
Отсыз өжиреде подшипка төсеп,
Уйқылап жатқаныңды көрдим, Әскербай.

Тоңыртқасы толды жап ҳәм салманың,
Өңешиң өзгеше, тас екен жаның,
Сол жүристен өлмей аман қалғаның,
Жүримиң бар екен еле, Әскербай.

Журт айтысар енди сени қойды деп,
Қарар оған қатты тәсир қылды деп,
Жойтылған қәлемин таўып алды деп,
Ес барда етегин жапқан Әскербай.

Ишинде бар гүмбирлеген шайырлық,
Ендиликте қалсаң оннан айрылып,
Илҳәм периштеси бақпас қайырылып,
Нашарға нәзериң түспес, Әскербай...
*Февраль, 1988-жыл.*

## ПЕРИ МИНГЕН АТ

Сондай бир күш ҳүкими ҳөктем ...
А. Блок

Сейисханаға азанда келип,
Сейис күнде ҳайран қалады:
Аты қара терге шомылып,
Оқыранып зорға турады.
Аўырғанды бәлким жаныўар,
Деп суўлыққа байлады андыз.
Ертең де сол аўҳал тәкирар ...
Әжепленип сейис уйқысыз,
Таң асырып аңлыды кеште.
Түн жарпында қулыплы дәрўаза
Өз-өзинен ашылды әсте.
Ат тыпыршып болды биймаза.
Ҳәм изинше аппақ денели,
Қара шашы бөксесин жаўған
Жалаңаш қыз кирип келеди,
Салдыр-гүлдир ат аяғынан
Кисен түсти. (Көрди ҳәммесин,
Еси кетти сейис сорлының).
Жалын сыйпап қыз ақ мәммесин
Омыраўына басты торының.
Ат жуўасып, бир тепсинди де,
Қыйпақлап қыз ҳәмирине көнди.
Жалын қармап бир секирди де,
Қустай ушып қыз атқа минди,
Пәрсиз оқтай қаңрып сайгүлик,
Кетти жүйиткип қула далаға.
Түс көргендей сейис ҳәўлирип,
Қала берди сейисханада ...
Сол дегендей ҳәр күни кеште

Ел уйқыға жатты-аў дегенде,
Келер илҳам periси әсте.
Кисенлеўли ат қусап мен де,
Тыпыршыйман оны сағынып
Ашық болып қозар дәртлери
Ҳәмирине үнсиз бағынып,
Көтеремен еркеликлерин.
Пери минген аттай азаплап,
Ол жанымды қыйнар бәрҳама
Дәртлеримди төгип қағазға,
Таң атқанша қәлем тартаман.
Март, 1988-жыл.

## БЕРДАҚТЫҢ ДУЎТАРЫ

*(Шайырдың дуўтарын шаўлығы музейге тапсырғанда)*

Ҳаслың сениң ағаштандур,
Сөйле дуўтар, сөйле дуўтар!
Ҳаўазың толы әрмандур,
Дәртиң баян әйле дуўтар.

Уллы шайыр ийең болған,
Қулағыңа бүлбил қонған.
Талай тойларды атқарған,
Даңқың белли елге, дуўтар.

Гөне заманның гүўасы,
Шарханаңда саз ағласы,
Бердақ бабамның муңласы,
Дәртиң баян әйле, дуўтар.

Гүмбирлеген сазға байсаң,
Дәртлеримди қозғағайсаң.

Гүңиренип неге жылайсаң?
Тилиң болса сөйле дуўтар!
*      *      *

Дәрья көк теңизге қуйған арадан
Қашықлаўда өсти бир түп қараман.
Айдос баба саясында түсленип,
Күнхожадан бийлер кеңес сораған.

Теңсиз урыс барар Ўатан жеринде,
«Азатлық» ураны халықтың тилинде.
Масайрайды қылышынан қан тамып,
Хан ләшкери қарақалпақ елинде.

Ерназар алакөз алыс қорғанда,
Ханға қарсы қайтпай саўаш қурғанда,
Сатқын ағайинлер арқадан атып,
Жаўға жығып берди, өлди әрманда.

Жаралы ийеси жалын қармаған,
Бир ат сонда қарғып Қазақдәрьядан,
Пәрсиз оқтай қаңғып услатпай кетти,
Ала қуйын шаўып елден армаған.

Ел сүйген баҳадыр, жас суңқар еди,
Ашықлық ышқында бийқарар еди.
Урыс питкен соң қосылыўды аңсаған,
Айдан арыў қалыңлығы бар еди.

Атын байлап, сүйенгени қараман,
Қан сорғалар қылыш тийген жарадан,
Бир дийдарын көрип өлсем ярымның,
Деген әрман бир кетпейди санадан.

Ашықлардың алып ушып жүреги,
Талай күтип, талай бунда түнеди.
Бүгин ақшам усы терек астында,
Ушырасыўға ўәделескен күн еди.

Түн ишинде яр келгенин билди ол,
Ырза болып мыйық тартып күлди ол.
Қуўдай сыңсып қушақлаған ярының,
Қолында көз жумып жигит өлди сол.

Қыз айтыпты дейди: «Тәңирим, ал мени!
Ярым менен бир топыраққа сал мени!»
Қыз тилеги қабыл болған деседи,
Былай болған тилегиниң келгени:

Шаң көтерип шамал есипти дейди,
Сел-сел қуйып, бултлар көшипти дейди,
Даўыл уйытқып қараманның үстине
«Шатыр» етип жасын түсипти дейди ...
*    *    *

Теберик дуўтарды қолға аламан,
Қарайман да, түрли ойға таламан.
Самал шақырып сөйлеп турғандай болар,
Өзегин өрт шалып күйген қараман.

Болыпты ол гезде дуўтаршы уста,
Ҳәрдайым тың-тыңлап иркилген туста,
Ҳәр ағаш өзинше саз шертип турар,
Оны көрсе ызыңлаған қамыс та.

Ызың-ызың сеслер келер даладан,
Самал ессе, қуўрай сыңсып жылаған,
Бүртик жарған жөнеўиттиң қабығы,

«Кесип алып, сырнай соқ» деп сораған ...

Сол уста бул жерге келген деседи,
Күйген дарақ дәртин билген деседи.
Дуўтар ислеп сол қараман ағаштан,
Бердаққа апарып берген деседи.

Ҳәм ол айтқан дейди: «О, дана шайыр!
Халыққа ығбал излеп боларсаң сайыл,
Арнап соқтым, ал сен усы дуўтарды,
Сөзиңе, сазыңа заманлар қайыл ...»

Устаны алғыслап, жанға теңгерип,
Шайыр қолға алды, дәске өңгерип.
Сөз ағласын, саз ағласын сүйсинип,
Халық тыңлады қуўдай мойнын төңкерип.

Йошлы қосық! Бир күш бар-аў өзиңде,
Жымбырлап енесең сана-сезимге.
Кеўиллерде бәҳәр гүли ашылар,
Бақсылар ҳәўижге минген гезинде.

Тебериксең уллы шайырдан қалған,
Бақсы қыз Ҳүрлиман сенде саз шалған.
Қаражанның қашқан аттай елеўреп,
Сени сөйлеткенин сүйип қалғанман.

«Яр, сен қал енди» деп хош ҳаўаз Есжан,
Жапақ бақсы гүрлеп дәрьядай тасқан.
Бүгин көрдим Генжебайдың қолында,
Жаңла дуўтар, қәне жаңадан йошлан!

Сазды сүймегенниң үйи күймесин,
Ғәриплер сағынсын Сәнем сийнесин.

Өзегин өрт шалған қараман ағаш,
Ашықлардың әрманынан сөйлесин ...
Май, 1988-ж.

## ӘЖИНИЯЗ ШАЙЫРДЫҢ САМАЛҒА ШАҒЫНЫЎЫ

Кел, сен сәўбетлес бол бизге, ҳәй самал!
Еглерге зорым жоқ, зарым бар мениң.
Ушардан оқ жеген сүйлиндей мысал,
Сарқып ушар ғана ҳалым бар мениң.

Мийрибансаң, тәбизиме түсерсең,
Анамның ақ жаўлығына усарсаң.
Пешанамнан сыйпап-сыйпап есерсең,
Бүгин сенлик рузыгарым бар мениң.

Бәлент таўға барсам, басында қары,
Сел-буршақтан жаўрар оның да  ҳалы.
Қәўесетли, бир-биринен ғаўғалы,
Саў басымда саўдаларым бар мениң.

Кеўил алғам-далғам, жүреклер сазып,
Бүлбил қус уясы қалды қулазып.
Жүк артайын десем, қәтеби жазық,
Көш артында жайдақ нарым бар мениң.

Саз шертейин десем, сазым келиспес,
Айнаға қарасам, жүзим келиепес,
Адамларға айтсам, сөзим келиспес,
Келисиксиз намаларым бар мениң.

Дәўлет қайтып, исиң шапса насырға,
Дослар өсек айтар ошақ басында.

Сондайда сен пәрўанасаң қасымда,
Дурыслығымды тән аларым бар мениң.

Қайғы-ғам шадлықты аңлыўын қоймас,
Сум пәлек биз бенен ойынға тоймас.
Базы бир ислери ақылға сыймас,
Соншелли не гүналарым бар мениң?
28-июнь 1988-жыл

## АМИРА АЗАПЛАРЫ

*Та встреча краткая, земная.*
*И.Бунин.*

Кеште ойын көриўге де қорқаман,
Капрон кирпиклер, сүрмели көзлер
Мени көрип, үнсиз биреўди излер,
Кимди излегени түсиникли маған...
Репетиция тәнеписинде
Бул ойнақы көзлер бояўсыз ўақта
Мени көрип, күлимлеген пишинде,
Жуўырысар еди әлле қаяққа.
Олар дүркиресип қара қуўлардай,
Сулыў қәдем таслар жәйран жүристе.
Шығар арасынан суўырылып талдай,
Қара триколы дилбар периште.
Өнердиң қайсысы болса-да азап,
Жүзинде моншақ тер тамшысы менен,-
Қатал маэстро оларды узақ
Қуўады музыка қамшысы менен.
Аяқлар сырқырар, кебер еринлер,
Қәлпе түлеткендей жас туйғын қусын.
Қара триколы бул назәлимлер

Сахнада аққуўдай жүзиўи ушын.
Аўлақ таныс скамья бар бунда,
(Енди не нәрселер түспейди еске!)
Тиз шөгип отырып оның алдында.
Қанаған аяғын таңаман әсте,
Ол шашларым менен ойнап отырар:
«Ақ шаш сизге сондай жарасар еди ...»
«Усылай күттирсең, ол-дағы болар…»
Қызлар бизге урланып қарасар еди.
Тәнепис қурғыр-да таўсылды әне,
Тағы зал аўзында жалғыз қалдым мен,
Қатал маэстро оларды және
Қуўады музыка қамшысы менен.

*   *   *

Суў бойына барыўға да қорқаман,
Гүзги кеш. Жап тынған. Жағалақ аўлақ.
Үш түйир қып-қызыл жийде машаўлап,
Уша баста жанар.
«Булар ғарғадан
Қалай аман қалған?» дедиң суқланып.
Мен алдым тиkенге тырналып барып.
Үш жулдыз үзгендей айдың қасынан,
Путақшаны алып кедим жаныңа,
Ҳәм қуўандым сениң қуўанғаныңа.
Гүмис жапырақларын үплеп, абайлап.
Алып жүрдиң, үзип жемедиң бирақ.
«Неге екеў емес,... үш жийде булар?»
«Бәлким, ким билипти ... үш балам болар…»
Деп шадлы ушқынлар ойнап көзиңде,
Көкирегиме қойдың сулыў басыңды.
Умыттым дүньяны ҳәм-де өзимди,
Қапалықты, жеккеликти, жасымды …

*      *      *

Мен таўларға шығыўға-да қорқаман,
Аҳ, қандай көркем Хунзақ жоллары!
Жол өрмелеп барар бултлардан ары,
Шайырлар аўылы Цадаға таман.
Қойсуў гүрлеп ағып жол ернегинде,
Бир нәрселер айтар авар тилинде.
Жар таста желбиреп қызыл көйлегиң
Сен қуўанып қарақалпақша сөйлediң.
Ҳәм мениң ийниме асылып турып,
Қышқырдың еркелеп артқа бурылып:
«Айтшы Қайсын аға, не деп тур дәрья?»
«Неге мен дәрьяман, аҳ ессиз дүнья!
Неге абрек-жигит емеспен деп тур.
Бул суў да өзиниң дәртин сөйлеп тур...
Қәне, отырың тез машинаңызға,
Расул күтип тур көпир аўзында …

*     *     *

Ақшам жалғыз қалыўға-да қорқаман.
(Қалмасқа не илаж?...)
Гей күни кеште,
Гүңгирт ай сәўлеси дирилдеп әсте,
Айнадан сығалап қарағанында,
Уйқылы сулыўдай мениң жанымда
Сен жатасаң үнсиз, ерниң қаязып,
Билезикли қолда саўсақлар жазық.
Суп-суўық пешанаң...
Жоқ, енди тамам!
Қәлем дирилдейди буннан армаған...
Ҳәр жүректиң өз жарасы бар дейди.

Тыртық болып питсин, питпесе жатсын.
Базда шырт уйқымнан оятсын мейли,
Сарғайып тиришилик таңларым атсын...

*      *      *

Отырыспаға барыўға-да қорқаман,
Ол жерде көп шадлық сазларын шалар.
Маған тост берерде тым-тырыс болар.
Мен сонда кеўилли болып жортаға,
Тырысаман журтқа мәлел бермеске
Ҳәм-де қасымда бос орынға әсте
Урланып қарайман.
Бос қалған уя...
Ол да жоқ,
Сен де жоқ...
Ялғаншы дүнья!
*Сентябрь 1988-жыл.*

**ӨМИРЗАЯ ЖУЛДЫЗЫ**

1

Өмиримниң кешинде, геўгим түскенде,
Таўлар қабағында жанар бир жулдыз.
Кийиклер урланып қақ суў ишкенде,
Қәпелимде бирден сөнер сол жулдыз.

Жоғалтқандай сырлы сақыйна жүзик,
Бир сулыў әрманлы көзлерин сүзип,
Ҳәр қараған сайын баўырымды үзип,
Ақшам түслериме енер сол жулдыз.

Аспан жийегинде жанғаны неси,

Жанып турып демде сөнгени неси?
Азаплап бизге пәнт бергени неси,
Жанымды отларға салған сол жулдыз?

Айралық азабын кеўлинде гизнеп,
Жаўтаңлап қарайман мен оны излеп.
Жасаўдан да зыят бир ғайры ләззет
Алдап әкеткен-бе? Қәне сол жулдыз?

Анам айтар еди оның тәрийпин,
Әрманлы нашардың муңлы тарийхын,
Көзден бир-бир ушқан яңлы бар уйқым,
Өмиримниң кешинде сөнген сол жулдыз.

Мөлт-мөлт етип муңлы қарар да турар,
Биреўди излеген болар да турар.
Жел үрлеген шамдай сөнер де қалар,
Ел аўзында ертек болған сол жулдыз.

2

Паналаған көл жағасын, таў шыңын,
Жалғыз үйи турар еди аңшының.
Мөлдир булақ көлге қуяр жылтырап,
Өриминдей түсип қалған қамшының.

Жазғы түнде сол булақты жағалап,
Баўырыңда нәресте бар шақалақ,
Қыз жуўырар албырақлап көл бетке,
Қуўдай сыңсып жылап барар «апа» лап.

Еситкендей апасы жоқ сорлының,
Қызын ҳәм де емизиўли бир улын
Қалдырып көз жумған әрманлы ана,

Билсе еди өгей шеше қорлығын!

Еситкендей әкеси жүр таўларда,
Қулан қуўып, арқар атып аўлаўда.
Үйине еки-үш күнде бир келер,
Қашан келсе үйде қатын шаўлаўда...

Қыз барар үкесин баўырына басып,
Қорқып, албырақлап, акылдан сасып,
Қасында бар қаплан ийти аңшының, -
Тири жетимлердиң садық жолдасы.

3

Бул истиң мәнисин айтсам мен деген,
Бийкар дерсең бул дүньяны кең деген.
Көргенлер жағасын услар, тоба деп,
Көрмегенлер ертек сөз деп сенбеген.

Ертек емес, ертеде журт көрипти,
Ана байғус әрман менен өлипти.
Өгей шеше, сол анадан туўылған
Нәрестениң жүрегине жерипти...

Бесиктиң жанында жатқан қыз байғус,
Шоршып ояныпты көрип жаман түс.
Пейлин аңлап жаўыз өгей шешениң,
Қашты өз үкесин алып асығыс.

Айды жоқлап еди, көринди ай-да,
Жулдызлар да болды аспанда пайда.
Отырды қыз таңның атыўын күтип,
Көлдиң жийегинде қупыя жайда.

Бир ўақта гүўилдеп бир даўыл есип,
Қамыслар сыпсыңлап, гүўлеп сөйлесип,
Көл шетине ығып келипти дейди,
Сонда тербетилип бир алтын бесик.

Қыз байғус қуўанды ҳаўлығып қарап,
Үкесин сүйди-де жатқызды орап.
Етегин шербенип суўға түскенде,
Бесик ығып кетти сәл аррағырақ.

Бесикти тутсам деп ҳәрекет етти,
Абайламай терең ийримге жетти,
Қәпелимде гүрпилдеген ақ толқын,
Қызды көмип, бирден батты-да кетти.

Жүрек-баўырын ништер тилгендей болды,
Түс көрип атырып өлгендей болды,
Бир топар қыз әтирапында сыңқылдап,
Буны ермек етип күлгендей болды.

Суўперилер еди күлискен булар,
«Периде мийрим жоқ» деген сөз-де бар.
Шешиндирип муздай қоллары менен,
Бийгүна сулыўды әкетти олар...

4

Ийт жағыста шыр-пыр болды қаңсылап,
Бир сумлық сезгендей жаныўар жылап,
Өзин суўға атты қыздың изинен,
Қутқара алмады ийесин бирақ.

Тислеп алып шықты көйлегин ғана,
Тәғдирдиң исине ким турар ара!

Жылап атқан нәрестени айланып,
Көлге қарап улыды ийт бийшара.

Ким умытар бул азаплы кешени,
Қарғанып киятқан өгей шешени,
Көрген ўақта әлле неден сескенип,
Ийт жүреги қалтырады деседи.

Дүньяда не жаман,- жериклик жаман,
Жерик асын жесе, қалармыс амам.
Бирақ сол тас туўғыр өгей шешениң
Жаўыз нийетине шыдамас адам.

Адам туўе, ийтиң жаны түршикти,
Шалаўытлап қорғаныпты, урысыпты.
Қыздың жоқ болғанын билип қуўанып,
Ислемекши ойындағы қырсықты.

Келди нәрестеге жуўырып алып,
Баланың жүрегин суўырып алып,
Жеп маўқын басыўға асықты сондай,
Отқа таплап сәл-пәл қуўырып алып.

Пышақ шықты жылтырап жең ишинен,
Сол ўақта бас салды ийт келип бирден.
Қашты өгей шеше қаны сорғалап,
Алба-дулба болып шыққандай гөрден...

5

Соннан берли байғус аңшының қызы,-
Тәңирим аяп, жулдыз болыпты өзи.
Ҳәр иңирде таў артынан сығалап,
Қарайды сол Өмирзая жулдызы.

Ессиз сулыў буўлығып көз жасына,
Сығалап қарайды көл жағасына,
Жаўыз өгей шеше өткен ақшамы
Келди ме деп үкесиниң қасына.

Жыллар өтпес, күнлер батпас санаса,
Бала ойнап отыр енди қараса,
Қапталында ийти жатыр гүзетип,
Торсық шеке ул болыпты тамаша.

«Изеп бастырмайман ҳеш бир жаўызға,
Қәтиржам бол, сулыў» дегендей қызға.
Қаплан ийт бир улып қояр иңирде,
Қарап таў артында туўған жулдызға.

Шүкир етип тәғдирине бағынып,
Жулдыз уйықлар түн пердесин жамылып.
Ертең және қараў ушын бир заман,
Жердеги сол жас өмирди сағынып...
*Август, 1988-жыл.*

# "Үмит жағасы" китабынан

## ТЫРНАЛАР

Әл ҳаўада қанатларын талдырып,
Жат мәнзилге сапар шеккен тырналар.
Айралық дәртинде бизди қалдырып,
Шадлығымды алып кеткен тырналар.

Ҳаўазыңа қулақ салып қарасам,

Ақ қағаздай ғағырласып барасаң.
Хош аллияр айтысқандай боласаң,
Келмеске жол тартқан гөззал тырналар.

Жерге бир нәўбетдур, елге бир нәўбет,
Қайтып баратқандай қайтасы дәўлет.
Аш толқынлар урмас жағысқа гүрлеп,
Соналы көллерден ушты тырналар.

Сизлер нәсил көрген атаўлар аўлақ,
Әдира қалғандай айдынлы суўлақ,
Диң аспанда муңлы "қуррыў-қуррыў" лап,
Не деп баратырсыз, байғус тырналар?

Не ис тапса, инсан пейлинен табар,
Ол қаст етсе, терис ағар дәрьялар.
"Бул жер бизге ҳарам" дегендей олар,
Аҳ урып қыйқыўлап барар тырналар.

Қусларды көлатсыз, теңизди суўсыз,
Қалдырған нәмәртлер қалмас сораўсыз,
"Карғыска жолығып бәри қалыўсыз.
Туқымқурт болғай" деп барар тырналар.

Таңларым оянбас толқын сестинен,
Қайлардан аларман ондай күшти мен?
Дузлы шаңғыт көмген көллер үстинен,
Бул жағысқа түспей барар тырналар.

Барар интизамлы, жипке дизилип,
Мен қарайман жүрек-баўырым үзилип.
Сиздей мен де ата журттан безигип,
Неге кете алмайман, айтың тырналар?

Октябрь, 1985-жыл.

## ЖЫЛҚЫ ЖЫЛЫНА
(1990)

Астыңда Ақбозат—тулпар ураны,
Тоңлы ушқын шашып гүмис нәлинен.
Олсыз да бул ғалаўытлы дүньяны
Ҳәўлиртип, дүсирлеп кирип келдиң сен.

Ғәлетий сес пенен киснеди атың.
Жалларына қыраў қатып, муз турған.
Суўық еди жылқы минез айбатың,
Жүзиңе арасат ызғары урған.

Қайсы жулдызлардың болдың тойында,
Қай мәнзилден шықтың сәҳәр ўақтында?
Қандай нийетлер бар сениң ойында?
Айт жасырмай жәриялылық ҳаққына.

Ошақ басы, арша ағаштың жанында
Үмийдиўар сени күттик бийқарар.
(Аязлы арқаның қай орманында
Өскен екен бул көк шырша жаныўар?)

Мине жүрис тынды көше-күйлерде,
Азап пенен тапқан шампанды ашып.
Арша ағашты безеп ҳәмме үйлерде,
Отырмыз бийтақат кейпимиз қашып.

Жақсы билер ҳәзир ҳәр если адам,
Бөлинсе, бөри жеп, дүзде қаларын.
Дүнья аман болса бәле-қададан,
Өз ошақ басының аман боларын.

Тарийх-ана таза заманға жерип,
Жаңаша жасаўдың жолын гөзлеген.
Көз ашылып тиллер гөяға келип,
Қарадық дүньяға жаңа көз бенен.

Қарап көрсек қайырылып излерге,
Көп бийҳуўда жанға қысым қылыппыз.
Гүўлеп қол шаппатлап қысыр сөзлерге,
Дәрьяны теңизден шөлге бурыппыз.

Енди жаңа жолға бурайық десек,
Гөнерген машина бурылмай атыр.
Бәрин тезден қайта қурайық десек,
Бул сирескен дүнья қурылмай атыр.

Бир жақтан, оянған ойлар қозғалып,
Жаңаша жасаўды талап етпекте.
Ески интизамлар көнбей, шамланып,
Минберлерди бүрип, күш көрсетпекте.

Бир жақтан, оянған халықлар бел буўып,
Жаңа гүреслердиң минген атына.
Бир жақтан, биреўлер отқа май қуйып,
Жылынбақта миллетшиллик отына.

Жаңаша ислетип адамлар мийин,
Тубалаўдың мунар күни батқандай.
Бир жақтан ҳаўлыққан дүньяның үйин,
Жаўыз рэкетирлер тонап атқандай....

Қабағы қатыңқы келген жаңа жыл,
Сен не менен белгилейсең орныңды?
Ақбоз атын гижиңлеткен бала жыл,
Билсек деймиз сениң платформаңды.

Жеңил көрдим Қарбабаның қапшығын,
(Ол не қылсын, жоқты жерден қаза ма!?).
Бәлки бизди дағдарыстан апшығып,
Бәлки тартарсаң ба аўыр жазаға?

Ушан кемелерди шайқаған даўыл
Теңизлерде тегинликте басылмас.
Биз баратқан жоллар қыйын ҳәм аўыр,
Боз думаны ҳә дегенде ашылмас.

Ақбозатқа жайдақ минген жаңа жыл,
Беккем отыр, мәккем қармап жалынан.
Үлкен үмитлердиң жылы бола бил,
Ақыл, инсап периштеси дарыған!
Январь, 1990-жыл.

## АЛЫС ӘЎЛАДЛАРҒА

Жазғы таңда жасыл жапырақ жамылып,
Бүлбил қуслар менен сайрағым келер.
Батар күнниң шапағына шомылып,
Атар таңға сәлем жоллағым келер.

Даңқ ҳәўес етиўден нийетим аўлақ,
Қайсы шайыр алар кеўлиңди жаўлап?
Алыс қашырымдағы ҳәй гөззал әўлад,
Сениң кимлигиңди болжағым келер!

Кең дүньяның сағалаяқ елинде,
Шайыр болып атым шыққан мениң де.
Қайсы қәўимлердиң қандай тилинде,
Сөйлер сөзиңизди аңлағым келер.

Сизге дейин небир заманлар өтер,
Қанша әўлад келип қаншасы кетер.
Билмедим, даўысым қай жерге жетер,
Сонда да бир қосық арнағым келер.

Дәрья терис ағар, теңизлер кебир,
(Бундай иске бизлер соныңдай шебер).
Қырқ шилтер тесилип, Жер кейин тебер,
Соннан бурын оны қорғағым келер.

Оқып көрерсизлер тарийхнамадан,
Бизлер жәрияладық бир жаңа заман.
Нийетимиз дүзиў, пейлимиз жаман,
Шынды жалған менен алдағың келер.

Сондай машақатлы жолымыз бизиң,
Қәўип-қәтерли оңлы-солымыз бизиң.
Шетимизден билгир бәримиз бизиң,
Қайсы биримизди тыңлағың келер.

"Әўели өзиңди қайта қур, қәне!"
Деп тәп берип турмыз бир-биримизге.
Өзин қайта қурыў жағады кимге,
Өзиңди емес, журтты оңлағың келер...

Жықтық тәбияттың жасыл таўларын,
Зәҳәрлеп питирдик ағын суўларын.
Заманның буныңдай түс алыўларын
Түрли жаққа жорып, болжағың келер.

Дүньяны жаңадан дүзеймиз десип,
Қызыл кегирдек боп, қаралай өшип,
Биреў жалғағанды биреўмиз кесип,

Тилди сөзге жонып қайрағың келер.

Тарийх-ана азап шеккен жолдағы —
Жаңаланыўдың бул ашшы толғағы
Сиз туўралы дәўирлерге алдағы
Нәсил таярлар деп ойлағым келер.

Бийхабармыз сизиң кимлигиңизден,
Мириўбетиңизден, сумлығыңыздан,
Жулдызлар үңилсе түңлигимизден,
"Ким екенин айт" деп ымлағым келер.

Бир-биреўди жатырқамай еле сиз,
Интимақлы жасаў жолын билесиз.
Бизиң көп ислерге күлип жүресиз,
"Байғус бабамлар" деп аяғың келер.

Жасап инсап, ҳүждан, ар-уят пенен,
Сыйласарсыз қызғын мухаббат пенен,
Адам тил табысса тәбият пенен,
Нағыз инсан сол деп сыйлағың келер.

Тәбият ол тиришиликтиң ийеси,
Қорлағанға тийер қарғыс-кийеси.
Олдур адамзаттың Ҳаўа енеси,
Қәйтип өз анаңды қорлағың келер?

Жасыл тоғайлардың саясы сизге,
Теңизде толқынлар намасы сизге.
Дәрья суўларының тазасы сизге,
Бәрин-бәрин сизге арнағым келер.

Ҳәй сиз алыс әўлад—бийтаныс урпақ!
Дүньяға келесиз сиз қай ўақ-бир ўақ.

Узақ өтмишлерден сизди улуғлап,
Сизге таң сәлемин жоллағым келер!
Май, 1990-жыл.

## КОРАБЛЬЛЕР ҚОЙЫМШЫЛЫҒЫНДАҒЫ ЕЛЕС

Кеше гүрлеп турған Үшсай портында
Бүгин — кораблылер қойымшылығы.
Көшип кеткен балықшылар журтында,
Жатар жайрап кемелердиң сынығы.

Еспе қумға ермек болып көмилген
Ессиз пароходлар, катер, баржалар.
Палубалар қумнан зорға көринген,
Каютаға кирген самал зар жылар.

Я инсап! Не деген ғәлетий ойын:
Бул мүликлерди соққан адамның қолы,
Тахтайын қопарып, темирин қыйып,
Металл сынығына алмақта оны.

Кудды динозавр қабырғасындай
Кеме сүлдерине сүйендим узақ.
Қорқынышлы еди қәбир басындай,
Жүрегимди тырнар бийрәҳим азап.

Гөне жағыстағы қалған дачаның
Қараўыл ғаррысын тыңлап қарасаң,
Ким билипти өтиригин я шынын,
Ертек еситкендей тәсийн қаласаң:

"Базда Үшсай беттен самал ескенде,
Қорқынышлы сеслер келеди" дейди.

"Жинниң ойнағындай от жағып түнде,
Биреўлер шуўласып жүреди" дейди.

"Шырпылдаған қамшы сести шыққанда,
Ыңырсып жылаған еркек даўысы,
Қулағыма тал-тал келеди сонда,
Кимлердиң күлкиси ҳәм ғаўырлысы.

Даўыл тыныўына даўыслар тынар,
Бизиң ақыл жетпес не ислер бар-ды.
Мүмкин бул—теңиздиң ийеси шығар,
Жазалап атырған гүнакарларды..."

Ески адам байғус балықшы ғарры,
Бул жорамалына не десең болар.
Жазаламақ болса гүнакарларды,
Пәкизе жер басып жүрипти олар.

Ийеси болмайды үлкен қылмыстың,
Жуўапқа тарта алмас оны ҳеш бир заң.
Бул нәпсиқаў, пайдакүнем турмыстың
Өзи бул қылмысқа ҳәўескер болған.

"Тәбияттан мийрим күтпе, тартып ал!"
Деп биз маңнайшаға жазып қойғанбыз.
"Тыңнан жер аш, ақ алтынды артық ал!"
Деп теңизди қуртыўға да барғанбыз.

Ақ сүти қорланған ана-тәбият,
Енди бизиң жаўыз ҳүжданымызды,
Қырда қалған сынық мачтаға байлап,
Қатаң жазалаўға киристи бизди.

"Жазаның үлкени еле артында,

Бул тек басламасы, бул —ойыншығы."
Деп турғандай болар Үшсай портында
Жатқан корабльлер қойымшылығы...
Сентябрь, 1989-жыл. Мойнақ.

## МАРАТ НУРМУХАМЕДОВТЫ ЕСКЕ ТҮСИРИЎ

Жулдыз ағып кетсе ақшамғы ўақта,
Бирден сен тусерсең ядыма мениң.
Жасын түсти десе жасыл дараққа,
Дәрҳал сен тусерсең ядыма мениң.

Измир шөллеринде ескен самаллар
Түрки тилде жоллап қайғылы хабар,
Ийесин жоғалтқан бир ат жаныўар
Тынбай сегбир тартар ядымда мениң.

Еки суңқар изли-изинен ҳаўада
Қанатлары сынып түсти қыяға...
Тәғдир қастын тиккендей бир уяға,
Не қыяллар келмес ядыма мениң.

Ҳийлекерлик жолын тутқанды көрсем,
Алымсып паңсыған наданды көрсем,
Жүйрик сағындырар шабанды көрсең,
Сондайда түсерсең ядыма мениң.

Дурыслықты бурмалап, паңсып, назланып,
Ақбайталлық етип жағымпазланып,
Сөйлеп турғанларды көрсем, қыйланып,
Мудам сен түсерсең ядыма мениң.

Мураплар билдигин ислеп сағада,
Теңиз таслап кеткен ески жағада,

Ҳәзир керек болып турсаң оғада,
Дәрман айтардай-ақ дадыма мениң.

Биреўлер аңбаса, биреўлер аңлар,
Дүньяға көп келмес гөззал инсанлар.
Әжел наймыт ол ҳәм жақсыны таңлар,
Дийдарың мөр басқан ядыма мениң.

Измир шөллеринде ескен самаллар
Түрки тилде жоллап қайғылы хабар,
Ийесин жоғалтқан бир ат жаныўар
Тынбай сегбир тартар ядымда мениң ...

1989-жыл. Москва.

## МОНОКУЛЬТУРА ҲАҚҚЫНДА ҚОСЫҚ

Журтқа жақпас тәрепиңди жақласам,
Баяғыдай "ақ алтын" деп мақтасам.
Сен туўралы ҳәзир ғәремет сөз көп.
Не айтайын сен белгили пахтасаң.

Әлпешлеп, сүйдирген жерлериң де көп,
Азаплап күйдирген жерлериң де көп.
Қар астынан қармалатып суўықта,
Мийлерди шайдырған жерлериң де көп.

Басшыларға байлық ҳәм даңқ әперип,
Дәўранды сүрдирген жерлериң де көп.
Атызда теңселтип аўыл-қаланы,
Халықты бүлдирген жерлериң де көп.

Бар жеринде табыс, пулың да болды,
Пулы бардың бәри қолыңда болды.
Ел еңбегин емген тәсилхор ушын,

"Қосып жазыў" деген жолың да болды.

Енди бир басқаша заман болып тур,
Бирақ азаймағың гүман болып тур.
Теңизге суў бермей еки дәрьяны
Симирип турғаның жаман болып тур.

Ҳәзирги адамларға абайлап қара,
Өз қылмысын саған аўдарып ғана,
Өзин емес, сени сотқа бермекши,
Ал буған не дейсең, Пахтабай жора?

Ҳәзиргилер менен ойнама, бала,
Олар—көзи ашық, шетинен дана.
Айтысқанда бир-бирине алдырмас,
Пириңди танады арқаңа ғана,

Олар пайдасына пүтин оғада,
Суўды бөгеп турып ишер сағада.
Аяқтағы уў ишсе де аямас,
"Дослык!" деп қыйғырып қояр нәбада.

Сағадағы суў ишкенге жутынып,
Биз отырмыз ақабаға тутылып.
Ўәде берип, бизди алдастырғанлар,
Еплеп кетип атыр аман қутылып...

Қайымшыл ат ҳазар бермес дойнаққа,
Сайлаўларда тилин қосар байраққа.
Сол ўәделер сөз емес, суў болғанда,
Арал қайтып келер еди-аў Мойнаққа,

Сөз сөйлемес ҳәр ким өзин ақламай,
Ўәделер көп сыптырыңқы ноқтадай.

Сениңдағы тил-зибаның болғанда,
Бир айтар едиң-аў бәрин, Пахтабай!

Айтар едиң, "ҳәй, инсапсыз инсанлар!
Неге жалған сөйлейсизлер қыйсаңлап?
Ақ пахтаға қара күйе жаққанша,
Пейлиңизди дүзеп алың сиз оңлап."

Айтар едиң: менде қандай бар жазық?
Сууды шөлге айдайсыз каналлар қазып.
Көзлериниз ҳеш нәрсеге тоймайды,
Қанәәттен қалған пейлиңиз азып.

Аз ексеңлер, қой дедим бе сизлерге?
Шуқшыйып түстиңлер бизиң излерге.
Қыста ғөрек терип, жан себил болып,
Оқыўшыны қыйнадыңлар гүзлерде.

Кийик жуўырғандай шөллер қалмады,
Палыз-тамарқаға жерлер қалмады.
Жер көрсең, бәрине пахта ектиңиз,
Малды арқанлаўға шеллер қалмады.

Мен билемен, еле сизлер тоймайсыз,
Үйренген әдетти бирден қоймайсыз.
"Аз егип, саз егип, мол ҳасыл алың",
Деп көз қысып бир-бириңе ойнайсыз.

Қайта қурып, дүзең бузғаныңызды,
Қойың дүнья қуўып қызғаныңызды.
"Монокультура" деп мени сөккенше,
Сотлаң өзиңиздиң ҳүжданыңызды".

Дер еди-аў пахтаның бергенде тилин,

Жуўған менен кетпес жабысқан желим.
"Күйгеннен күй шығып" айтылған сөз ғой,
Сен аман болғайсан, пахтакеш елим!
8-ноябрь 1989-жыл.

## АНЕМИЯ

Дәртли қосығымды саған арнайман,
Дилгир мүтәжликте жасарым мениң,
Ақша жүзи запырандай сарғайған,
Көзи дөңгеленген нашарым мениң.

Көргенмен аўырыў алма ағашын,
Миййўасы писпей-ақ төгилген саўлап.
Сондай сен-де биййўақ ийилди басың,
Жамғырсыз ыссыда турғандай жаўрап.

Қыз ўағында қызыл алмадай едиң,
Атаңның үйинде сүрген дәўранын—
Жоқ енди. Турмыстан сен опық жедиң,
Түриң жин сорғандай, жүзде жоқ қаның,

Тәниңнен ет қашқан, диңке жоқ дизде,
Көз алдың булдырап, айланар басың.
Нур жоқ сол танадай жайнаған көзде,
Жақ суўалып, жанға батқан наўқасың.

Гүзде уўлы шаңын жутып теримниң,
Жазғы ыссыларда атызда жүрсең.
Билгени бир "пахта" сениң ериңниң.
Кемпир-ғаррының да шорысы—бир сен,

Уйқыңды төрт бөлип бесик тербеттиң,
Қонақ-қопсы, дәстүр жеди барыңды.

Қысымынан ғарры деген сур беттиң
Бир пул шықпас, алса табысларыңды.

Базда енең емизиўге ақлығын,
Алып келер еди атыз басына
Шаңғыттан паналап ыраштың ығын,
Емизип отырдың оның қасында.

Енди және аўырласқан аяғың,
Жүзлериңде қан жоқ, азып қалыпсаң.
Бир жасар нәрестең қолында тағы,
Жол бойында дилгир болып турыпсаң....

*   *   *

Өртелгендей саратанның тандыры,
Шыжғырады отлы қуяш жандырып.
Машиналар барар жолда шаңғытып,
Жол бойында күнге күйип, шаң жутып,
Турыпты бир бала көтерген ҳаял.
Ҳеш тоқтамас "Жигулийлер", Волгалар"...

Обалдағы-ай, баратуғын жерине
Ала кетейик" дер ҳаял ерине.
"Жолда турғанларды терип... мени не,
Таксист дегеңиң бе? Отыр жөниңе!"...
Қолы көтериўли қалады ҳаял.
Өтер зуўлап "Москвичлер", "Волгалар"...

Байғус не ойлап тур келиншек ҳәзир?
Бул не сергизданлық, ким еткен жәбир?
"Өзиң медпунктке апар баланы,
Пахта шөллеп атыр, зая болады".
Деп күни-түни суўшы болған ери ме?

Медпункттен табылмаған дәри ме?
"Мине кағаз, усы бүгин қалаға,
Апармасаң, "қәўип туўып тур балаға".

Деген сестра ма медпункттеги?
Жоқ, жоқ, олар емес ойының теги.
Жалғыз әрманы сол: жетип қалаға,
Шыпа табыў қолындағы балаға.
Дизден диңке кеткен, зорға дем алар,
Өтер зуўлап, "Жигулий" лер, "Волгалар"...

* * *

Дүньяны кең десер, қарасаң тыңлап,
Оннан тар жоқ бир науқасқа шатылсаң.
Балаң менен тар койкада қырынлап,
Емлеўхана дәлизинде жатырсаң.

Бир врач—мийрибан, биреўи—наймыт,
"Туўыўдан басқаны булар билмеген.
Өзиң—анемия, балаң—гепатит"...
Деп түйрейди базда ашшы тил менен.

"Байыңа айт, тапсын мына дәрини.
Бизде жоқ." Қаяқтан табады оны?"
Пулға не табылмас"... деп ол мәнили—
Күлип, тили менен шағады оны....

Ҳәзир дымнан қәҳәт мийрим-шәпәәт,
Қанды көбейтиўши дәриден бетер.
Өзиңди қолға ал, жыйна күш-қуўат,
Мүсәпирлик күнлер өтер де кетер.

Дәртли қосығымды саған арнайман,

Таўсылғандай кеўил ашарым мениң,
Ақша жүзи запырандай сарғайған,
Көзи дөңгеленген нашарым мениң.

Саўаларсаң өзиң, жазылар балаң,
Өзиңди қолға ал, кеўил суўытпа.
Пейлимизди бузған қансызлық ылаң,
Емленбейди еле жақын-жуўықта...
Апрель. 1989-жыл.

## ӨМИР, САҒАН АШЫҚПАН

Мириўбетли заўқы-сапалы өмир,
Ай қасынан жулдыз үзгиздиң бизге.
Базда шадлы, базда қапалы өмир,
Муқыйтыңнан маржан сүзгиздиң бизге.

Исим оңлап, сен түсирдиң сәтине,
Жел болып тиймедиң базда бетиме.
Мың әўпарин сениң мириўбетиңе,
Дәўран жорғаларын сүргиздиң бизге.

Сен қайда шап десең, мен солай шаптым,
Сазларыңнан қуршы қанды қулақтың.
Шайырлық деген бир сырлы булақтың
Шербет суўларынан ишкиздиң бизге.

Ҳәсед ҳәремине кирмеген бол деп,
Ҳәргиз қыйсық жолдан жүрмеген бол деп,
Қайда жүрсең, мудам ел менен бол деп,
Қулақларға бәрҳа қуйғыздың бизге.

Балалық болмады ойынға тойған,

Залым урыс оның ноқатын қойған.
Бийнесип қалғандай шәўкетли тойдан,
Қатал ҳәмириңди жүргиздиң бизге.

Бир күни тоқ болсақ, үш күн аш болдық,
Бөз көйлек ишинде жалаңаш болдық.
Урыстан соң еси енген жас болдық,
Есейсин деп билим бергиздиң бизге.

Мақтымқулы, Пушкин, Байрон қалды ма?
Түнлерде окысақ, көзлер талды ма?
Аппақ қағаз жайып мениң алдыма,
Қосық қатарларын тергиздиң бизге,

Аббаз, Садық нәзерине илгенде,
Нәжим, Әмет, Жолмурзаға ергенде,
Ғафур Ғулам, Сәбит Мухан келгенде,
Жети журттан мийман киргиздиң бизге.

Шыңғыс пенен Расулға ергизип,
Қайсын, Мустай менен бирге жүргизип,
Даналардың мәжилисине киргизип,
Уллы нәсиятлар бергиздиң бизге.

Дос-яранлар менен сынасып болдым,
Шайырлық мүлкине минәсип қылдың.
Саған өмиримше шын ашық болдым,
Журттан арыў сайлап сүйгиздиң бизге.

Базда ойшыл еттиң ойларға талған,
Базда яр-дос болдың лебизи жалған.
Ойнадың жезденден апаңды алған,
Не әжеп ҳәдийслер көргиздиң бизге...

Арғымақтан ябы озып кеткенше,
"Түйениң қуйрығы жерге жеткенше",
Барлық шайыр прозаға өткенше,
Соңғы демим—қосық дегиздиң бизге.

Қайтып өтер болсаң, тап солай, өмир,
Жанымдай сүйемен сени бәри бир.
Қайтадан жасайсаң деселер ҳәзир,
Алар едим толық негизиң бизге.
Апрель, 1989-жыл.

## АЛАСАР ҚУС ӘҢГИМЕСИ

Гүз қандай әжайып мениң журтымда,
Қыялым кийиктей дүзлерге қашар.
Жәнe ушырастық-аў, аўыл сыртында,
Әссалам, сабырлы достым Аласар!

Аўыр қанатыңды желбегей салып,
Отырсаң ба еле ыраш басында?
Асықпай, әндамлы жамбаслап алып,
Сени бир тыңлайын жатып қасыңда.

Ойлаўға үйреттиң балалығымда,
Базда саған ойнап тас атқан едим.
Ойшаң отырысыңды бир қосығымда
Данышпан Дантеге усатқан едим.

Сени көрсем, жаслық даўылы тынып,
Сууыған қарт адам ядыма түсер.
Күншууақта үй алдында көз жумып,
Отыратуғын атам ядыма түсер.

Көрип сени талай дөңниң басында,
Ишим писип, сеннен қашып та едим.
Сабырсыз болады-аў адам жасында,
Сен күлдиң "ҳәй, шайыр, асықпа дедиң".

"Асыққан қыз байға жарымас" деген
Кел, аттан түс, отыр, тыңла бул сөзди.
Жети ықлым жәҳән мүлкин бийлеген,
Сүләйман патша да тыңлаған бизди...

Бүркит те емеспен жаўыз пәнжели,
Қузғын да емеспен өлимтик жеген.
Маған дәркар емес журттың жәнжели,
"Таўығымды алды аласар" деген.

Қуяш оянғанда ҳәр алтын таңда,
Дөң басында оған сәлем беремен.
Пәрлериме шағылысып ол сонда,
Рахмет нурын жоллағанын көремен.

Күндиз күн жүриси аяндур маған,
Ақшам ай-жулдызды, жер айланысын,
Сабырлықлық пенен гүзетип мудам,
Тың-тыңлайман уллы өмир тынысын..."

Деген гәплериңе мәни бере алмай,
Шала қалған қосығымды қайғырып,
Сабыр-тақат пенен қулақ сала алмай,
Алып қашқан еди жаслық айғыры.

Өткенимди ойлап көрсем толғанып,
Есирип биймәни ойын-заўықтан,
Сонша жыллар жүрегимди қолға алып,
Шап дегенге, алапаға шаўыппан...

Көз жумып отырар мысалы мәңгүр,
Билсем, қус ҳасылы аласар екен.
Боқлық тинтип жүрген еки гүләңгир,
Бир көтенқурт тапса, таласар екен.

Таяўсыз сал қусап көп жүрдим ығып,
Енди Жәйҳун жуўас, дегиш урмаған,
Ҳәр қим өз аўылының сыртына шығып,
Самаллап атырған дәўир бул заман...

Шаршаған атымның шылбырын шешип,
Әне, отқа қойдым. Қашпас ол енди,
Саған сәўбетлесиў болсалар несип,
Бир тыңлайын, қус данасы, кел енди!

Билемен, көп қызық ойлар сенде бар,
Сенде бар сабырлы-жуўас даналық,
Қус тилине түсинбесе шайырлар,
Туўған тәбияттан болар жудалық.

Көпти көрген қуссаң, каnық бәрине,
Заманлар жоқ сен сәўбетлес болмаған.
Иймек тумсығыңды сүйкеп пәриңе,
Гөне сөзлериңнен гүрриң бер маған.

Ноябрь, 1989-жыл.

## МӘҢГИЛИК

(гөне сөз)

Бир топар жигитлер атланып тойға,
Иңирде жол алды қоңсы аўылға.

Жол бойында қалды әўлийешилик.

Жеңил минез осамаслаў бир жигит,—

Марҳум жатқан достын тойға шақырды,
"Жүрсең-ә, жора!" деп ойнап бақырды.

Бир ўақлары зәңги қағысып оған,
Бир атлы қосылды келип қапталдан...

Бирақ оны ҳеш ким елестирмеди,
Өлгенин де бәри умытқан еди.

Аўылдан тап жаңа шыққандай бирге,
Жетти ғаўқылдасып той болар жерге.

Той қызды, ҳемме мәс. Тек те бир жигит,
Үнсиз бир нашарға көзлерин тигип,

Ықтыяры кеткендей-ақ өзинен,
Отырды ол қаны қашып жүзинен.

Шағал мәслик болды, жыраў айтылды,
Аўыр жатар ўақта үйге қайтылды.

Келген ўақта қойымшылық тусына,
Марҳум жигит былай деди досына:

"Тойға мирәт еттиң, рахмет жора,
Сағынып жүр едим, ҳәз еттим бала.

Енди мирәтим бар мениң де саған,
Бир ақшам бизге де боласаң мийман".

Сөйтип жигитлерден бөлинип олар,
Бир әжайып отырыспаға бардылар.

Ҳасыл гилем төсеп тилла сарайға,
Гүллер қойған, дийўаллары шарайна.

Ҳәўижинде саз ҳәм сәўбет дегенлер,
Жилўа таслап ойнар арыў сәнемлер.

Бир дилбар наз бенен қәдемин басып,
Ғайбана мийманға болғандай ашық,

Иззет-ийба менен қыйылып қарап,
Жигитке ишкизди бир кәса шарап...

Жигит бир шийрин түс көргендей болды,
Тирилей бейишке киргендей болды.

Тек есинде таң алдында қайтқаны,
Достының "саў бол" деп оған айтқаны...

Аўылына келсе, бәри өзгерген,
Жоқ, баяғы дос, туўысқан, көз көрген.

Бул —ҳеш қимди, буны—ҳеш ким танымас,
Сөйлескенде түсинисип жарымас.

Ҳаялының атын айтып бақырды,
Балаларын бирим-бирим шақырды.

Еситкенлер аң-таң болып қарасар,
"Байғус аўырған ғой" десип аясар.

Билди ме ол, қанша заманлар өткен?
Дүнья қайта-қайта өзгерип кеткен.

Мәзи таныс дәрья ағар қасынан.
Бултлар көшер еле таўдың басынан.

Бул шексиз әлемди нур менен шулғап,
Бул қүдиретли Қуяш шығар шашырап...
Ноябрь, 1989-жыл.

## АНА ЖҮРЕГИ

(Рәўият сөзи)

Жигит айтты: "не десең де көнемен,
Бас алып кетемен, сүймесең егер.
Босағаңа бас қойып-ақ өлемен,
Маған ҳаял болып тиймесең егер."

Мәккар сулыў масайрады жол таслап,
Айтты: "онда бир шәртим бар—тилегим:
Анық мени сүйген болсаң ыраслап,
Әкелип бер өз анаңның жүрегин"...

Жармес жигит үйине тез барды да,
Бел байлады бежериўге тилекти:
Кемпириниң басына бир қойды да,
Геўдесинен жулып алды жүректи.

Жығылды сүрнигип ол босағаға,
Жүрек түсти уўысынан улының.
Жерде жатқан жүрек айтты:
"Абайла, Аўырмады ма ҳеш жериң, қулыным!"
Ноябрь, 1989-жыл.

## БОЗАТАЎДЫҢ ЖОЛЫНДАҒЫ ТОҒАЙЛАР

Е. Ембергенге.

Бозатаўдың жолындағы тоғайлар,
Көргенде көзимниң жаўын алдыңыз.
Қалай бульдозерден аман қалдыңыз,
Бозатаўдың жолындағы тоғайлар?

Тораңғыл кегейге басларын шатқан,
Қусыңды мергенлер ушардан атқан,
Даўыткөлге дейин созылып жатқан,
Кең ҳаўалы, зейин ашқан тоғайлар.

Жасыл шатырдайсаң жазда саялы,
Дем алсам дер жолаўшының қыялы,
Гүз паслында турдың зер липас кийип,
Алтын менен шайқағандай дүньяны.

Бәҳәрде өткенде үстиңнен сениң,
Қуслар жуғырласқан сестиңнен сениң,
Дүнья сонша сулыў көринди маған,
Нәзер салсам жасыл кешкиңнен сениң.

Жанға тийди қапырық ҳаўалы қала,
Машинаңды тоқтат, Емберген бала!
Қайда жүрсем, қыялымда ырғалар,
Бозатаўдың бойындағы тоғайлар.

1989-жыл.

## ОРЫНЛЫ КЕЙИС

"Ҳә, қос айдап атырсаң-ба, бала?" деп,
Дыйқан өз улына саўал берипти.

Ал баласы бир жылдан соң "аўа" деп,
Оның саўалына жуўап берипти.

Ғарры айтты: "Жатырыңа тартқансаң,
Неге сонша көп сөйлейсең антурған."

## ЭПИГРАММАЛАР

Жәриялылық қолай түсти биразға:
Мәкийен айланды ата қоразға.
Мезгилли-мезгилсиз тынбай шақырар,
Қәйтип шақырса-да енди ҳақы бар...

* * *

Ҳәмел деген нәрсе өзи дым қызық,
Бир жери басқадан дым парқ қылады:
Әўелинде мақтап атқа мингизип,
Аттан түсеринде инфаркт қылады.

* * *

Арал әтирапында "зор урыс" болды,
Сайлаў ўақтында көп жулқыныс болды.
Ат минип алған соң Аралды сатып,
Енеғарлар, бәри тым-тырыс болды...

* * *

Намазшамда бир сум бир сумды тапты,
Ишкирнелер иштен есикти жапты.
Адамлардың арасына от таслап,
Түлки болып алдап, ийт болып қапты.

*    *    *

Кимде болмас бендешилик, алжасық,
Араласып жасар шын ҳәм жалғаның.
Еситпедим дүканшының алжасып,
Зыят өлшеп, пулды кемис алғанын...

## АННА АХМАТОВАНЫ ОҚЫҒАНДА

Неге түслериме тез-тез енесең?
(А. Ахматова)

I

Және бүгин ақшам түсиме ендиң,
Тағы барсаң керек Лицей бағына.
Гүлдей ажарланып кетипсең сен дым,
Жоқлығың есиме түспес тағы да.

Ҳәр келгенде жүрер едик бул жерде
Тек ғана жас Пушкин музасы менен.
"Усы жерде жасағанда, егерде,
Мен де шайыр болар едим" дедиң сен.

Естен шыққан еди руўҳый ашлығым,
Сениң дийдарыңа жутынған шағда.
Мениң үлкенлигим, сениң жаслығың
Билинбес еди бул тилсимли бағда.

Әрманлар аңталар, от болып күйдим,
Көп аңсаған едим ақ дийдарыңды.
Үп-үлкен қол менен аймалап, сүйдим,
Сениң кип-кишкене аяқларыңды.

Айттың: "келемен деп, хатлар жазғансаң,

"Назлы шардәре" де қанша күттим мен.
Шашларың ағарып, және азғансаң".
Деп сыйпадың муздай қолларың менен.

Алтын сарайы тур патша ҳаялдың,
Қулпырған ақ қайың, жасыл емени.
Сен сонда қолымнан жетелеп алдың,
"Күн жаўды, тез жүр" деп қыстадың мени.

Ҳәм әйдик еменди бир айландың да,
Көзден ғайып болдың. Узақ изледим.
Үнсиз тас сүўретлер турар алдымда.
Анадан адасқан баладай едим.

Мен атыңды айтып бақырдым жылап,
Бағда тек те жамғыр ҳүким сүреди.
"Гүзеси сынған қыз" көз жасын булап,
Ол да байғус жылап отырар еди....

2

Тәғдир дәрьясы дер ағар мәўиж урып,
Бир де өрлеп, бир де сал болып ықтым.
Қызық-қызық пенен жағалап жүрип,
Айралық жағысына тағы да шықтым.

Бул бир қарғыс атқан жағыс соныңдай,
Бунда дарға да жоқ, көпир сирә жоқ,
Яр-досы көп, бай болсаң да қаныңдай,
Бул суўдан өтиўге ҳасла шара жоқ.

Ҳәўлиртер "ларс" еткен дегиш даўысы,
Бийнесип аўышдай турман жағада.
Жақты көзде жолыңды тап, жолаўшы",

Дегендей қышқырар жалғыз шалаға.

## ТЫМЫРЫҚ

(28-июль, 1989-жыл)

Шөптиң басы сылт етпейди, тымырсып,
Ийтлер суўға гумп береди ыңырсып.
Ат тепсиииип, мал мөңирер шыбынлап,
Түтинликтиң ашшы ийси қоңырсып.

Сытырламас жүўериниң арасы,
Шымшықлар да шаршағандай шамасы.
Түнги ҳаўа ҳәўириндей тандырдың,
Зериктирер шегирткениң намасы.

Күни менен шомылғаны есинде,
Суў көргендей сандырақлап түсинде,
Тыржалаңаш қара боталақ балалар
Уйықлап атыр пешахана ишинде.

Саратанның қызын самал әкетип,
Ашыў-ызасына бизди тап етип...
Олсыздағы өртең шалған бул дүнья,
Жанайын деп тур ма деймен лап етип...

Шымбай, Азат аўылы. 1989-жыл.

## ЖАС АШЫҚҚА

В.З. ге

Биз жүз отызыншы сонетти әкел!
Шекспирдиң әрўағына сырласып,
Цыган ҳаялындай саған пал ашып,
Айтайын кеўлиңде не дәрт бар екен:

Бәрекалла! Назлы қәдемлер басып,
Ярың бағ сейлине кележақ екен.
Зулпының жупары зейниңди ашып,
Еле узақ ўақыт ләззет бережақ екен.

Жүз отызыншы сонет турсын дур шашып,
Узақ гүл мәўсимин тилеймен сизге.
Мениң ҳалатымды кешир жас ашық,
Елиўинши сонет мас келер бизге.

Шаршаған ат шаппас баўырын жазып,
Мен барар есиклер қалған қулазып…
17-сентябрь, 1989-жыл.

## КЕЎИЛ АЙТЫЎ

(Яхыт жеңгей өлгенде Жолмурза ағаға айтылған сөз.)

Еркек еки жерде жетим қалады:
Биринде—мийирбан анаң өлгенде.
Екинши жетимлик сонда болады,—
Өмирлик жолдасың—ҳаял өлгенде.

Байтерек қартайса, нарт шығар ғаўлап,
Өмир деген дәрья, тоқтаўсыз ағар.
Сен шүкир ет, аға! Ғарры болмай-ақ,
Үш мәртебе жетим қалғанлар-да бар...
Январь. 1989-жыл, Москва.

## ХОШЛАСЫЎ СӨЗИ

(Шайыр Тилеўберген аға Жумамуратовтың естелигине)

Биреў егин егип, биреў мал айдап,
Бир ис пенен машқул болып кетеди.
Мақтымқулы айтқан кәрўан сарайға
Ҳәрким нәўбетинде қонып кетеди.

Жүзден жүйрик шайыр един сен сондай,
Базы биреўлер бар өзиң айтқандай:
Жалған мәртебесин көтере алмай,
Кеўли менменликке толып кетеди.

Суңқардай ушардан сүйлин алдырып,
Ҳәр айтқан сөзине қулақ салдырып,
Шайыр қосықларын журтқа қалдырып,
Өзи, дем таўсылса, өлип кетеди.

Заманға жараспас енди жалғанлар,
Елге ҳийле менен хызмет қылғанлар.
Халықтың кеўлине жол таба алғанлар,
Сиздей даңқлы шайыр болып кетеди.

4-апрель, 1990-жыл.

## ТАЛ БОЛЫПТЫ ТАЛЛАРЫ

Саялайман десең, жапырағын жайып,
Сорасаң, шақасында шийрин паллары.
Суў бойында нарт шыбықлар улғайып,
Тал болыпты Кегейлиниң таллары.

Жаслық дәўран кеўил қумары менен,

Ҳәрким жарасықлы заманы менен,
Ырғалысып бәҳәр самалы менен,
Тал болыпты Кегейлиниң таллары.

Тал шыбық па десем, беллери талма,
Жүзи уўылжыған бағдағы алма.
Сулыўлық деген де сонша болар ма?
Тал болыпты Кегейлиниң таллары.

Балдызлар байрамы қызық оғада,
Бири усар гүлге, бири—Задаға.
Қәдди бойларынан жаным садаға,
Тал болыпты Кегейлиниң таллары.

Шағлаң қызлар жаслық дәўран барында,
Самал ойнап шашларыңның талында.
Екеўимиз ушырасқан суў бойларында
Тал болыпты Кегейлиниң таллары..,
1989-жыл.

## ТАҢ САМАЛЫНА

Сәҳәр-сәҳәр ескен таңның самалы,
Мийирбанлық әйле ҳалыма мениң.
Ашықлардың елшисисең озалы,
Хабарымды жеткиз ярыма мениң.

Ҳүкимдар болсаң да ақылы дана,
Ашықлық дәртине табылмас шара,
Бизди ел ишинде қылмаң аўара,
Бир от араласты қаныма мениң.

Яр дегениң менен бизге яр емес,

Яр сүймеклик лекин ҳасла ар емес.
Ышқы периштеси жарылқар емес,
Жәбир-жапасы көп жаныма мениң.

Жүрегим жаралы, кеўилим қәсте,
Оят уйқысынан, сал мени еске.
Алтын сырғасына асылып әсте,
Бир сыбырлап жибер ярыма мениң.

## ЖАНАН КӨРИНБЕС

Мениң ығбалыма жаралған дилбар,
Бир өзиңнен баска жанан көринбес.
Мийирбан деседи сени адамлар,
Мийрим-шәпәәтиң маған көринбес.

Бизди қойып бунша ҳижран дағына,
Бүгинги күн жеттиң шадлық шағына.
Жулдыз үймелесе ай қабағына,
Арада сол арыў Шолпан көринбес.

Ел ишинде сырым журттан жасырып,
Жалбарарман аяғыңа бас урып.
Сен күлгенде кеўлим күндей ашылып,
Таўлардың басында думан көринбес.

Гөззал бардур гөззаллардан зыяда,
Гезермен олыңда пайыў пияда,
Сулыўларға толған бул кең дүньяда,
Бир өзиңнен басқа жанан көринбес.

1990-жыл.

## АЛЕКСАНДР БЛОКТЫ ОҚЫҒАНДА

1

Биз бенен ойынға тоймас Муҳаббат,
Және егеў салып жаныма мениң,
Ышқы жәлладлары азаплап айдап,
Бизди аяғыңа жығажақ сениң.

Дегбирден састырып ақыл-санамды,
Масайрап үстимнен күлежақ тағы.
Тырнап жазылмаған жүрек жарамды,
Бир аяўсыз сынап көрежақ тағы.

Ол билер шайырдың жүреги—жаны
Муҳаббат ҳәмирине қуллық етерин.
Ышқының жолына пүткил дүньяны
Қара пулға алмастырып кетерин.

Мен ынтығып сол азаплы бахытқа,
Ықтыярлы қыйнаўларға төзермен.
Тек те сени ойлап барлық ўақытта,
Жанымның ишинде сени сезермен.

Созсам қолым жетпес, күйиксең көзге,
Ортамызда терең суў ағып турар.
Сен—арғы жүздесең, мен—берги жүзде,
Үстимде булыттай көшер әрманлар.

Мениң теўекелшил жүрегим—жаным —
Шылбырын үзген бир арғымақ енди,
Айдаўында ышқы жәлладларының
Сол терең қурдымнан қарғымақ енди.

Бәлким ырғый алмай қурбан боларман
Мийримсиз муҳаббат сынақларына.
Яки исим оңлап, секирип аман,
Жығыларман сениң аяқларыңа...

2

Қолларымды артыма байлап,
Мәс ҳалымда, қараңғы түнде,
Мийрими жоқ жуп қара жәллад
Айдап келер ат ҳүкиминде.

Айдап келер қараңғы түнде,
(Жәлладлардың күлгени неси?)
Көрсетилген суд ҳүкиминде
Қайта қараў мүмкин емеси.

Мийримсиз суд—гөззал Муҳаббат
Ҳүким оқып көзлерин сүзди.
Енди ҳеш қаныңдай адвокат
Арашалап алалмас бизди.

Таң жарысты. Сулыў әтирап,
Мен келемен ат ҳүкиминде.
Аяғымды таслар жаралап,
Ҳәўлиреди жүрегим ҳәм де.

3

Мениң аппақ әрманларымдай,
Қос өркешли еки шың турар.
Сағынышлы аҳыў-зарымдай,
Жан-жүрегим оған ынтығар.

Аяў билмес жуп қара жәллад,
Сол қос төбе аралығында,
Суд ҳүкимин қатаң орынлап,
Ҳәзир мени асады дарға.

Мен тек сонда атыңды сениң,
Самалларға жәрия етермен.
Ҳәм баўырында сол кос төбениң
Жаным менен өлип кетермен...

## БИР КӘСА ШАЙ ҚОЛҒА АЛЫП...

Бир кәса шай қолға алып,
Мейил еттим нәзер салып,
Кәсамда назлы шайқалып
Келер бир қонақ, бир қонақ.

Шайды ишпей шайқап көрдим,
Жүрислерин байқап көрдим.
Ким екен деп болжап көрдим,
Бизге киятқан бул қонақ?

Шыққан жери узақпекен,
Кегейли я Мойнақпекен.
Бир қудайы қонақпекен,
Болғай-дә бир қутлы қонақ.

Тик журсе шай шөбиреси,
Конақ келер көбинесе.
Келер еди-аў бизди десе,
Бунша бүйтип шайқалмай-ақ.

Тоқсан бесте шәмбе ақдур,
Ақ жүзиңе тоймақ жоқдур.
Кеўил кеўилге қонақдур,
Соны билер ме бул қонақ?

Жүзинен нур шашыўлары,
Нәзер таслап қашыўлары,
Серлеп аяқ басыўлары
Саған усайды бул қонақ.

Ақшам сырласып ай менен,
Күним өтер "пай-пай" менен.
Ишип қоярман шай менен,
Тезден келмесең сен қонақ...

## ҲАЎАЗЫҢ СЕНИҢ

Тамара Дошумоваға

"Дембермеске" деми жеткен қарындас,
Йошлансаң ямана кетесең енди.
Суңқар қуслар жеталмаған таўларға,
Пәтли пәрўаз бенен жетесең енди.

Қарақалпақтың болған жери "Дембермес",
"Дембермеске" ҳеш бир нама тең келмес.
Ҳаўазыңды бүлбил қустан кем көрмес,
Жанды жүйсиз жерден сөтесең енди.

Ушырған қусыңның таппай турағын,
Дуўалап таслайсаң журттың қулағын.
Ҳәмме Ләйли-Мәжнун болып ылағып,
Залдан шығып кетсе нетесең енди?

Сахнада сулыўлық ҳәм назың менен,
Талпынасаң талант—пәрўазың менен.
Қалай ғана усы ҳаўазын менен,
Бир нашар орнына кетесең енди!
Февраль, 1990-жыл.

## ТОҚТАҒУЛДЫҢ ТОЙЫНДА

### БИР АҚ ҚАЛПАҚ АСТЫНДА

(Тоқтағулдың 125 жыллық тойында оқылған қосық)

Жер сулыўы Таласта
Ат суўғарып тасқынға,
Отырғандай Манас таў,
Бир ақ қалпақ астында.

Таў басында жулдызлар —
Айдан туўған ул-қызлар.
Өсип-өнер қырғызлар
Бир ақ қалпақ астында.

Ала таўға усатып,
Ақка бояп төбесин,
Тигип берген уқшатып
Манастың чоң енеси.

Суўыққа да тоңбассаң,
Ыссыға да күймессең,
Жамғырда жаўрап қалмассаң
Бул ақ қалпақ астында.

Қанша тарийх дәўир бар,

Инабатлы өмир бар,
Кең даладай кеўил бар
Бул ақ қалпақ астында.

Еңбекте билек сыбанған,
Қонақ келсе қуўанған,
Азамат ел қуралған
Бул ақ қалпақ астында.

Қомуздан сулыў күй шығар,
Толыбайдай сыншы бар,
Тоқтағулдай ыршы бар
Бул ақ қалпақ астында.

Астына ай-жулдыздың
Даңқын жайған қырғыздың,
Даналығы Шыңғыздың
Бул ақ қалпақ астында.
4-октябрь, 1989—жыл. Фрунзе.

**ҚАШҚЫН**
(Ҳәзил)
Сүйинбай Ералиевке

Аўырыўхана диййўалынан асырылып,
Жалаңаяқ қашып келер Сүйинбай.
Сестралар шуўлап улы-тасырлы,
Қуўып келер аппақ-аппақ қуйындай.

"Жоқ, жатпайман, келдим толық келеге,
Жазылдым" деп, даўам етер қашыўды.
"Жоқ, жатасаң бир жети күн еле де!"
Деп қышқырар сестралар ашыўлы.

Әлбинасы кеше қашқан үйине,
Ҳаялларға қашыў деген буйымба-әй!
Ботинкасын салып алып ийинге,
Жалаң аяқ қашты бүгин Сүйинбай..

Неге қашқан? Мәниси сол болғаны:
Досты келген Тоқтағулдың тойына...
Мен отырман от басында толғанып,
Усындайда нелер келмес ойыңа!

Бул заманда дослық—қысқа ўақытлы,
Бузар есап, бийпарўалық, минезиң,
Усылардай досты бар жан—бахытлы,
Ол бахытлы ким десеңлер—мен өзим.

Ошақта от, сөйлесемиз асықпай,
Арасында аз-кем шарап көремиз.
Бирин-бири сағынысқан ашықтай,
Бир-биреўди аңсаймыз да жүремиз.

Саатлардай бирге соғар үш жүрек,
Елжиресер, сырқатларды умытып,
Бул ошақта узақ жанғай от гүрлеп,
Менидағы қайда жүрсем жылытып.

Ҳай, адамлар—қара жердиң қайығы!
Мен тилеймен сизге бир дос жасқанбай,
Сен барғанда аўырыўдан айығып,
Больницадан жалаңаяқ қашқандай...
16-ноябрь, 1989-жыл.

## ҚЫРҒЫЗ ҚОСЫҒЫ

1

Суўсамыр суўы тереңлеп,
Өте алмай турман елеңлеп.

Өткизип алсаң болмай ма,
Паяпыл салып ҳәмеллеп.

Суўсамыр басы Тарағай,
Күйдирдиқ дәртке жарамай.
Паяпыл ушын нийетлеп,
Қырықтырып жүрмен қарағай..

2

Порлы қыя Қапшығай,
Боранлап барып ашылғай.
Сен десем, сени сағындым,
Бозлаған үним басылмай.

Ала бел өткел асыўда,
Ала таўдың басында
Айланар булыт кете алмай,
Ашығына жете алмай.

Боз жорға екен мингениң,
Боз шекпен екен кийгениң.
Айда-жылда келесең,
Өтирик екен сүйгениң.

Уллы таўға шыққан бар,

Улар етин жеген бар.
"Шынаяқ толы қымызды
Ким ишпейди?" деген бар…

3

Қоқтың басы қол жылға,
Қол жылғадан қол былға.

Қол былғасаң барайын,
Қостар етип алайын.

Етиңе кийген көйлегиң
Ол не деген гезлеме?
Көрсетип қойсаң болмай ма,
Көрейин деген жездеңе..

5

Субайылда туўған жер,
Белине жипек буўған жер.
Қызлығында ат минип,
Ақ маралды қуўған жер.
Узын булақ суўынан
Көк көйлегин көтерип,
Ақ балтырын жуўған жер...

6-октябрь, 1989-жыл. Қапшығай жолында.

Қосықлардағы кырғыз сөзлери: *чоң енеси* — мамасы, *улар* — таўдың жабайы түйе таўығы, *қояуз* — қобыз (домбыра), *ыршы*— қосықшы шайыр. *И. Ю.*

## ЕРТЕДЕГИ ҚОЙЫН ДӘПТЕРДЕН

## "СЕЎИЛ" МЕНЕН "СЕК" БАЯЗЫ

(Бул қосық 1964-жылы тахтакөпирли Ысмамыт аға Ысақовқа жиберилген еди. Ол заманда Нөкис еле газды билмейди, ал отынның әўлийеси сексеўил болды. Бирақ оны Томар бөгеттен әкелиў мушкил ис еди. Қосықта "Палекеңнен аррағаырақ"... деген сөз бар. Атақлы сөз шебери Палўанияз аға ол гезде Тахтакөпирдеги Ленин атындағы совхоздың директоры еди...)

Дуўай сәлем Ысекеңе,
Үш ҳәриптен "тек" болады.
"Ҳарма" деген ҳәлге қуўат,
Бул ҳәм иске сеп болады.

Халық уста ғой тымсал сөзге,
Бул гәпимди көрмең өзге.
Бир жумбакты айтып сизге,
Шешиўин күтсек болады:

Болмаса астында пырақ,
Көликсизге жолы жырақ.
Палакеңнен аррағаырақ,
Бир қастерли шөп болады.

Ербегейден-сербегейден,
Ҳәргиз үйге кирмегейден,
Сорап алар бермегейден,
"Сеўил" етсең "Сек" болады...

Кесип алсаң таяқ болмас,
Тис шуқлаўға қыяқ болмас.
Өзинде сын-сыяқ болмас,
Бирақ дым керек болады.

Ақшам жағып жулдыз етсе,
Сөнбес түн ҳәм күндиз өтсе.
Әсиресе күн "дыз" етсе,
Талабаны көп болады.

Гүл емес ол хош ийисли,
Ағаш емес ол жемисли.
Сонда да табыў тийисли,
Таппасаң "әнтек" болады.

Қап-қара бир мешкей мәўиз,
Тамға сүйенген бир жаўыз,
Үңирейген үлкен аўыз,
Жыйсаң жылда жеп болады.

Ат тарталмас абырайы бар.
Ҳәз еттиги, "ҳай-ҳайы" бар.
Ғамланбасаң "пай-пайы" бар,
Адам бүрсеңлеп болады.

Болса сол шөбиң қысында,
Берекет бар турмысыңда.
Отырып пеш қуўысында,
Айтқан гәпиң гәп болады.

Болмаса сол шөбиң бирақ,
Кемпир-шалларың тоңқылдап,
Келинлериң отты былғап,

"Бул үй емес" деп болады.

Тартса ол шөп мәргиясы,
Нешше мәнзил қырдан асып,
Көлиги бар алар тасып,
Көликсизге жоқ болады.

Сениң сайма-сайлығыңа,
Табысына, айлығыңа,
Қарамас ол байлығыңа,
Ол өзинше бек болады.

Ҳәжетиңниң бәри питкен
Шәҳри Нөкистиң кәнтинен,
Сол ғана шөптиң дәртинен
Биразлар көшпек болады.

Сол шөпти мол жыйнамаған,
Қолын сол шөп тырнамаған,
Жазда оны ойламаған,
Қысында ермек болады.

Күнлер аяз тартқан сайын,
Қолы жууысзпас Ибрайым.
"Сек" тәрийпин туўарайын,
Тымсалда-да шек болады ..

## БИЗ МУҒАЛЛИМ, САБЫР-ДОСЖАН ДИРЕКТОР...

Биз муғаллим, Сабыр-Досжан директор,
Директорға есап бермек керекдур:
Алма-Атаның архивинде сарғайып,

Отырыў—бул шайыр ушын ҳәлекдур.
Ақтарғаным Шоқан менен Диваев,
Ҳәр қайсысы бир папкада бөлек тур.
"Бола бер" деп буйырсаңыз, маған не?
Институт "суточныйын" төлеп тур.
Бирақ меннен шығармекен кандидат?
Шайырлықтың жолы "совсем" бөлекдур.
Қосық десе, дүбир сезген қаназат,
Көкирегимде жарқ етер бир электр.
"Бағ ишинде бүлбил қустай сайра" деп,
Кеўил йошым суңқар қустай түлеп тур.
"Поэзия дөрдиянын ойна" деп,
Музам алтын сақаларын үлеп тур.
Қасыңызда Гүлайшаңыз, Ладаңыз.
Дастанаман десең, аппақ билек тур.
Ал узақта қалды бизиң Задамыз,
Шайыр жаны сәўер ярын тилеп тур...
Алма ата, 1953-жыл.

*Сабыр-Досжан директор* — Сабыр Камалов—сол гезде пединституттын директоры, ал Досжан Насыров—оның орынбасары.

## ДУЎАЙ СӘЛЕМ БОЛСЫН БИЗДЕН...

Дуўай сәлем болсын бизден,
Петекең ҳәм Сабырбайға[4]

[4] Қосықта *"Петекең"* деп отырғанымыз пединститут директорының орынбасары Петр Игнатьевич Сенин, пақыр жақсы адам еди. Сабыр Камалович ҳәм баска да жигитлер оған бул қосықты оқып берип, "ал енди атың елге жайылатуғын болды" деп ойнапты. Ол маған дәрҳал телеграмма берген. "Алағада болма, айлығың журип турыпты. Тез саўалғайсаң. Сизиң Сениң" деген телеграммасы менде еле сақлаўлы.

Телеграммаңыз алты сөзден,
Салды бизди "япырмай" ға.

Айтқаныңыз емес жөнсиз,
Айлық жүрмес бюллетенсиз.
Мен—айлықсыз, айлық—менсиз,
Илая бир қапылғай-дә.

Тәуир-аў месткомның бары,
Ең болмаса төлер жары.
"Қарақалпақтың шайырлары
Бюллетенсиз аўырмай-ма...

Жүрсек аман елге барып,
Күнелтермиз қалем алып.
Ибрайым жумыссыз қалып,
Ккязлит[5] жабылғай-дә.

Айлыққа қараған күним
Күн емес ол, айтсам шынын.
Бир ВУЗ да бир жазыўшының
Кем-кетиги жабылмай-ма...

1960-жыл. Киев.

## ЕКИ ЖАСҚА БИР НӘСИЯТ

Еки аққуў көлде жүрсе,
Сыңсып пәрин тарасады.
Бул дүньяда ҳәмме нәрсе
Жупты менен жарасады.

Турмыс—кеме, адам-дарға,

---

[5] Ккязлит – қарақалпақ тили ҳәм әдебияты факультети. И.Ю.

Айдай бил соқтырмай жарға.
Үй—хожалық деген арба
Усындайдан қурасады.

Улы қонса уясына,
Қызы қонса қыясына,
Ата менен анасына
Қатнасықлы жол ашады.

Жақсы перзент—уллы дәўлет,
Ата-анаға қылар ҳүрмет.
Мийўасынан алсын ләззет,
Ел дәстүри мурасалы.

Уллы зийнет улдан болар,
Жигитлерге султан болар.
Тамашалы дәўран болар,
Тойы тойға уласады.

Жуп шархана дуўтарына,
Әдеп-икрам, ықрарына,
Келин айдың дийдарына
Көкте жулдыз қамасады.

Тәўир жерге тамыр болып,
Мүддәҳасы питсе толық,
Кудағайлар қыздай болып,
Сағынысып сорасады.

Халықтың ақыл сөзи зыят,
Айтылмаса ол ҳәм уят.
Еки жасқа бир нәсият
Айтсақ деймиз оңашалы:

Ел алдында сақлаң әдеп,
Алып умтылыспаң "ҳә" деп.
Сөзден қалмаў жаман әдет,
Журт қызыққа қарасады.

Илгир зейин нәзик болың,
Ағар булақ азық болың.
Қолы ашық—жазық болың,
Мийман менен маўасалы.

Заманыңыз көрки болың,
Жақсы минез-кулқы болың.
Аз кем олпы-солпы болың,
Сонда бәри оңасады,

Не болсаңыз көпке болың,
Дүнья қуўмаң, бек те болың.
Иретинде төкпе болың,
Берекети уласады.

Жақсы сөзге қулақ түриң,
Кеўилли ҳәм татыў жүриң.
Узақ жасап, дәўран суриң,
Турмыс болсын тамашалы.

## О ДЕНСАЎЛЫҚ, ДЕНСАЎЛЫҚ!

*(Емлеўхананың пикир билдириў дәптерине жазылған қосық.)*

Ўа денсаўлық, денсаўлық!
Сен бир журген қолжаўлық.
Базарың түсип кеткенде,
Баҳаң пияз бир баўлық.

Қәстелик басқа түскенде,
Қәдириңди билермен.
Мысқалына мың сомнан
Төле десе, төлермен.
Қәстелик бастан кеткен соң,
Үстиңнен және күлермен.
Майына минген көликтей,
От-жемсиз қыйнап минермен,
Азабыңды берермен.

Ўа денсаўлық, децсаўлық!
Усайсаң ағар булаққа.
Сол булақтың басынан
Әкетер жыллар узаққа.
Май тамызып турмасаң,
Жана бермес шырақ та.
Саўлығын жойтқан даналар
Көзи қызар жаўтаңлап,
Дени саў жүрген доraққа.
Врачлардың кеңесин
Илмей кеттим қулаққа.
Айландырғаным сен болдың,
Бара қойсам қонаққа...

О денсаўлық, өзиңде
Қылық жоқ қудай сүйгендей:
Шаңғалақ шақтың тис пенен,
Тоң қопарған сүймендей.
Сен шеккен шылым дүтинен
Тандырдың оты сөнгендей.
Сен жутқан никотинлерден
Бир үйир жылқы өлгендей...
Минип жүрген атың да

Күтим талап етеди.
Денсаўлық-та қатындай;
Қарамасаң, — кетеди...

## М. ЖЕҢГЕЙГЕ

Жуйрик ат бәйгилерде байрақ алған,
Сандыўғаш талға қонып сайрап алған.
Қазанға қырқ мәртебе жаяў барып,
Ағам сени татардан сайлап алған.
Бул дүнья ҳәммеден де қалып атыр,
Ҳәр ким өз сыбағасын алып атыр.
Бийкешиңнен жиберген қус тилиңе
Таласып жети жигит талып атыр…

## ҚОСЫҚ

Маўжырар бағлар оранып,
Ақ гүлине алманың.
Бир сулыў шықты доланып,
Бойына Әмиўдәрьяның.

Самалы жипек сулыў түн
Төңкерди мақпал аспанын,
Және сол сырлы сулыўдың
Ышқында жана басладым.

Ол сулыў қашты, мен қуўсам,
Аңлыдым ақшам шатырын.
Назыбай гүллер, көк жуўсан,
Аңқытты таныс әтирин.

Шахмақ болып сондай да,
Шағылып кетким келеди.

Қақ суўы болып, сайларға—
Ағылып кетким келеди,

Ең болмаса сол қаққа.
Кийиклер келер урланып.
Бойында оның аўлақта.
Қызғалдақ өсер ырғалып.

Жарқ етсе түнде бир шахмақ,
Таныр ма екен дегеним:
Қан жылап турған қызғалдақ
Муҳаббатым екенин.
*25-апрель, 1973-жыл. Тахтакөпир.*

## ДОС-ЯРАНЫҢ БОЛМАСА

Өмирде не ләззет бар, дос-яраның болмаса,
Жан деген менен жанбас, өз жананың болмаса.
Жылғалар жылжып түсер бәлент таўдың басынан,
Олсыз мәўжирип ақпас дәрьяларың болмаса.

Бир душпан көплик етер, досларың мың болса аз,
Суңқар қусқа жарасар жалғыз әйлемек пәрўаз.
Ғәрипке Сәнем болмас бийопалы сәрбиназ,
Қасында қәдир билер мийрибаның болмаса.

Бүлбил қус қалғып кетсе, гүлин көрер түсинде,
Жат журтта жүрген адам елин көрер түсинде.
Қулан-кийик секирип ойнар өз шөлиниң ишинде,
Базергенде[6] базар болмас, қарыйдарың болмаса.

Қатнасар қарындассыз ел-жайында не сән бар,
Барыс-келис қылмасаң, ағайында не сән бар.

---

[6] Базерген – саўдагер.

Documents

Дослары илҳам бермесе, Ибрайымда не сән бар,
Ели - халқың, дос-яраның — қәдирданың болмаса.
19-январь. 1990-жыл.

## РОМАНС

Қызыл көйлек қынап денеңди,
Қәдди бойларыңа жарасып,
Кирип келдиң, жаным, сен енди,
Мен отырған есикти ашып.

Көз бенен көз айтысып жумбақ,
Бираз ўақыт турдық қарасып;
Путкил дунья сүйсинип сол ўақ,
Дийдарыңа болғандай ашық.

Сүйсем дедим алып қушаққа,
Ләблериңе ләбимди басып,
Көз қарасың суўып биракта,
Албырадым ақылдан сасып.

Отырдым мен еңкейип пәске,
Айтар сөзимнен де адасып.
Туфлийиңди сыйпадым әсте,
“Аҳ, каныңдай тур, — деп, — жарасып” ...

## САҒЫНЫШ

Мудам сени ойлай берип,
Билгенимнен жаңыламан.
Айсыз түнде айдай көрип,
Дийдарыңды сағынаман.

Көрип сени түслеримде,

Оянғанда жабығаман.
Жалғыз қалып кешлеримде,
Өз дәртиме шағынаман.

Жулдызлардан сорап сени,
Ескен желге жалынаман.
Журтқа сениң кимлигиңди,
Айталмасам нағыламан?

Жалбарынып мен табынсам,
Муҳаббатқа табынаман.
Сен қол жетпес әрманымсаң,
Сени бәрҳа сағынаман.

## ҮШ ТИРСЕК

Алматыда "Үш бойдақ",
Нөкисте бар үш тирсек.
"Айтысайық, кел" дейди,
Жөнимизге түшкирсек.

Балтадан қайтпас бас тирсек,
Қайнап пискен тас тирсек,
Өр көкирек жас тирсек,—
Мениң достым үш тирсек.

Үш көк өжет атақлы,
Сатып алар шатақты.
Тораңғылдай путақлы,
Ағайинли үш тирсек.

Өзин жөплеп гүресип,
Тыққан сеңдей сиресип,
Текедейин тиресип,

Турып алар үш тирсек.

Таўыпсаң, аўа, наданды,
Ерегиске шыдамлы.
Шаршатып жеңер адамды,
Айтысқанда үш тирсек.

Саған жалған, маған шын:
Бас қосып олар жолықты.
Тирсеклердың союзын
Дүзип алмақ болыпты.

— Жолдаслар! — деди бас тирсек, —
Маңызлы истиң жайы бул.
Тирсеклердиң тарийхта
Биринши қурылтайы бул.

Биз өзгеше адамбыз,
Тухымы сийрек таралған.
Художниктей, шайырдай
Айрықша жаралған.

Аўқамы бар ғой олардың,
Биз неге союз болмаймыз?
Программа, уставты
Бекитип неге алмаймыз?

**Тирсеклердиң уставы**

"Адамзат бина болғалы,
Бундай союз болған емес.
Шайырлар қәлем алғалы,
Бизди хатка салған емес.

Сөйлесең тынбай тақылда,
Қулақ аспа ҳеш ақылға.
Мәзи өзиңди мақулла,
Не айтсаң да жалған емес.

Журт бир исти мақул десе,
Сен турып ал оған кесе.
Тирсек болалмаған киси,
Бул союзға кирген емес.

Мәселе шешкен ўағында,
Қосылып кетсең ағымға,
Союздан шығасаң онда,
Взносы да үлкен емес...

Мине устав — проект,
Ким қарсы ҳәм ким бийтәреп?
Енди баслық сайлаў керек,
Бассыз шөлкем болған емес."

Тирсеклер атты айдаўда,
Киристи баслық сайлаўға,
Үшеўи де ишинен
"Баслықпан" деп ойлаўда.

Болып кетти тапырлы,
Бәри билгиш, ақыллы.
Үш жаққа қарап үш тирсек
Үш күнге дейин гәпурды.

Бир тирсек айтса, қалғаны
Барымға ҳәргиз бармады.
Аққуў, шортан, шаяндай,
Үш жаққа тартты арбаны.

Не жоқ дейсең халықта—әй!
Айтысыўға жалықпай,
Үшеўи жалғыз союзға,
Баслық болып алыпты-ай.

Тирсеклер усылай шешеди,
Тирсектен тирсек өседи.
Үш тирсек, сөйтип, союзға
Районлардан бул күнде
Ағза излеп жүр деседи ...
*Март, 1972-жыл.*

# "ЖЕТИ АСЫРЫМ" китабынан

## ҚОҢЫРАТ

Мәрўерт суўлы Алтын көлдиң ҳаўасы
Ҳәр бир дәртке дәрман екен, Қоңырат.
Қарақалпақта қалалардың ағасы,
Көрмегенге әрман екен Қоңырат.

Келеди, келеди, поезд келеди,
Келген сайын қуўанышқа бөледи.
Ески тарийх ерте туўған ел един,
Қайтадан жаңарып күлдин, Қоңырат.

Теңизден ушқан ғаз көлиңди жайлар,
Үстирт кийиклери шөлиңди жайлар,
Қойныңда өндирис қазаны қайнар,
Жериң әрўанадай ийер, Қоңырат.

Жиңишкениң бойында жаңа қонысың,

Нәўше ақ терегиң бултты шолысын.
Бозларың бузаўлап, ортаң толысын,
Исиң раўаж алып барар, Қоңырат.

Өтер, кәрўан-кәрўан поездлар өтер,
Өткен сайын сени гүллентип кетер.
Сонда сен жасарып буннан да бетер,
Ҳаўазың әлемди тутар, Қоңырат.
*1959-жыл.*

## ГРАДУСНИК ҲАҚҚЫНДА БАЛЛАДА

(болған ҳәдийсе)

Тазе пәлек арасынан,
Үзген секерпарасы бар,
Бир ғарры келипти бүгин
Аўыл докторханасына.

- Қаўының не?
- Кимге әкелдиң? —
Десек үндемейди ол дым,
Турыпты тек күлимсиреп,
Ортасында коридордың.

Таңырқатып аўырыўларды,
Ҳәр есикке бир-бир барды.
Аңлыйды ҳәм кирип-шыққан
Ақ халатлы арыўларды.

Бул жүристе оны көрсең,
“Мына ғарры мәс-пе?” дерсең.

Бирақ ҳәзир ол туўралы
Бир әпсана еситерсең:

... Ғарры байғус, сөйтип бирден,
Ҳеш бир ойламаған жерден
Қаўын қоста мурттай ушып,
Аўырды да, қысылды дем.

Ийегине илинди жан.
Өткен жылы қайтыс болған,
Кемпири де түсине енип,
"Бейишке кел" деди оған.

Қарақанлық пенен солай,
Таң да атты көз жумылмай,
Еплеп ешегине минип,
Кетти "духтуржайға" қарай.

— "Аўырмаған киси аўырса,
Әжел оған бермес пурса"
Дейди ғой журт. Не илаж бар,
Егер дем таўсылып турса?

Сонда да мен айтсам шынын,
Қызығы бул ялғаншының
Көп пе деймен ... — деди ғарры,
Қәддин тиклеп, бузбай сынын.

Аққуў қустай айдын көлде,
Медсестра оған келди.
— Ата, хабар бергениңде
Жиберер едик тез жәрдемди.

Емлеймиз, қайғырма ҳаслан, —

Деп қол суғып жағасынан,
Сүйрик саўсақлары менен
Градусник қойды оған...

Енди тамашасын қара:
Бир заманнан медсестра
Таба алмай сол ғаррыны,
Зер-зебил болды бийшара...

Мине бүгин ғарры тәндар,
Қолтығында қаўыны бар,
Келип тур сол сестраға,
Дейди: — Қызым, бол бахтияр.

Силкип көрип алдың, қызым,
Қолтығыма салдың, қызым,
Сол кетистен үйге барып,
Терлеп уйықлап қалдым, қызым.

Сумлық екен мына дәриң,
Аўырыўдың қылды кәрин.
Баяғы Луқман тәўиптиң
Қызы емесписең, жаным? —

Деп ғарры күтә абайлап,
Шаршысына қойған байлап
Градусникти шешип алып,
Қайтып берди жузи жайнап.

Берди ҳәмде қаўынды да.
— Же, қызым, мазалы жүдә.
Раҳмет духтурларға,
Дәртке даўа тапқан мудам.
1960-жыл.

## ҚОҢЫР ҒАЗ

Айдын көлде сайран салған қоңыр ғаз
Сени көрсем қыс күнлерим болар жаз.
Сени көрсем қанат байлап кыялым,
Жас жүрегим өзин бийлеп тура алмас.

Қанатыңда келер бәҳәр әййямы,
Бәҳәрде бас қосса куслардың жәми
Қасқалдақ, бирқазан, көлдиң қутаны
Саған арыўлықта аўқам бола алмас.

Арқаның әдиўли теңизи Арал,
Аралдан ғаз кетсе кеўлим бийқарар,
Қуслар жат мәнзилде мәканлап қалар,
Адам туўған жерге тартпай тура алмас.

Ғаз келер, ғаз келер, қоңыр ғаз келер,
Ғазлар келген сәйын бәҳәр — жаз келер,
Жас адамның кеўли ышқыпаз келер,
Өмир гөззаллығын сүймей жүре алмас.

Қеўлимде муҳаббат, баста дәўраным,
Алтын жағыс Арал, шадлы мәканым,
Сайран сал қоңыр ғаз, сайранла жаным,
Саған ҳешбир суңқар пәнже сала алмас.
1957-жыл

## РОМАНС

Есиңде ме, жасыңда
Үйимиздиң қасында
Қос талшыбық көгерттик

Салманың жағасында?

Жыл артынан жыл өтти,
Билим қуўып мен кеттим.
Тал шыбықтай таўланып,
Сен аўылда ержеттиң.

Жыл өткизип арадан,
Аўылға мен бараман,
Қос терекке сүйенип,
Сени еске аламан.

Есиме түсер мениң
Суў бойына келгениң,
«Ай не ушын жалғыз?» - деп,
Сырлы саўал бергениң...

Аўа, жаным, ай жалғыз,
Сени алған қай жалғыз?
Сол балалық күнлерди
Сен де ядыңа ал, қыз.

Ҳәрре ушар, пал қалар,
Қуслар кетер, тал қалар.
«Қара көзли қоңысың,
Қайда?» деп, тал ырғалар.

Қайдан билсин қара тал,
Бойында алыс дәрьяның,
Қос терегин бир сулыў
Сағынып ҳәзир турғанын…
1960-жыл, Украина.

## РИЦА КӨЛИ

Көрмеген болсаң Рида көлин,
Бийкар Кавказды көрдим дегениң...
Онда алып барар айнадай тас жол,
Таўлар мунарланып турар оңлы-сол.
Қулар жар басынан сарқырамалар
Ҳәм муздай қурдымға сүңгип жоғалар.
Әне, ески черкес соқпағы менен
Туристлер баратыр ғаздай дизилген.
Тегис, кыңыр-кыйсық жолдың бойлары
Салланған Пицунда қарағайлары.
Бәлент жарқабақта түксийип ойшаң,
Бүркит уясында қылтыяр храм.
Төменде кең алап, ал оннан ары
Ағаш шәрдәрели абхаз жайлары.
Бзипи дәрьясының шоқ ҳарылдысы,
Көк көл жанындағы көпирдиң тусы
Бәрҳа ийрим тартып қайнаўытлаған.
Әсирлик ағашлар тамырын жуўып,
Таўдың асты менен суў келер оған.
Миңе, ҳей жолаўшы, абайлап кара
Ашылды алдыннан гөзал Юпшара!
Жасыл путаларды, гүллерди тербеп,
Шабар бул қыснақта тасқын суў гүрлеп.
Жүзиктиң көзиндей тар туннеллерден
Өтер мәрт шоферлар епшиллик пенен.
Ҳәм жылдам айланып, ҳеш гүдиксинбей,
Машина жүйиткийди таў кийигиндей,
Қандай сулыў едиң, о абхаз жери.
Зерли касадағы шараптай көлиң.
Ержүрек шоферға, айтта раҳмет,
Отыр глиссерге, көлди сайран ет.

*   *   *

Көрмеген болсаң Рица көлин,
Бийкар Кавказды кердим дегениң...
Онда тәбияттың мәңги байрами,
Онда саяҳатшыл жаслар сайраны.
Тәбият сулыўлығы жеткен кәмалға,
Ҳәм ол мийрас болған жаңа адамға,
Енди кең ўатанның түпкирлеринен,
Сибирь, Латвия, өзбек жеринен,
Ҳәр күни келер бунда ўатанласларым.
Өз туўған жериндей аралар бәрин.
Айна көл бетинен өз жүзин көрип,
Қызлар муҳаббетин еске алар күлип.
Сетемшил маралдың аңқаў елиги
Шошаңлап ойнап жүр иси еригип.
«Шайтан таяғы» деп аталған шыңнан.
Иймек тумсык бүрқит суқланар оған.
Ақ баслы асқар таў шыңын көргенде,
Ақыллы-Гулия ғарры бул жерде,
Желбегей жамылып тоғай — бурқасын,
Шегип ақ дуапнан ол трубкасын,
Ойлайсаң жанбаслап жатырмекен деп,
Арыў Рицаның дәстанын сөйлеп.

*   *   *

«Көк теңизге асыққан
Юпшаранын жағасында,
Дәўлердей ийин тирескен
Таўлардың арасында
Өсти Арица сулыў,
Мақтанышы Абхазияның
Сүйди Арица қыз

Әрманлы Абхазиясын,
Күйди ышқы отында,
Гегоның ышқысында.
О, бирақта жас батыр
Өлди қанлы саўашта.
Өлди ол туўған жериниң
Қалқаны етип көксин.
Сонда ол кешки жулдыздай —
Әрманлы Хулпы Яцадай.
Жигери күйген қайғыдан
Азалы Арица қыз
Изледи тынбай таўлардан
Гегоның жас қәбирин,
Қәбирин сүйген ярдың
Шарқ урып изледи ол.
Изледи... Таппады бирақ
Ярының кәбирин ҳеш
Ҳәм терең суўға тик жардан
Өзин сонда таслады қыз.
Жылады жасыл таў сонда,
Жылады кешки жулдыз.
Жылады арыўды жоқлап
Ачарпан — абхаз сазы.
Қыз өзин таслап өлген
Дәрьяға кулады таў
Ҳәм көмди кесе белден
Ашыўлы тасқын суўды.
Усылайша жасыл таў сонда
Рица көлин туўды
Әне, сол қүннен берли
Басында бәлент таўдың
Көл пайда болды сөйтип,
Оған адамлар келди.
Арица өлген күни.

Қайғыдан көгерди күн.
Ҳәм оның көгис сүўретин
Көл мәнги сақлап қалды.
Соннан берли Рицаның
Суўлары көк түс алды.
Ал оның тереңлиги
Қаншелли десең егер,
Әрманлы Арицаның
Гегоға болған ышқы.
Қаншелли терең болса,
Көл сондай түпсиз терең».
Абхазия, 1955-жыл.

**АЛМА—АТАҒА**

Арқаның Әўезовы, Муқаны ма...
Қазақша китап түссе дүканыма,
Еледе баяғыша бас саламан...
Алма-Ата, аға журтым, әссалам ал!
Әссалам ал, қазақтың астанасы,
Келдим мен қуўанышым бастан асып...
Қарақалпақпан Әмиў бойын жайлаған,
Малы мыңлап, жылымлары майлаған;
Ақ пахтасы наўрыздың қарындай,
Тарым егиз домбыраңның тарындай.
Қара таўдан түлеп ушқан суңқарман,
Алма-Атаңды бир көриўге иңкарман.
Түбири бир туўысқансаң, қазағым,
Мухтар, Сәбит, Жолмурзадай өз ағам.
Шайырыман Нөкис деген қаланың,
Шоқан айтқан бүлбилимен даланың.
Иним деп мени еске ала қойсаң,
Аўылыма қонақ болып бара қойсаң,
Тың жердей кең пейилли ағам казақ,

Инилик иззетим көп саған, қазақ!
*1959-жыл. Алма-Ата*

## ПОЭЗИЯ ҲӘМ ККИЗ ҲАҚҚЫНДА ЖОЛДАС МАЯКОВСКИЙ МЕНЕИ ГҮРРИҢ

Аз емес.
бизде де көп жетискенлик,
Айтарлық
салтанатлы күн келгенде,
Бирақ, тек
гүпсиниўден
болмас теңлик,
Сөйлейин
кемшиликтен
сизге мен де.
Бүлинбей
майда жанлы
гейбиреўше,
"Домалақ арза" жазып,
сырттан сайып,
Сөйлесип
тири менен тирилерше,
Ашықтан ашық
бәрин
сөз қылайық.

Бизде бар
маржан қосық,—
өмир жыры,
Шаббазлы гүлабыдай
тил үйирген.
Бизде бар
арзан қосық,

keткен сыры,
Сыядан бурын кеўип,
аты сөнген.
Басқа истен
поэзияның қай жери кем ,
Пайдасы, ҳәжетлиги,
баҳасы ма?
Бирақ та гейбиреўлер
оны әбден
Былғап жүр,
шек келтирип сапасына.
Баяғы
"гүл", "бүлбилди" уйқастырып,
Шатпақлап,
өзгертпей-aқ үш бастырып,
Ол да аздай
онға бөлип ҳәр қатарын,
"Маяковскийдиң жолы" деп
былғастырып,—
Алып жүр
он төрт сомнан гонорарын.
Сиз түрткен
жалғыз қатар қосыққа да
Алыўға турмас еди-аў
соның бәрин!
Сөзлерди тарт қулақтан,
тық апарып,
Орыны бар ма, жоқ па,—
емес дәркар.
Қалаўын тапсаң
қар да кетер жатып,
Редсовет ҳәм Союздың
қарары бар...
Не деген үндеў белги,

көп сызықша,
"Жасасын"
"алға", "ура",
"экскаватор"!
Сеспе-сес
шалыс уйқас түскен пуқта,
Критик
кемшилигин
айтып "батыл",
Баҳалар:
"идея зор, — деп, — бул қосықта".
Көп жыллар
қәлем тартты
"ҳарып-талмай",
Жазғаны шығып турды
бири қалмай.
Оннан соң қабақ түйип
салған жерден,
Қасына ескерткиштиң
бара салып,
Астына
төрт гербишти қоя салып,
Бақырды
"мен мында" лап тенор менен.
Турсам деп
классикке жақынырақ,
"Жас шайыр" десе биреў,
келди ары.
"Бет-аўзын
ғаўлап сақал басты, бирақ,—
Тып-тыйпыл
көсе болды қосықлары"[7]
Китабы

[7] Бул еки қатар бир қазақ шайырынан пайдаланылды. И.Ю.

өтпей жатса магазинде,
Айыплап
окыўшыны сөкти күнде,
Көзине
қопаллығын айтсаң, олар —
Тырнақ асты кир излеп,
түсер изге.
Жол таўып,
қәлем ушы
саўда қылар...
Жүриңиз,
кеттик енди ККГИЗ ге!
Қолымда
сизиң анаў болған аңыз —
Жүректи
жарып шыққан поэмаңыз,
Ентелеп,
директорға бардым тикке.
Ол айтты:
— Хош, басамыз, қысынбаңыз.
Бирақ, бир
кирип шығың начальникке…
Баспа сөз басқармасы
болмай табы,
Отырды
буйрық жазып авторларға.
Буйрықтан
Сыртта калды
өз китабы,
"Жүзикке
қастай қонды"
басқаларға.
Насыбайға тилин төсеп,
мекиренип,

— Планнан шығып қалды
бунъң, — дейди. —
Пееспективный планға
өткизейик,
Бюджети ККГИЗ диң
көтеймейди!..
(Бундайда
өзгертесең тактиканы.
Өйтпесең,
жазғанларың
шықпас ҳәргиз!)
— Пулсыз-ақ берер едим бул
аўдарманы?..
— Болмайды!
Баяй жейге байыңыз сиз!
— Былай ғой, отағасы...
— Былайды қой.
Айтқанға
қулақ асыў қолайлы ғой.
Тактикам босқа кетти,
сөйтип, мениң.
Обкомға кеттим, мине.
Обком жолдас,
Айырып ақ-қарасын
мәселениң,
Темирдей принципке
тутты ырас...
Эҳ, егер
сиз айтқандай,
қасқыр болсам,
Кемирер едим мен де...
Сонда неге
Жүрмейди
Халық жүрген туўра жолдан?

(Бундайлар
бар ғой бираз мәкемеде).
Ал бирақ
Халықта бар жақсы мақал:
"Айды ҳеш
етек пенен жаўып болмас".
Бағында поэзияның
ҳәзир бәҳәр,
Жүр кеттик сайранлаўға,
шайыр жолдас!
Мен сизге
аралатайын жас үлкемди,
Мектебин,
колхоз, завод,
қаласын да.
Республикамның
жаслары, жасы үлкени,
Қуўанар
Сизди көрип өз арасында.
*Апрель, 1955-жыл.*

## ИРПЕНЬ[8]

—Ийтиңди усла, ҳәй, қараўыл!
Пай, өзи бир жер екен көркем.
Не еди еле... Бул қай аўыл?
— Ирпень, Ирпень!

—Аўа, Ирпень...Асығып келдим,
Жазайын деп. Сәлем, еркем!
Нөкистеги Ашшы көлдиң

---

[8] Ирпень – Киевке жақын жердеги өзек ҳәм оның бойындағы станция. Онда украин жазыўшыларының творчестволық үйи бар. И.Ю.

Бойынан келдим.
Ирпень, Ирпень!

Ол қандай көл дейсең ғой, я?
Оо! Әжайып көл ғой көркем!...
Дем аласаң ба, шомыласаң ба,
Сууы да ем...
Ирпень, Ирпень!

Кояйық жырын Ашшы көлдиң,
Өйткени, жаным, бул жерге мен
Дем алыў емес, ислеўге келдим.
Ирпень, Ирпень.

—Ал онда исле. Минекей жай,
Бир өзиңе бир жай берген.
Телевизор, нарзан ҳәм чай ...
Бәри тайын.
Ирпень, Ирпень.

Қум төбешик, қарағай, кайың,
Тәбияты не деген көркем!
Бурынғы помещиктиң жайы,
Тынық суўлы өзек—Ирпень.

Прозаиктиң машинкасы
Шегирткедей шытырлар көркем.
Ал, көбинесе шайырдын иси
Суў бойында...
Ирпень, Ирпень.

Украина акшамлары,

О, Куинджи[9], қандай көркем!
Кеште костёр жанына барып,
Сөйлесейик...
Ирпень, Ирпень.

Романист қалың томын
Толғатып келер бул жерге бирден.
Поэзияның роддомы—
О, сүйикли
Ирпень, Ирпень.

"Жазыўшылар ҳәзлик қуўар"
Деген былшыл дым ескирген.
Қосық азап пенен туўар.
Гүўасы—өзиң,
Ирпень, Ирпень.

Талай дослық, пәрўаналық
Басланады усы жерден.
Жазыўшылар—жапакеш халық,
Өтирик пе,
Ирнень, Ирпень?

О, Болдином[10], жыллы мүйеш,
Отыз күн болдым (тек те бир кем...)
Умытпайман мен сени ҳеш,
Ирпень, Ирпень.

Патриотың болғанлардың

---

[9] Куинджи А, И,—белгили сүўретши. "Украина ақшамы" атлы сүўреттиң авторы.

[10] Боддино—Пушхии Болдино аўылында бир гуз болып, онда көп шығарма дөреткен. И. Ю.

Дизимине мени де тиркең.
Қышқырығы поездлардың...
Хош, аман бол,
Ирпень, Ирпень!

*1960-ж.*

*  *  *

*Леонид Новиченкога*

Сен "достымды көп ўақ изледим" дейсең,
Достың қара көзли бир сайғақ еди.
Ай қараңғы еди, түн узақ еди,
Сен "достымды көп ўақ изледим" дейсең...

Дәрьядан суў ишип, тың-тыңлап сайғақ,
Саған жетиў ушын асыққан ўақта,—
Аш көзли аңшыдай даўыл масайрап,
Атты жылдырымын жасыл садақтан.

Сайлар сел-сел ақты, жапырылды шөплер,
Жас емен шақасы шарт етип сынып,
Даўыл ҳүкиминде болып қара тер,
Сайғақ түн ишинде кетти шығынып.

Түн бойы қыйқыўлап изледиң оны...
Енди отырып гейде дәрья бойына,
Сағынып еслейсең сол дослығыңды,
Айралық ақшамын алып ойыңа.

Ал достың еки қум ортасы менен
Еркин гезер ҳәзир. Далалар дөнер.
Баяғы шақасы сынған жас емен
Гейде шақырар оны, түсине енер...

# "Йош" китабынан

* * *

Заманынан кеш туўылған адамлар,
Мен аяйман сизлерди.
Ҳәр күни сиз оянғанда көресиз,
Ерте турып басылған көп излерди.
"Қайда асығар бул излердиң ийеси?"
Деп атлы изинен жаяў барасыз.
Мисли жат мәжилиске кирген бир киси,
Тилге шала түсип, еснеп қоясыз.
Адамлардың ай, жулдызға ушқаны
Сизге ертек яки бир түс көргендей.
Былтырғы газетанын бүгинги санын
Быйыл оқын "жаңалықты" билгендей...

Заманынан ерге туўған адамлар,
Мен аяйман сизлерди.
Төменги классқа қайтадан түсип,
Парталасқандай боласыз бизлерге.
Сиз бир гезде оқып кеткен китапты
Журт жаңалық билип оқып аткандай.
Озық еллер басып өткен этапты
Бир қалақ ел жаңа өтип атқандай.
Арман барып жеккеликтен зеригип,
Биз жеткенше сиз қайырлып турасыз.
"Туҳ, не деген асықпайтын адам" деп,
Журтқа гийне қыласыз...

Ўақтында дүньяға келген адамлар,
Қутлықлайман сизлерди!

Апрель, 1974-жыл.

## ЖАҢА ЖЫЛ ТИЛЕКЛЕРИ

Жаңа жылдың босағасын атларда,
Нелер түсип, нелер түспес ядларға!
Былтыр еситкенди, быйыл көз көрер,
Дүнья жақсылыққа қарай өзгерер,
Биржыл—уллы қурылыс ел өмиринде,
Жаңа алтын тауы—жер өңиринде,
Адам өмиринде бир жыл дегениң
Бурқытып жумсаған ғәзийнең сениң.
Жыл басында көп шәртке қол қойғансаң,
Ҳәм үш жүз алпыс бес гәуҳар алғансаң.
Соны "кирис", "шығыс" қылыўды санап,
Жыл соңында сеннен етеди талап,
Суммасын сен сол бийҳесап бюджеттиң,
Қәне қандай иске ғәрежет еттиң?
БАМ —ның қурылысына үлес қостын ба,
КамАЗ қурып я космосқа уштың ба?
Көпир болып уллы тарнаўдың үсти,
Қостың ба я "Тахиятас— Нөкисти"?
Мол пахта базасын дүзип Елликте,
Газ аштың ба Үстирттеги шөлликте?
Я сүздиң бе сары алтынның қырманын,
Бас саны көбейип, өстиме малың?
Я балық суздиң бе Арал теңизде,
Жүрдиң бе я мағлыўматта ең изде?
Республика юбилейи алдында,
Нөкистен мәрмерлеп сарай салдың ба?
Я бир канал, я коллектор қаздың ба,
Илим куўып яки китап жаздың ба?
"Сапалы ис" деген жарлық алдың ба?
Яки тәлли —пәлли жумыс қылдың ба?
Бир жыллық сол ҳасыл капиталды сен
Жумсадың қайсындай "айланыс" пенен?

"Счетыңа" түскен сол сумма қайда,
Планнан тыс қанша түсирдиң пайда?
Жалған акт жасап, сол көп дәўлеттиң
Қаншасын оң—солға исирап еттиң?
"Дебет", "Кредетиң" қайсындай ҳалда?
Есап —шот қыласаң ҳүждан алдында.
Ҳәр жыл жуўмағында Жәмийет ағаң
Соған қарап баҳа береди саған...
Бул сөз —жекке-жарым адам ушын тек,
Халқым, бул сөзимди сен көрме әнтек.
Сен өмирдиң қәдир —қунын билесең,
Ҳәр күниңе жыл мазмунын бересең,
Саған өз хызметин арнаған адам,
Даңқ ҳәм абырайға бөленер мудам,
Уллы азаматлық табысың менен.
Жылды жуўмақладың, тойла енди сен!
Жаңа жылды қарсы алайық қатырып,
Кетсин шампан тығынлары атылып,
Гүллердей долансын Ўатан қызлары,
Жаңласын бахыттың қосық —сазлары.
Жас баҳадыр Жаңа жылды Қарбаба
Сахнаға жетелеп шығар алдыңда
Уллы семья —кең столды айналып,
Бахыт кәсаларын қолларға алып,
Жаңа үмит пенен шәўкилдеп жүрек,
Тилейик ен жақсы, ең сулыў тилек:
Дүньяға-тынышлық ҳәмде парасат,
Жоқ болсын ғаўғалы урыс—арасат!
Дослар жыламасын, душпан күлмесин.
Шөлде жуўсан емес, бағлар гүллесин.
"Байқоңыр —Ай" турист жолы ашылып,
Жулдызлар космоста жатсын шашылып.
Бултлар биз айдаған жақларға көшсин.
Буўдай шөрек болып атызда өссин.

Бүлбил ашықларға уйқы бермесин,
Ҳәр үйде аналар бесик тербесин.
Ағашлар мийўаға байып жығылсын,
Баллар шоколадқа тайып жығылсын,
Жаңа жылды қарсы алайық қатырып,
Кетсин шампан тығынлары атылып!
1974-жыл, декабрь.

## ЕЛЛИККЕ ЕЛ ҚОНАР ЗАМАНЫ КЕЛДИ

(Еллик қала массивин ашыў салтанатында оқылған қосық)

Айдынласып дослық, ығбал гүзары,
Заманы бирлердиң ҳамалы келди,
Дәўран он айланып, дүнья тазарып,
Елликке ел қонар мәҳәли келди.

Мақтасаң арзыр бул уллы заманды,
Гүлистан етсем дер ҳәмме таманды.
Патшалар сүреалмай кеткен дәўранды,
Дийханлардың сүрер майданы келди.

Елге бир нәўбетдур, жерге бир нәўбет,
Жердиң тилин билген болар ҳәмсәўбет,
Ағар булақ абаданлық мол дәўлет,
Кемлик бәдар кетип, кәмалы келди.

Қеўил кеўилден суў ишип турғандай,
Мийрибанлық сүти менен жууғандай,
Барлық миллет бир анадан гууғандай,
Дослықтын дарағы мийўалы келди.

Гөззаллық бабында бәҳәрдиң паслы,
Дийхан баба десер халқының ҳаслы,
Аты Өзбекстан алтын қуяшлы,
Таң шуғласы киби жамалы келди.

Дослық, туўысқанлық кәспи-ғәрезим,
Бир маңнайға питкен жуп қумар көзим,
Арқа бетте қарақалпақ, Хорезм,
Бир дуўтардан еки намалы келди.

Әмиў жағалаған етекли елим,
Бир гүлшанда өскен рәңбараң гүлим.
Карақалпақтың мақтанышы Төрткүлим,
Сени десем тилим саналы келди.

Мийнет майданынында халқың палўандур.
Топырағың әлҳасыл кәнге толғандур.
"Бейиш о дүньяда" деген жалғандур,
Жамалың жәннетден зийбалы келди.

Бул жәннетти халқың қолдан жаратқан,
Сыйлыққа алмадың сен тәбияттан.
Халық айналсын сендей даңқлы елаттан,
Дәртлериме мудам даўалы келди.

Бирўнийдиң даңқы әлемге кеткен,
Бабасы дүньяға илим үйреткен.
Дийханлары жер тилсимин сөйлеткен
Ақ алтынның алғыр маманы келди.

Кимниң қолы жетсе кең, ҳасыл жерге,
Қут дарыр бәрҳәма оныңдай елге.
Жаңадан жан кирип және бир шөлге,
Елликке ел қонар заманы келди.

Еллик! Узақ дәўир жаттың боз болып,
Ыссыда табанға тийдиң қоз болып,
Енди ел аўзында жаңа сөз болып,
Атың хат басында намалы келди.

Ата-баба қоныс басқан жерлерге,
Дәрья аўнап, безип қашқан жерлерге,
Мың жыл бурын халқы посқан жерлерге,
Енди коммунизм бәҳәри келди.

Шайырлар даңқыңды журтқа билдирсин,
Арқаң Аяз қала, қублаң Гүлдирсин,
Қутлы қоныста ел дәўранлар сүрсин,
Жаңа дәўран заўқы-сапалы келди.

Тайнапыр техника урды жәўланды,
Асфальт жоллар қайыс киби таўланды,
Қус қапаты күйген шөллер суўланды,
Даңқлы СМУ лардың майданы келди.

Халық сүйген қаҳарман Нарбай, Розым,
Қырық жигитке татып турсаң бир өзиң,
Уллы Мәскеў, Ташкент, Бухар, Хорезм,
Саған ашық деген хабары келди.

"Коммунизм" колхоз шаңлы мәканың,
Даңқлы Нарбайлардың гөззал ўатаны.
Еллик—ерлик қаласы деп атанып,
Батырлық мийнеттиң майданы келди.

Патша боп Искендер Зулқарнай өткен,
Жаўлап алған жерин шөлистан еткен,
Бүгин сол шөллерди гүлистан еткен

Искендер ағаның дәўраны келди.

Еллик—ески тарийх бина болған жер,
Ойы —егис, дөңи —қала болған жер,
Бируний бабамыз бала болған жер,
Қанша тарийхлардан гүўалы келди.

Қубласында дәрьясы бар, ели бар,
Батысы балықлы Ақша көли бар,
Арқасында шарўаға жай шөли бар,
Таўы Султанөйис ҳаўалы келди.

Елге дәўлет ҳасыл топырақ болып,
Пахтаның шанағы зербарақ болып,
Көсеў шанышсаң көгерердей бағ болып,
Шыбық суққан жерден нәрўаны келди.

Елликтиң ертенги көрки — қумарым,
Жаңа түскен жас келиндей жамалың,
Көрип турман "ақ алтын"ның минарын,
Жоңышқасы жипектей гиялы келди.

Қыябанлап шапқан шел көрип турман,
Шел ишинде қызыл гүл көрип турман,
Елликте бир абад ел көрип турман,
Бағы сарҳаўызлы саялы келди.

Жери дөнген қундыз көрип турыппан,
Ертең мың сан ул-қыз көрип турыппан,
Талай алтын жулдыз көрип турыппан,
Өңири толы орден, медалы келди.

Аўыл көрип турман қаладан зият,
Әтирапы пахта, жасыл тәбият,

Алмасы шәйнектей, қаўыны-набат,
Жемиси кеўлиме мазалы келди.

Кеште қыз жигитлер бағды аралап,
Жолда "волга", "москвичлер" сырғанап,
Туўыў үйлеринде баллар иңгалап,
Қыялыма шадлық базары келди.

Еллик-ертеңгиниң Жаңа дәрбенти,
Тоғызыншы бес жыллықтың перзенти,
Жайнай бер елимнин жаңарған кәнти,
Жулдызың соныңдай жоқары келди!
1973-жыл.

## ХАЛҚАБАДТАН ҚАНША АДАМ КЕЛМЕДИ...

Олар даңқлы жеңис күнин көрмеди...
Уллы Москва ҳәм кирттай Халқабад,—
Бир елден жигирма миллион азамат
Жан берди, Ўатанын жаўға бермеди.
Айтып берер едим ҳәзир атма ат,
Халқабадтан қанша адам келмеди.

Қайтқан—қайтпағаны ҳәммеси батыр,
Ҳәр бири Рустемдей дәстанға татыр.
Беларусь жеринде ме,
Днепр бойында ма,
Кай жерде мәңгилик уйқыда жатыр?
Олар жығылса да алға өрледи.
Жанын берди,
Елин жаўға бермеди,
Кегейлиден қанша азамат кетип,
Халкабаттан қанша жигит келмеди.

Кимге перзент, кимге сүйген яр ма екен,
Қурбан бермеген үй табылармекен?
Алыстағы урыстың азабын тартпай,
Баўыры пүтин қалған адам бармекен?
Қанлы урыстың аўыр зардабы өтип,
Үй барма сынбаған ығбал шөлмеги?
Шымбайдан қаншама жигитлер кетип,
Халқабадтан қанша адам келмеди!

Уйықлаңлар! Батырлық жулдызларыңыз
Ўатан жүрегинде, төсинде сақлар.
Сиз бахтын қорғаған әўладларыңыз
Дунья турғаншелли есинде сақлар.
Хожелиден қанша жигитлер кетип,
Төрткүлге қаншама мәртлер келмейди.
Олардың руҳын ел таўап етип,
Олар мәңги уйқылар, бирақ өлмейди.
8-май, 1975-жыл.

## ГҮРГЕН ДӘРЬЯЛАРЫ ЖОЛ БЕРЕР СИЗГЕ

Наколай Тихоновқа

Мәжилис столына омыраў артсаңыз,
Зал баладай қулақ түреди сизге.
"Жол бергин. Гүрген!" деп қосық айтсаңыз,
Бәлким дәрьялар жол береди сизге.

Сизди көрсем, бир күш тасып бойымда,
Жаслық селлерине сайдай толаман.
Аллаберди аўылының тойында
Бирге тойлап отырғандай боламан.

Мудам гүллеп жатар жас кеўлиңизде

Шайырлықтың "Грузия бәҳәри".
Арқар болып ерип кетемен сизге,
"Серго соқпағынан" барған сапары.

Уллылық бир дәрья. Бойынан онық
Биразлар уллылық излер өзине.
Кишкене булақлардың гөззаллық сырын
Олар түсине алмас, илмес көзине.

Сиз қанша биймәлим булақлар көзин
Таўлар қыснағынан таўып аштыңыз.
Сизде мол Горькийше аталық сезим,
Сиз ҳәмме халыққа баўыр бастыңыз.

Бизиң улан пайтақ елимиздеги
Шайыр әўладының ақсақалысыз.
Қосық тартқан кәрўан жолымыздағы
Көш басында барар қызыл нарысыз.

Кандай жақсы: уллы—киши деместен,
Паңсынбай ҳәм жатырқамай сүймек бар.
Өзгениң намасын өгейсинбестен,
Ышқысында Тихоновша күймек бар!

Бийик минберлерден сиз сөйлегенде,
Зал баладай тынып қулақ түреди.
Узағына соғып турғай геўдеңде
Рус шайырының жомарт жүреги.

Ог басында шарап ишискенлердиң
Мийнетсиз қәйтип "дос болғанын" көрдим
"Достым көп" деп жүрген талай мәртлердиң
Ең соңында жалғыз қалғанын көрдим...

Гүргенлер жол берер тартылып суўы,
Сиз ең бай адамсыз туўысқанларға.
Сиздеги қартаймас жаслықтың пуўын
Тилеймен қартаймай суўысқанларға.
Ноябрь. 1974-ж. Москва.

Тусиниклер: Атақлы рус совет шайыры Николай Тихонов Кавказ ҳәм советлик Күншығыстағы көп ғана жас әдебиятларды дүньяға танытыўда умытылмас атаханлык еткен киси. Ол 30-жыллары "Жол бергин, Гүрген, жол бергин!" деген күншығыс халық намасының мотивине қосық жазған. Аллаберди— Кавказдағы бир аўылдын аты. Ол аўыл ҳаққында оның қосығы бар. "Грузия бәҳәри " — Н. Тихоновтың қосық китабының аты. (И. Ю).

## ҚӘЛЕМЛЕС ДОСЛАРЫМА

Бир үркер астында туўған досларым,
Заман берсин қуўат илайым сизге.
Сизлерсиз жоқ мениң кеўил - хошларым,
Бүгин бир минажат қылайын сизге.

Кимниң жолы барыс, улыў я мешин,
Айырыў шәрт емес ертесин-кешин.
Туўғанда жазбаған метрикесин
Қай архивтен излеп табайын сизге.

Ким аға, ким ини, қурдас яраны,
Жүйрик қәлемлердиң гөззал қурамы.
Шақырғанда заманласлық ураны,
Түйдей қурдас болар Ибрайым сизге.

Қырқ жыл қәлем тартқан Жолмырза ағам,
Шайырлық соқпағын силтедиң маған.
Инилик иззеттен гүл терип саған,
Гөруғлының тонын жабайын сизге.

Сапар, Тилеўберген ағалар болса,
Ҳәр бири бир арна, жағалар болсаң,
Байнияз аға, гүл аралар болсаң,
«Гүлнараң» жолыққай илайым сизге.

Дәуирлес, қәлемлес жанажанларым,
Тәжет, Ғалым кетик қәдирданларым,
Төлектиң тулғалы романларын
Басыма көтерип барайын сизге.

Кел, тақыўа достым Кәрамаддийин,
Ҳәк ашқан жериниң жүйлейик жүйин,
Ақыл бериў аңсат, атқарыў қыйын,
Жеңил жолын қайдан табайын сизге.

Ағаларым Айтбай, Жолдас, Хожабек,
Жасларға - жол, жасы үлкенге - ҳүрмет.
Шаўдырбай жар мойын, Узақбай өжет,
Айтыңларшы қәйтип жағайын сизге?

Жораларым Юрий, Өсербай, Абат,
Оразақсыз маған ашшыдур набат.
Сапарбай философ, Қалый, Халмурат,
Такаббырлық туўын жығайын сизге.

Мәтен, Улмамбетсиз менде жоқ жүрек,
Туяна Кеңесбай, кишкене Төлек,
Кеўил бир, шайырлық жолымыз бөлек,
Мендағы мақсетлес ағайин сизге.

Жолдасбай, Исмайыл, Қабыл досларым,
Жаңабай, Толыбай, Камал жасларым,
Тараўға Қырықбайдың қалың шашларын,
Уста болып тарақ соғайын сизге...

Дәўран атын сүрсем, - сиз бенен сүрдим,
Мерекелес болып, мәжлиске кирдим,
Ҳамалы бир десер заманы бирдиң,
Шаршасаңыз бир ат болайын сизге.

Қуяш нуры - кеўил аспанымызға,
Әжелий муғаллақ-душпанымызға
Бәлент пәрўаз әйлеп ушқаныңызда,
Қолтығында қанат болайын сизге.

Көп уўықта болар бир мақсет - тилек:
Бәри бир шаңарақты көтерер тиреп.
Сонда гүлдиреўиш турар гүркиреп,
Мендағы бир уўық болайын сизге.

Дос-яранлар ийни келген ўағында
Айтысар-шертисер хызмет бабында.
«Татыўлық» деген бир ийисли сабынға
Жуўсақ кеўил кири жоламас бизге.

Оқып көрсем «Шежиресин» Бердақтың,
Бирлик пенен арба соққан жер таптым.
Бахты гүрлеп бүгин қарақалпақтың,
Аты хаттан шығып, түсип тур көзге.

Халқым татып таза бағдың алмасын,
Бурқып ақты көркем сөздиң арнасы.
Биз айдаған әдебият арбасы

Дүнья басы мүлкдур ол ҳәммемизге.

Жаңа қосық жаңа дәуирден нышан,
Әўел бул арбаны айдады Асан.
Бул бир әжеп арба серлеп қарасаң,
Халық қызығып турар айдаған гезде.

Нөжим, Әмет, Жолекеңлер басында,
Олар ҳәм айдаған биздей жасында,
Аббаз, Садық минип алтақтасында,
Халыққа сөз унатып, көп түскен көзге.

Хожекең де буған көп көрген шара,
Марат ҳәм жолына болран пәрўана,
Арысын төбелеп Әденбай бала,
Мақтаўын асырып, ысырған бизге.

Қыйқыўын жеткизип көплеп-көмеклеп,
Айдап киятырмыз биздағы еплеп,
Шыйқылдаса майлап, саўсаса сеплеп,
Шүйин қатайтамыз босаса тезде.

Оңлаймыз, сазлаймыз ортаға алып,
Жумыстан кейин ҳәм қасында қалып,
Гүпшеклеймиз ҳәмме қыйқыўды салып,
Арба шығарлыкқа бет алған гезде.

Арбамызды журт мақтаса қуўанып,
Жаманласа, - қысырымыз суўалып,
Бир күн ҳәм қоймаймыз оны туўарып,
Асығамыз мақсет - мәнзилимизге.

Жолаўшы жол қарып, шаршар болмайма,
Арбакеш ҳәм жақпай кетер сондайда,

Көтергини жулып алып, сол жайда
Урсақ деймиз оны, келтирмей сөзге.

Алдың кеш, қонақ жай тапқаның ҳесап,
Дус келер бир отаў, жағыўлы ошақ,
Тынығып, қайтадан биз апақ-шапақ,
Таң сәҳәрден тағы жол тайын бизге...

Пахтакеш ақ алтын кәрўанын тартып,
Машиналар барар жолларда шалқып,
Биз елдиң руўҳый байлығын артып,
Апарамыз алтын дәўиримизге.

Түр болсын деп бул бир тымсаллы қосық,
Ат жектим, досларым, арбаны қосып...
Сиз бенен бир жасап, сиз бенен йошып,
Сәўбетлес болыў зор ғәниймет бизге.

Ақшам таўықлар ҳәм уйқыға жатар,
Сигарета сорып таңымыз атар,
Нанлары минлетли, сораўы қатал,
Бир бахытлы ҳөнер берилген бизге.

Көз нурыңнан тамған көркем сөз қандай,
Бул бир ийне менен қудық қазғандай,
Халыққа сөзиң жағып кетсе азғантай,
Шешең қыз туўғандай, нур енер жүзге.

Өзиңе сезилмес журттың сезгени,
Ким унатсын көп сөйлеген езбени,
Қалтқысыз өлшеген халықтың безбени
Нақ баҳасын берер ҳәр аўыз сөзге.

Усталар жай салар берип ықласын,

Дийқан минлет етпес еккен пахтасын,
Мақтаса сөзиңди халқың мақтасын,
Ҳасла салығы жок айтқанның жүзге.

Қәлемлес, зәңгилес әзийз досларым,
Ҳеш бир ортаймасын толы йошларың,
Әмиў бойларының бүлбил қусларын
Ҳәзир көп жер таныр еллеримизде.

Заман көркин тынбай сайрап жүрсин деп,
Ҳаўазына жәҳән қулақ түрсин деп,
Жас әўладқа жан азығын берсин деп,
Шийрин зибан берген тиллеримизге.

Сөз маржаны ол ҳәм елдиң дәўлети,
Қызсын алтын қәлемлердиң сәўбети,
Бизде болса хызмет қылыў нәўбети,
Аянбай хызметлер қылайын сизге.

Көз тиймесин, заман алға кетип тур,
Халықтың кеўлиндеги бир-бир питип тур,
Дәўир бизден төрели сөз күтип тур,
Кеңнен ашып кеўил сарайын бизге.

Сентябрь 1976-жыл.

## ӘМИЎ ГҮЛЛЕРИНЕ

(Республикамыздың даңқлы ҳаял-қызларына
шайырлық арнаў ҳәзилнамасы)

Жаным қурбан сизге, анаханларым,
Ана-қарындасым, жеңгежанларым,
Ҳәр күниңиз толып ығбал заўқына,
Шадлық пепен атсын ҳәр бир таңларың.

Не тилек бар,—бәрин тилейин сизге,
Шайырлық гүллерин терейин сизге,
Ерлерге қыймаған қосықларымның
Бәрин жыйып—терип берейин сизге...

Адамзатқа жүрим берген анасаң,
Перзент ушын не отларға жаңасаң,
Қустың сүтин тауып бер деп сорасаң.
Таппасам да излеп келейин сизге!

Әлпешлейин ҳәрне сыйлайсаң десең,
Алтын—гүмислерге бөлейсең десең.

"Аналық ҳақымды төлейсең" десең,
Оның бәрин қәйтип төлейин сизге!?

Мийрими теңиздей, пейли даладай,
Даңқлы адам бар ма сирә анадай!
Адамзаттың ең уллысы Ильич те
Анасына бас ийипти баладай.

Мен қозғап нетейин тарийх таманын,
Өткенде бар еди зарлы заманың.
Уллы Ленин ығбалынды жайнатып,
Гүл болып ашылды сулыў жамалың.

Гүлге түсип жаңа заман қуяшы,
Ай киби жаңарды қызлар санасы.
Теберикдур ол Жумагүл апаның
Аппақ шашларының ҳәр бир таласы.

Мийнет десе, сиз мәрдана болдыңыз,
Ақлы кәмил бир дурдана болдыңыз.
Коммунизм әўладларын өсирип,

Рахмет, қаҳарман ана болдыңыз!

*      *      *

Амансаў барсыз ба, бәрна жеңгейлер!
Суў бойынан гүллер терейин сизге.
Шайыр жүрегине жерисең егер,
Геўдемнен суўырып берейин сизге...

Ағаларым жақсы, өзлериң жақсы,
Он төрттеги айдай жүзлериң жақсы,
Қәйинлериң басы қышып сүйкенсе,
Жуўаптан ушырған сөзлериң жақсы.

Шымбайда Амангүл, Төрткүлде Сара,
Ҳәр жеңгемниң орны дарама-дара,
Қызлардың баслығы Әлийма жеңгем,
Женсоветке түссең көреди шара...

Баслық болың десе Енежан болдың,
Сахнаға шық десе Айымхан болдың,
Санитар бол десе Сәлийма болып,
Жер жүзилик даңқлы сыйлықлар алдың.

Абысының жақсы, бийкешиң жақсы,
Таза кәйўаналық кеўлиңниң нақшы,
Үйге де, елге де теңдей жараныў,
Сизден келинлерге мийрас болмақшы.

*      *      *

Ҳармаң, қайненеси сүйген келинлер!
Таң самалы не деп сыбырлап кетти?
Базда мыйық тартса қаймақ еринлер,

Кайнағаңнын мурты жыбырлап кетти...

Инилерим —ғошшақ, өзлериң дилбар,
Сизлерден шырайлы қайсындай гүл бар?
Илгир зейниң шынқобыздың тилиндей
Ел сынынан өтсең елиңиз сыйлар.

*      *      *

Амансыз ба, айдан арыў қурдаслар!
Суў бойынан гүллер терейин сизге.
Кемпир болмай турып шағлап қалыңлар,
Қурдаслық нәсият берейин сизге.

Не бар қәдир билер қурдастан жақсы!
Ҳәзиллесип болып сырласқан жақсы.
Ҳәр ким қурдасына тиси пәкидей,
Басқыласып ойнап, сыйласқан жақсы.

*      *      *

Сәлем, мақтанышлы қарындасларға!
Елимиздиң көрки қәлем қасларға.
Дийдарыңыз ишпей—жемей тойдырып,
Хызметиңиз қанат берер йошларға.

Бир бағда жүз әлўан гүллер өскендей,
Жигитлердиң жүрек баўырын кескендей,
Қарақалпақта небир даңқлы қызлар бар
Жулдызлар жылыслап жерге түскендей.

Әмиўдиң жулдызы даңқлы Айым бар,
Мақтанышлы қызлар аўыл сайын бар.
Елдиң даңқын жайған дүрданаларды

Тәриплеўден жалығар ма шайырлар!

Бириң салы егесиз Райгүл болып,
Бириң сүт саўасыз Оразгүл болып.
Бириң Фарида боп пәрман оқыйсыз,
Бириң ел бийлейсиз Бағдагүл болып

Жай саласыз Марфа Бахина болып,
Алтын қолда гәўҳар сахина болып,
Советкина болып ҳәрип тересиз,
Ақ сазан аршыйсыз Нәбийра болып.

Бириң Пашша болып наўқан тутасыз,
Бириң Айша болып бала оқытасыз,
Бириң Тилеўбийке, Сапаргүл болып,
Халықтың ден саўлығын гүл жайнатасыз.

Пердегүл боп "көк корабль" айдайсыз,
Айтгүл болып халық кийимин сайлайсыз.
Рәўия болып илим қуўалап,
Сахнада Тамара болып сайрайсыз.

Ҳөнер мектебинде Кийик болдыңыз,
Хызметте айланған ийик болдыңыз,
Бир қосықта айтыў қыйын бәриңди,
Бири-бириңизден бийик болдыңыз...

*       *       *

Жаным курбан сизге, анаханларым,
Апа—қарындасым, жеңгежанларым.
Ҳәр күниңиз толып ығбал заўқына,
Шадлық пенен атсын ҳәр бир таңларың.

Тәбәссум сөнбесин жүзлериңизден,
Ҳеш ўақ жас тамбасын көзлериңизден.
Халық айланар болсын мудам мақтанып,
Сизиң жүрип өткен излериңизден.

Бәҳәр таңларының самалы сизге,
Рәңбәрең гүллердиң жамалы сизге.
Айдын жолыңызға дәрья — дәрья нур,
Алтын дәўранлардың заманы сизге!

1975-ж.

## ВЕНЕРАНЫҢ СКУЛЬПТУРАСЫНА

Сүўретиңди қандай шебер салды екен,
Келбетиңди қайсы ҳаялдан алды екен.
Қанша дәўир, қанша әўлад қылғынып,
Сынған қолың қайсы жерде қалды екен?

Арыўлықта әрман етсе жан нени,
Сулыў тулғаң өз бойына жәмледи.
Қолсыз мынаў журтты ийирип турғаның,
Қолың болса қырасаң ғой ҳәммени.

Май, 1973-жыл, Москва.

## ШОЙДАНИЯ

Шойдания — шийрин жаслық дияры!
Көгершин қанатлы гөззал қыяллар
Саған ушар, Бирақ та ҳәр сапары
Бизди сеннен алыс әкетер жыллар.

Сениң бостаныңа ким кирсе—шайыр.
Демек сенде текте шайырлар жасар.
Ақшам дарақларың силкинген сайын,

Мийўа орнына гәўҳар жулдызлар шашар.

Мен ҳәм мәҳәлинди журтларға усап,
Несип әйлеп бул бостанда йошқанман.
Жулдызларды "хан қызындай" уўыслап,
Арзыўлымның аяғына шашқанман.

Сонда қабағында жуп қумар көздиң
Ол жулдызлар сөнген әсте мөлдиреп.
Сол бир тәкирарланбас өспирим гездиң
Ләззетин еслесе елжирер жүрек.

Шойдяния-туңғыш муҳаббат бағы,
Бағда жатқан жөнсиз соқпақлы жоллар.
Аңсағаным менен барсам деп тағы,
Бизди басқа жолдан әкетер жыллар.

*     *     *

Төбемде гүўилдер бәлент шынарлар,
Уйқысыз таңларды атырғанымда.
Не деп гүўилдесип турғанын олар
Айтып берер едим болсаң жанымда.

Булақлардың не деп сылдырлағанын,
Самал жумсақ лебин қайдан алғанын
Айтып берер едим мен саған, жаным,
Болағойғаныңда ҳәзир жанымда.

Шынар гүўилдиси, бүлбүл намасы,
Бәри тәрип етер сени шамасы.
Бир сырлы ышқының симфониясын
Бирге тыңлар едик болсаң жанымда.

Ай жүзер еслетип ақ дийдарыңды,
Түнги салқын шертер кеўил тарымды,
Саған болған ышқы сағынышларымды,
Бәри айтар еди болсаң жанымда.

1975-ж. Ташкент.

## СОҚПАҚ

Бағ ишинде жатқан жөнсиз соқпақта
Зиңирейип узақ тостым жолыңды.
Урыдай алдыңды орап тоқтаттым,
Қарап алдымдағы оңлы-солымды.

Қумар көзиң үрккен егиз қозыдай
Жаўтақлады өрден-ыққа жуўырып.
"Почтальонман, қорықпа қарындасым, ҳәй"
Деп хат бердим төс қалтамнан суўырып.

- Почтадан хат келмес мөрсиз, маркасыз,
Бизиң почтальон сен емес, бөтен.
- Егер ҳәзир алып қалмасаң сен қыз,
Хатты усы жерге таслап кетемен...

Қудай билсин хатта не жазылғанын...
Ҳәмме оқып, сени сөз қылмаспа екен:
Жерде адам, көкте жулдыздың бәри,
Ҳәтте, қоңысыңның ийтине шекем...

Мурнынның ушына шығып ашыўың,
Аўыр сөзлер айттың, хатты алмадың.
Питпеди соқпақтан шығып қашыўың,
Арсыз почтальон да изден қалмады...

Сол бәҳәрги кешти ойлайман ҳәр ўақ,

Сонда ҳаслан ойламапбыз-аў биз дым:
Бағ ишинде жатқан сол заңсыз соқпақ—
Басы екенин заңлы турмысымыздың...
1969-ж.

## ТӘРЕЗИ

Япырмай бала илим артып
Техниканың өсиўин—ай!
Мысқалды мың бөлип тартып,
Тәрезилер сөйлер бузбай.

Сәддақ оны соққанларға,
Кивернетик дәўирге даңқ!
Деген менен, тоқтаңлар дә,
Бир нәрсеге болдым ғой таң.

Ақылға уғрас келмейтуғын
Кислер ушырап қалар екен,
Тек адамды өлшейтуғын
Бир тәрези болар екен

Үлгисин оның музейде көрип,
Күлип ишек-силем қатқан:
Қабақтың түбин еки бөлип,
Кендир жиптен үш баў таққан.

Саз ылайдың кесегинен
Дизиўли тур өлшеў тасы.
Усыны да жыл есебинен
Мың жылдай соққан устасы.

Басқа қыйын сыры жоқ бунның,
Илимнен жоқ ғәрези де.

Қойындай колхоз фермасының
Түсиўиң шәрт бул тәрезиге.

Бар ма, жоқ па сорпалығың,
Гелле—бас сыйрақ, ишек қарын,
Таза гөшиң қаншалығын
Ҳеш қалпысыз айтар бәрин.

Тәрезибан тамаша халық,
Ишинен бәрин билип қояр.
Насбайын бир атып алып,
Муртынан ғана кулип қояр.

Әне соннан кейин барып,
Билесең анық салмағыңды:
Тас басарың болса танып,
Биледи ким болмағыңды.

Қой да жақсы-аў, жеңил келсе
Бағып-қағып семиртесең.
Ал сен бул безбенге минсең,
Түсе алмайсаң өмирде сен.

Тас баспасаң ебин-жорық.
Мандымайсаң урсадағы.
Тилиң менен орақ орып,
Кудайың тиреп турсадағы.

Даңқлы алым яки уста,
Болсаңдағы берен аттай,
Оннан кейин жүре бер тыста,
Мәжилиске басың батпай...

Ақылға уғрас келмейтуғын

Жәмийеттиң бар өз иси.
Жасасын адам өлшейтуғын
Халықтың қабақ тәрезиси!
*1974-ж.*

## МАРАПАТ УЙЫҒЫ

"Өр беттен көп жаңа каналлар алып,
Дәрьяда суў қайтты" десип атқанда,
Палўанияз аға қуўақыланып,
"Ҳасла олай емес" депти ол сонда.

"Мақтаўдан қай нәрсе кетпейди азып?
Әмуди марапат уйығы тепти:
"Жәйҳун дәрья, асаў дәрья" деп жазып,
Дәрьяны шайырлар қурытты" ... депти.
1976-ж.

## ҚАЛТАЙҒА[11]

(Ҳәзил)

Егер де сен тың болғанда,
Айдалмай дән болар ең.
Кемпир қуяш кун болғанда,
Булт жолатпай турар ең.

Тың да емес, күн де емес,
Қалтай болғаның мақул.
Мың қайғы бир ис питирмес,

---

[11] Қалтай Мухаммеджанов - қазақтың белгили күлкипаз комик жазыўшысы. (*И. Ю.).*

Күлип қалғаның мақул.

Бала деген жылап түсер,
Туўылғанда енеден.
Сен дүньяға келгениңде
Күлип түстиң билемен.

Күл, қарындас комедия!
Күлки малы өрбисин,
Шурт минезли саран дүнья
Емлеп алсын нервасын.

Декабрь, 1967-жыл.

## ҚЫРҒЫЗ ГАИ ЕРКИНГЕ ЧЕСТЬ БЕРЕДИ…

*(Шайыр достым Еркин Ўаҳидовқа, Қырғызстанда совет ғдебияты күнлери таў жолларында болған дегишпелерден)*

Қырғызға поэзия жүгин тасып,
Алатаўдың басынан көш келеди.
Баллар жолда "дослық" деп қыйқыўласып,
ГАИ лер жолда Еркинге честь береди …

Өз "Волгасын" өзи айдап бизиң Еркин,
Ташкенттен Ыссық көлге тартты бир күн.
Көл бойында қаўышып музасына,
Қосық жазсам деп шулғыр кеўил ширкин.

"Даешь Ыссық көлим!" деп зытып қалды,
Дослары Фрунзеден күтип алды.
Таң ертең Рыбачиге кирер жерде
Шайырды ГАИ лер ғана тутып алды.

Еркин айтты: “Кешириң, ақынман деп,
“Қырғызларға мен сондай жықынман” деп.
ГАИ айтты: “буздың жолдың қағыйдасын,
Ақынжан, айырылдың ба ақылдан?” деп.

Еркин айтты: “Ҳәўескер шофер едим,
Керек десең бир қосық оқыр едим” …
ГАИ айтты: “Постта турып, жол үстинде
Қосық тыңлап, мен аўыш соқырмедим.

Басқаларға оқырсаң ал оныңды,
Биз билмеймиз мырзаңды, бароныңды.
Ақын түўе, Айтматов болсаңдағы
Пырт етип тесемен талоныңды.

Еркин айтты: “Барма өзи ақылларың
Сонша неге кес-кеслеп қақылдадың.
Қырғыз, өзбек ултлары туўысқан ғой,
Сыйлайды бир-бириниң ақынларын”.

ГАИ айтты: "Даўыл турса булт болмайды,
Бул дәлийлиң кеўлиме гилт болмайды.
Биз ушын жалғыз заң - жол қағыйдасы.
ГАИ лерде ҳеш қаныңдай улт болмайды”…

ГАИ, сөйтип, роторды шешип алды,
Шайырдың жаяў қалмай неси қалды,
Еркинниң айтқанына қулақ аспай,
Талонын “пырт” еткизип тесип алды.

Алатаўдан ыр жүклеп көш келеди,
Көш тартқанлар ГАИ лерден сескенеди,
Сол ГАИ лер бүгин қырғыз жолларында

Күлимлеп Ўаҳидовқа честь береди.

Еркин айтты: “Бармысыз, жолдың шоңы,
Еле жолда турсыз ба аңлып мени.
Бүгин маған танымай честь бересең,
Есиңде ме тутқаның былтыр, қәне!

ГАИ айтты: “Таныгансоң тоқтап қалдым,
Ҳүрметлеп сағынғаннан жоқлап қалдым.
Өзбектиң сиздей үлкен бир шайырын
Сол сапар авариядан сақлап қалдым.

Хош келипсиз бизге узақ жолдан асып,
Туўысқанлық сезими асып-тасып,
Сизлер қырғыз елиниң жүрегинде
Қайсы жолдан бармаңлар, - бәри ашық!

Шайырды халық сүйип, ескереди,
Алатаўдан ыр тартып көш келеди.
Жол ашық ақын дослар, жақын дослар,
Қырғыз ГАИ Еркинге честь береди!
1975-жыл, 18-сентябрь, Жумғал жолында.

## БӘҲӘР ҲӘМ СЕН

### ҒӘЗЗЛЛЕР

Жуп қуралай көзиңди уйқысынан оят,
Уйқысын ашсын, оларды гүлзар ишинде ойнат

Наўайы

Яр, оян наз уйқыдар, таң сәҳәр болып қалды,

Және Әмиў бойынша, нәўбәҳәр болып қалды,
Арқылық әтшөк шақырды аўыл сыртында ақшам,
Бизге ўәдели айында бәҳәр болып қалды.
Егис әнжамындадур Хорезм, қарақалпақ,
Дәўлетли тәрғайында бәҳәр болып қалды.
Елликте кайнап шөлқуўар елдиң мийнет заўқы,
Беруний, Шымбайымда бәҳәр болып қалды.
Қой-жанлық көк қуўалап, жуўсан жупары аңқып,
Қызыл кум жайлаўында бәҳәр болып қалды.
Кийиклер қуралайлап Үстирт шөллигинде,
Саманбай тоғайында бәҳәр болып қалды.
“Бәҳәр шықсын” деп аязда көп қойдың Аязийди,
Енди мине Ибрайымға бәҳәр болып қалды.

*   *   *

Саҳыбжамалым, кеўлимиң қусын аўлап алып кет,
Қырмызы гүллер ашылды, орып баўлап алып кет.
Ҳафыз емеспен, берерге Самарқанд, Бухарам жоқ,
Ҳусни темирләниң менен өзиң жаўлап алып кет,
Кимдидур алып кетсең айдын Арал бойына,
Умийдиўарман, мени журттан аўлақ алып кет.
Күншығыста күн ашық азат жамалыңа,
Дуўтарыңды бир шертип, тамбурыңды шалып кет.
Тентирер ақшам самаллар сағынып дийдарыңды,
Мен күткен тал астына жолың түсеп барып кет.
Сениң бийписентлигиң батар шымайыма,
Бийрәҳимлик жараспас, бир мийрибан болып кет.
Аязлы көз қарасың аязлатты Аязийди,
Жыллы нәзериң менен көз қыйғың салып кет.

*   *   *

Лутфыңнан жарқылап, Лутфий болсам әжеп емес,

Ийип илҳамың йошы, ий болсам әжеп емес.
Жети жуп бийе байлап сабатқа қымыз ушын,
Жолында ақ туўырлықлы үй болсам әжеп емес.
Умытқың келсе ҳәм мени, жети бәйит сөз болып,
Кеўил дәптериң ишинде қалсам әжеп емес,
Әмиў бойлары билер қолыңның шарапатын,
Шигит сеўип, алтын терип алсаң әжеп емес.
Сол шарапатлы қолық қалса алақанымда,
Жаслық даўран үйине қайта барсам әжеп емес,
Сеинң илҳәмиң, демек заман йошы, бахыт сазы,
Парнас таўына өрмелеп шыға алсам әжеп емес.
Ығбал гүлине түскен Аязың маған тийсин,
Қолың жылытар от болып жансам әжеп емес.

* * *

Нәўбәҳәр келип, ашықларға даўайы болды,
Жер жәҳән жасыл кийип, аспан даўейы болды.
Ҳәр жигит өзинше Фарҳад, ҳәр қыз өзинше Шийрин,
Ҳәр кеўил шайырлықта қудды Наўайы болды.
Ышкыңнан Әмиў тасып, қайтадан болды Жәйҳун,
Қуйынлар қаңбақ қуўып, шөлде жабайы болды.
Өткинши булт өкпесин қолға алып, ызғысып,
Қызғалдақлар қан жылап, ышқы гедайы болды.
Сен, алтын далалардың шаҳла көз ҳүкимдары,
Шөлди бостан етсем деп жаның пидайы болды.
Өңириңде жулдыз жанар, жүзиңде ай сәўлеси,
Ел кеўли - ҳүрмет тахтайы, иззет, сарайы болды.
Бул бәҳәрде бир қайырылып бақпадың бизге бирақ,
Билмедим, Аязийдиң недур гүнайы болды!

* * *

Жулдызлар уйқыламас мудам таң атқанша,

Ышқыдан бийдар адам таң атқанша.
Жаныңа тийсе саҳрайы қосықларым,
Оқыйын Физыўлыдан таң атқанша.
Лекин ҳәр заманның өз саз-сәўбети,
Ким ҳәзир ғәззел тыңлаған таң атқанша?
Салып ығбалдың алтын бесигине,
Тербетер сени заман таң атқанша.
Ал, мен үйиңниң артында тал менен
Ақшам көгерип тураман таң атқанша,
Өзиңниң уйқың қатты, ийтиң сергек,
Жолатпас мени саған таң атқанша.
Алмаган өшиң бар ма бул Аязийде,
Сонша қаст етип маған таң атқанша.

*     *     *

Жигитлик майдан тарқаса, мәрдана болалмаспан,
Басқаға саған болғандай пәрўана болалмаспан.
Дәрт сигаретин шегип, түнлерде бағ гезсемде,
Дәртиңнен Мәширепке усап дийўана болалмаспан.
Сен бийгана тутсаң да бизден назырқанып,
Кеўлимде сеннен ҳасла бийгана болалмаспан.
Қәстелер исенбесе буйырған ем шафасына,
Ҳәким Луқман болсам да дәрмана болалмаспан.
Сеннен өткен енди сол он сегиз гүл мәўсими,
Мен ҳәм жигирма бестеги боз бала болалмаспан.
Еле ҳәм көпдерден бирақ самалың паты, дилбар
Саҳыпжамалым, сенсиз йошлана алалмаспан.
Түспесин ығбал гүлиңе ҳәргиз қазан Аязы,
Зәрре ынжылсаң мендағы мәстана болалмаспан.

*     *     *

Ким айтты: “сеннен бурын сулыў дүньяда болмаған?”

Болған, бирақ бақ-дәўлети бундай сирә да болмаған.
Сендеги бул ығбал - дәўран, сендеги бул ықтыяр
Тилла көшкили Сәнем, Нәдирада болмаған.
Даңклы мийнет, жаслық шырай, хош қылықлы
қулқыңа
Кимлер аңсары аўып, жаны пида болмаған!
Ҳәр жулдыздың өз жилўасы, ҳәр сулыўдың өз көрки,
Нәзеримде бирақ бәри сеннен зыяда болмаған.
Бир мыйық тартсаң, соған ишпей - жемей болдым
мәс,
Аңласам, ҳеш бир жигит мендей сада болмаған.
Шийринлик болмас жемисте инсан ышқындай
татлы,
Муҳаббат ийрими теңиз я дәрьяда болмаған,
Сөзлер қәлемге жалынар, “мени жаз, - деп, - сол
нигарға”
Сени десе Аязийдиң гәпи ада болмаған!

* * *

Саялы дарақ дейди, саяңызды көрмедим,
Жемисли бир бақ, дейди, миййўаңызды көрмедим,
Қаншалар уйқысызлыққа гириппдар болдым, сен деп,
Шифалы дәрмақ дейди шифаңызды көрмедим.
Гөззаллық дүньясы деп, журт мақтар ҳәмметиңди,
Мен өзим лекин зәрре пайдаңызды көрмедим,
Ышқыдан пайда излемек, әлбетте, болар әбес,
Сонда да гүл болиаса ҳәм гияңызды көрмедим.
Көплерге унасада сен деп питкен ғәззеллерим,
Бир жыллы назер аралас баҳаңызды көрмедим,
Шын сүйсең — азабы шийрин, заўқы - сапа деседи,
Ҳижраныңды көрдим, заўқы-сапаңызды көрмедим.
Көп кеўиллерге түскен нурыңызда шегим жоқ,
Лекин Аязийге түскен шуғлаңызды көрмедим.

* * *

Сүйсең, жақсылар улуғы мен боларман,
Сүймесең, жигит қунығы мен боларман.
Тасқа питкен бир гүл көрсең жолыңда,
Сол лала гүлдиң урығы мен боларман.
Сен бийдар жатсаң ақшам ышқы Фурхатынан,
Сығалар айдың сынығы мен боларман.
Жылқысыз жайлаўда жатса алдыңда
Жылқыманның қурығы, — мен боларман.
Сокпағыңды тосса таў арасында
Бурқыған суўдың тынығы, — мен боларман.
Кеўлиңнен шығып егер унаса саған
Қайсы жигиттиң қылығы, — мен боларман,
Сабыр дамла “сабыр қыл” деп кеткен Аязийге,
Болмаса сабырсызлардың шойдығы мен боларман.

* * *

Жанғандай таң шуғласы ханатлас көйлегиңде,
Гүлленер Ўатан даласы ғаўаша гүллегенде.
Ақ, қызыл гүл, пушты гул ҳәм сыя ирең гүллер
Жасыл жапырақ арасы ғаўаша гүллегенде.
Уштан салған кызыл гүл еркетай сиңлисидур,
Түптеги ақ гүл — апасы, ғаўаша гүллегенде.
Апаң турмысқа шығып — гүл ғорекке отырып,
Топланар зурәәт сапасы, ғаўаша гүллегенде.
Әмиў, Зәрафшан зер шашып келиншектиң үстине,
Жер кийер той лифасын ғаўаша гүллегенде.
Рақсқа түскен киби гөззал “Бәҳәр” ансамбли,
Баслап Мукаррамасы, ғаўаша гүллегенде
Ал сен тойлатар түриң жоқ ашығың Аязийге,
Бул сапары ҳәм шамасы ғаўаша гүллегенде.

*   *   *

Бир қайрылып бақпадың, — шадланып күле алмадым,
Баста дәўраным турып, дәўран сүре алмадым.
Сен жүре алдың менсиз басқалар менен щағлап,
Сенсиз басқалар метен мен шағлап жүре алмадым,
Жети дүркин қыз өтер бир жигиттиң тусынан,
Қайсы дүркин ишинде баратқаның биле алмадым.
Ай жақтысында пахтаға суў алсаң қосық айтып.
Сылдырап ақтым салмаңнан, сен бирақ көре алмадың.
Айтып жүрген косығың ким ҳаққында, ким жазған?
Саған арнап жазғанымды билсең де тән алмадың.
Шайырлық сан-сапатына илнсем де елимде,
Ышқы итибарына илинип, яр саналмадым.
Қосықта еркин қәлем тартса да бул Аязий,
Ғәззел бабында лекин мен Еркин болалмадым.

*   *   *

Әлҳәббиз, бул не деген салтанат — аппақ дүнья,
Жер абад, атыз абад, кеўид абад - аппақ дүнья.
Аппақ - аппақ бултлар аўнап дәрья бойына,
Гүз тигер ақ шатырын, — кәрамат аппақ дүнья,
Жүзер “көк корабльлер” ақ толқынларды иреп,
Аспан ақ, жер бети ақ, ғыр әтирап аппақ дүнья.
Қырман қызыллап, күн сайын артып Ўатан дәўлети,
Сен төккен “полат етектен” бинияд аппақ дүнья.
Азат мийнет, ана топырақ, қуяш ҳәм суў аўқамы
Ҳәмириңнен табар адил сиясат, аппақ дүнья,
Ақ жүзиң күнге тотығып, қызыл шаршың желбиреп,
“Ҳарма!” десем еситпейсең бийрәҳим “аппақ дүнья”.

“Қырманға берекет”, гөззал, Аязийдиң әрманы!
Бастан аяғың тамам муҳаббат — аппақ дүнья.

*   *   *

Бәҳәр ҳәм сен екеўиңди бәрҳа тәрийп етейин,
Сөзимди мақтап, өзимди писент етпесең нетейин.
Сәйир етип геззал Ташкент фонтанлары женында,
Жүр,  жаным, мәрмәр липаслы шәҳәрди көрсетейин.
Гүлин ашыпты дейди Наманганның алмасы,
Зер топырақлы Зәрафшан бойларын көрсетейин,
Сырдәрьяның бойларында саған айтар сырым бар,
Мырзашөлде қызғын мийнет тойларын көрсетейин,
Байсын таўдың басынан Термезди тамашалап,
Әндижанның қуп әжеп жайларын көрсетейин.
Фарҳад кашаўы қазған зер булақ Наўайыдан,
Кенимехтиң қой жайған қырларын көрсетейин.
Сенлик ышқымның бәҳәри қуўды көклем Аязын,
Гөззал Өзбекстанымның бәҳәрин көрсетейин.

*   *   *

Колға ал дуўтарыңды, ҳәр намадан сөйлесин,
Жәннет бар деген жалғандур, Ферғанадан сөйлесин,
Хорезмниң мен сүйген он еки муқамын шал,
Я Раджәбий, Абдулла мәўланадан сейлесин.
Келтир Халимаханның гүлжүзли “Тәнаўбарын”,
Оның ҳаўазынан ийген әрўанадан сөйлесин.
Айымхан “Дем бермесин” Әмиў бүлбиллериие,
Мейли Надира яки Зульфиядан сөйлесин.
Кеўлим питер, сайраса “Самарқанд ушшақлары”,
Даңқлы қурдасың Турсынай дуганадан сөйлесин.
Өзбек пахтасын әлемге алтын етип таныткан,
Пахтакеш дийхан халқымдай мәрданадан сөйлесин.

Сазың тарыңда сөйлесин Аязий әрманлары,
Сендей жананды берген заманадан сөйлесин.

*     *     *

Жәйҳуй бойына журт ағып ояқ-буйяқлардан,
Хорезм, Тяшаўыздан ҳәм қарақалпақлардан,
Басланады зүрәәт - мийнет, табыс байрамы,
Таслақ тағыда жайнап қырмызы байрақлардан.
Маңлай тер маржанынан ким бәлент қырман үйсе,
Жығын-жығын журт сүйсинип алғыслар узақлардан.
Боз ордалар шайқалып Ашшыкөл аймағында,
Сегиз айдаўдан, әне, ат келер қаяқлардан,
Қыйқыўлы көкпар қызып, палўанлар ыңыранып,
Мүйизлерден от шығып, қум ушар туяқлардан.
“Қыз қуўыў” басланғанда қаштың ақ боз ат минип,
Қуўды торы атлы биреў суўырылып “саяқлардан”.
Жетип алып ақ жүзиңнен сүйип қояма деп,
Қарар Аязий диңкеси кетип диз-аяқлардан.

*     *     *

Көрдиң бе ол “көрмести” деп, жулдызға қарайынба?
Билдиңбе “дым билмести” деп, самалдан сорайын ба?
Шардан айырып қурда куўдым қырғаўылдың изин,
Таппадым сени бирақ аўылда я районда.
“Жуўырған алмас, буйырған алар” деген нақыл бар,
Кетип қалдың ба дедим басқаға қолайыңда.
Қуўандым, көрип бүгин ол “айнайы жәҳәннан”
Отырғаныңды мәжилисте Кремль сарайында.
Бир мәҳәл шықтың минберге толған айдай
толықсып,
Сүйсинип қол шаппатлар отырған журт маңайында.
“Ақ алтын патшасы бул Әмиў гөззалы” десип,

Сыбырласқанын еситип мен шыдап турайын ба:
“Билиң, ол Аязийдиң мақтанышы” деп бақырдым,
Буннан артық бахыт бар ма, досларым, Ибрайымға!

Март, 1976-жыл.

Автордан: Биз бул сапары Күншығыс классик поэзиясының баслы лирик дәстури болған ғәззелдиң жети бәйит (яғный он төрт қатарлық) формасына кәлем сынап, усы қыйын жанрдың қатаң шәртли талапларын толық сақлаўға тырыстық.

*"Бәҳәр ҳәм сен"* атлы бул дүркимде Күншығыстың даңқлы ғәззел усталарынан Ҳафиз, Лутфий, Наўайы, Фызуўлы, Мәширеп, Нәдира, Фурхат, ҳәзирги заман өзбек ғәззелиниң шеберлеринен Сабыр Абдулла ҳәм Еркин Ўахидовлардың, атақлы шаира Зульфияның ҳәр бирине бир ғәззел арналады. Сондай-ақ, классик гәззеллерди атқарыўшылардан даңқлы көркем өнер шеберлери болған Юнус Раджабий, Халима Насырова, атақлы ойыншы Мукаррама Турғунбаева, қарақалпақ классик қосықларын атқарыўдың устасы Айымхан Шамуратоваларға да базы бир ғәззеллерде ишарат етиледи.

Рахсқа түсиў - сахнада ойнаў, дүгәна - қурдас, "айнайы жәҳан" — телевизор демек, (*И.Ю.*).

# МӘҢГИ БУЛАҚ

(Абиҳаят)
Әпсанаўый-фантастикалық поэма

***ҚАТНАСЫЎШЫЛАР:***

Искендер патша—(Александр Македонский)
—жәҳәнгер шаҳ.
Әрасту (Аристотель)—әййемги уллы грек алымы.
Асқар—тас қашап мусин соғыўшы скульптор жигит.
Ғарры аңшы — Асқардын атасы.
Птоломей — Искендер патшанын әскер басысы.
Онесия — Аязханның қызы, Асқардың қалыңлығы.
Онесия - 2 — Онесияның шаўлығынан туўған қуўлық қызы.

Сүләймен патшаның қуў геллеси, мәңги суў излеўшилер, негр баласы, гидрологлар, психиатр врачлар, академик, юрист, гид, дийханлар, ойыншы қызлар, са рай адамлары ҳәм тағы басқалар.

Ўақыялар бизин эрамыздан илгерги 300-жылларда ҳәм бизиң эрамыздың 3000-жылларында өтеди.

## ГӨҲИҚАП ТАЎЫНДАҒЫ ГЕЎГИМ

Ҳүрейли мунарланған таў етегине ымырт түскен. Таў басында қорғанша қала, дәрья ағып тур. Атасын арқалап Асқар киятырыпты.

Асқар

Инсап деген кетти бул адамлардан!
Мына ғарры бүгин жүз жасқа толды.
Жүз мәртебе әтшөк даўысын еситти.
Жүз мәртебе мына Огуз дәрьяда
Муз түсип, қызыл суў аққанын көрди.
Ол да аздай еле жасай бережақ,
Балларының көргенин де көрежақ...

Эй ғарры, бир отырсаңә дурыслап,
Ғыйқылдата бермесеңә алқымды!
Шешесиниң арқасында жатқандай,
Жатыўын қара сағийрадай тамсанып.
Уҳ, шаршадым. Түс қәнекей, атажан,
Мына таста дем алайық азырақ.

(Тасқа отырысади. Асқар шақмақ тас шағып, от жағады).

Ғарры

Аҳ-ҳоо! Қуяш тәңирим яр болғай өзи,
Бәракалла, ақлық балам Асқаржан!
Отырсаң мәйли отырайык... Аа, бирақ,
Биз қаяққа баратырмыз иңирде?

Асқар

Уай-ўой! Жанға тийди тап мына ғарры.
Жол бойына айттым буған жети ирет.
Он қулақтан айтылған сөз самалдай
Шеп қулақтан шығып кетер гүўилдеп.

(Қарсысындағы, тасқа шала тутып, жазыўди оқыйды.)

Сен мына тастағы жазыўға қара,
Мен оқып берейин, тыңла, атажан!

Ғарры

Қәне оқы! Сени Афрасиябқа
Арбалы апарып оқытқаныма
Бир ырза болайын. Оқы, ақлығым!

Асқар

Пәлен замандағы пәленкес патша,
Бул тасқа былай деп пәрман шегипти:
"Кимниң қуўлық тиси қайтадан шықса,
Ким жүз жыл жасаса—өмири зыяда,
Атасының ҳаққы жоқ бул дүньяда.
Ол кисини улы яки ақлығы
Гөҳиқапта Әжел ойпатлығына,
Арқалап апарып таслаўы лазым.
Ким бул пәрманымды бәржай етпесе,
Өзи—өлимдаруў, малы—патшалық."
Әне, сыйына бер Қуяш тәңириңе.
Баратқандай кемпириңниң қына тойына,
Пәрўайың пәлек сениң, атажан...

Ғарры

Ҳаў, Асқаржан! Кемпири түспегир,
Байласа болар еди-аў бизиң ешекти.
Арқанлаўлы жерде қалды-аў, жаныўар...

Асқар

Паҳ, айтты дә; өзин яки кемпирин
Қоя берип, қайғырады ешегин.
Өлерде де адамға дүнья-мал жақын...

(ғарры қатты күледи)

Ҳаў-ҳаў, есин жоғалтқан ба бул ғарры?
Мен ғой, жандай көрген ақлығы Асқар,
Сүйеги сипсе болған пәленкес патшаның
Дәстүр болып қалған нәлетий пәрманын
Илажсыздан атқарыўға бел байлап,
Шықтым үйден өз атамды арқалап,
Апарып таслаў ушын әжел ойпатына.
Ал сен нениң мәслигине күлесең?...

(тамашагөйлерге)

Өлиминиң жақын қалғанын сезсе,
Кимде болса азар ақыл-есинен.
О бийшара атам! Өлимге шара жоқ...
Гиналайман несине...

Ғарры

(Күлкисин тыйып, орнынан бәрдам турып, сабырлы сөйлеп)

Яқ, ақлығым, ес-ақылым жайында.
Неге күлгенимди айтайын саған.

"Атаңа не қылсаң, алдыңа сол келер"
Деген нақыл ядқа түсип тур бүгин.
Мен де жүз жасында байғус әкемди
Әжел ойпатына апарып таслаўға,

Сендей жолға шыққанымда арқалап,
Отырып дем алғанман тап усы таста...

Асқар
(сескенип кетеди)

Япырмай-ә! Қызық ойын екен бул...
Келер онда бизиң алдымызға да.

Ғарры

Өмир берсе неси қыйын жасаўдың,
Көз ашып-жумғанша өтип кетеди.
Бул қараған елде жетеўдиң бири,
Жүз жасыңды мүлк екен деп жүрген жоқ..
Тек мына бир дәстүри бар кесапат,
Пәдериңе нәлет пәленкес патшаның,
Алдындағын жеди ме екен ғаррылар?...
Қуяш тәңирим, қайттым әсиге кетсем!

Асқар

"Халыққа дәстүр болса, қатын арқаға мин"
Дегендей дәстүрдиң жаман жери бар.

Ғарры

Хысраў патша менен урысқан жылы
Бир жулдыз астында туўылғанлар көп.
Оларды да өз баллары сен усап,
Бүгин-ертең жолға шығар арқалап. (*күледи.)*

Асқар

Тоқтаң, сәл сабыр ет, ата! Сен егер
Сол айтқан урыс жылы туўылған болсаң,
Тарийхтан мен оны оқығаным бар,
Еле ҳақылысаң он жыл жасаўға.
Аҳ, яшағай, жақсы болды айтқаның,
Сизди үйге қайтып алып кетемен.
Ал он жылдан кейин ким бар, кимлер жоқ.
"Я хан, яки ешек өлер" дегендей,
Несийбеңнен көрерсен ол мәҳәлде.
Мүмкин наймыт сол пәленкес патшаның
Бул онбағыр заңы бийкар етилер...
Мин арқама, атажан,
Кемпириңди қуўантайын апарып!

Ғарры

Паҳ-паҳ, оның саўабына не жетсин!
Кемпирдиң қасында жамбаслап жатып,
Бир шай урғанымда, ўағ болар еди-аў,
Келер едим қулындағы қәддиме (*күледи...)*

Асқар

Арқанлаўлы қалған ешегиңди де
Әкелип өзим, үй қасына байлайман...
Қандай қуўанышлы енди мен ушын!
Атамды ҳәзир үйге алып қайтаман.
Қандай ҳәзлик, алдына оның отырып,
"Алпамысты" жырлағанын еситиў.
Аш бөри менен алысқанын айтқанда,
Сүнгип кирип жамылып атқан тонына,
Уйықлаў қандай жақсы ақлығы ушын!...

Ғарры

"Көп жасап кеттиң" деп, тәғне қыласаң,
Улым, сен билмейсең өмирдиң гәштин.
Бул дүньяда қанша узақ жасасаң,
Оған сонша үйренип, баўыр басасаң.
Жаман-жақсы болса да,
Үйренип кеткениңдей өз ҳаялыңа...

Асқар

Ий, ғаррының еле әндийшеси көп...

Ғарры

Ҳәмме қыйынлығы, мазасы менен,
Барлық, кәтелиги, жазасы менен,
Мийнет, машқаласы, ыссы-суўығы,
Шадлығы, қайғысы, азасы менен
Өмир жалықтырмас адамды ҳасла!
Параз ет сен, жүз жасаған өмирим
Дүзде шаўып баратырған кийиктиң
Саясында жатқаншелли болмай тур...

Асқар

Тоба! Бәле екен ғой өмир дегениң...

Ғарры

Егер өмир сондай бәле болмаса.
Адамнан қурт-кумырысқаға дейинги
Ҳүкимин жүргизген Сулайман патша,
Мәңги суўды таўып ишпес еди ол.
Инсапсыз деп айтсаң болар соларды!

Ол ҳәзир де тири. Бирақ та оны.
Адамзат умытқан, корлықта жатыр...
Егер өмир жалықтырар болғанда,
Кәраматлы тәуип ҳәким Улықман
Мәғги суўды таўып, өлер алдында,
Аўзына апарғанда, қолы қалтырап,
Ыдысы қолдан түсип кетер болар ма...
Инсапсыз деп айтсаң болар соларды!
Ал ҳәзир де Искендер патша шарқ урып,,.
Мәңги тиришиликтиң суўын излеп жүр...

Асқар

Хабарым бар, ата, ол ҳәдийседен...

Ғарры

Қос мүйизли уллы Искендер патша,
Жаўлап алды жети ықлым дуньяны.
Енди мәңги жасаў ушын дүньяда,
Мәңги тиришиликтиң суўын излеп жүр.
Инсапсыз деп айтсаң болар соларды!

Асқар

Патша деген ақыллы болар деп еди,
Жоқты излеп, ертек сөзге инанып...

Ғарры

Ертек емес, ол бар нәрсе, аклығым,
Мен бир жола ол булақты көргенмен...

Асқар

Аңшы халқын билемиз. Олар—мақтаншақ...

Ғ ар р ы

Ғайратлы жаслықтың қәўипли соқпағы,
Ол суўға абайсыз апарған мени...
Аш жолбарыстан қашқан бир ақсақ кийик
Бир қәўипли жар тасқа минди өрмелеп.
Атып түсирдим де жолбарысты мен,
Артынан гүзетип бардым кийикти.
Қорқынышлы қыямай тас шетинен
Мен де бара бердим, кийик соқпақтан.
Өмир, өлим ерегисип атқанда,
Жаслық, мәртлик жетер өз нийетине.
Бир ўақта қарасам, кийик тоқтады
Ҳәм шамбырлап түсти кишкене суўға.
Сәл өтпей ол ақсағанын қойды да,
Бир секирип, ғайып болды көзимнен...

Барып көрсем, үлкен алтын аслаўдай
Шуқанақта мөлдиреген суў көрдим.
Жоқарыда жан баралмас жар тастан,
Көз жасындай тамар оған тамшылар...
Кеш түскенше кете алмадым ол жерден,
Жалаңаш сулыўдай урланып келип,
Сол алтын аслаўға шомылар жулдызлар,
Бир иләҳий сулыў гүллер ырғалар...
Атам пақыр көрмесе де бул суўды ,
Ол ҳаққында талай айтқаны есте.
"Нағайбыл ушырасып қалсаң, ол суўдан,
Ишиўди ойлама" деген еди ол...

Асқар

Ишпегениң жақсы болған, атажан,
Олсыз да мына бир жүз жасты дурыслап,
Жайғастырмай атырған тар дүньяда
Ҳалың мүшкил болар еди оғада...

Ғарры

Изде калып өз заманласларыңнан,
Кимге керегиң бар? Қудай сакласын...

Асқар

Айтып болған болсаң ертек сөзиңди,
Жүр, қайтайық. Мин арқама атажан.

Ға р р ы

Жақ, болмайды, балам, бул жолдан қайтыў"
Өлимнен ҳеш жүйрик қашып қутылмас.
Қамшысын умытқан қонаққа усап,
Изге қайтыў енди бизге жараспас.
Мен кетемен. Әжел ойпаты жақын.
Анаў жерде тас үңгир бар қупыя,
Анда жүрип, онда көп түнегенмен.

(бөрилер улысады)

Мен аңшыман, бөри тиймейди бизге,
Ал сен усы жерде қалыңлығына, —
Ханның қызы Онесия сулыўға
Жолығысар ўақтың жақынлап қалды...
Ол сондай ақыллы, сондай мийрибан,
Саған дым пәкизе қостар болады.

Мениң шаўлықларымды да туўады...
Қуяш тәңирим яр болсын саған!

(қайғылы музыка астынба қараңғыға адым атады, бөрилер улыйды, Асқар жылайды)

Асқар

Хош бол, ата! Жарлықасын алдыңнан,
Дүнья қызық дейди. Қаяғы қызық?
Ийт жесин, из бети не деген бузық!..

(Еки кәнизеги менен Онесия келеди)

О н е с и я

Асқар, ҳеш шара жоқ тағдир исине,
Қуяш тәңирим солай жазған әзелден.
Яқшы адам еди атаңыз пақыр.
Алдынан жарылқасын...
Мен келдим мине!
Бир ҳәптеден кейин қосыламыз бизлер.

Асқар

Жолымды жақтыртқан ығбал жулдызым,
Онесия, өмиримниң гулшаны!
Өңим бе, түсим бе сениң келгениң?
Бир сүўретши ақлығына аңшының
Хан атамыз қызын бермес деп едим…

О н е с и я

Мениң атам әдалатлы Аязхан
Жаслығында болған емес пе шопан?
Аңшының аклығын жатырқамас ол.

Асқар

Афарин, әдалат патшасы болған,
Ел сүйген Аязхан атаханымыз!
Кәўендери қара пухара халықтың,
Оған қурбан болсын бизиң жанымыз.
Оның ҳүрметине, сениң шаныңа
Уллы Огуз дәрья үстинде турған
Анаў тик жар таслы Дәрбент шыңына
Жоқарыдан зәңги таслап өрмелеп,
Алмас пенен қашап қыямай тасты,
Бир қыямет сүурет саламан енди...

О н е с и я

Сениң тастан жонған тәңирилериңе
Жолаўшылар тоқтап табынар мудам...
Не сүўрет саласаң Дәрбент шыңына,
Елдиң мақтанышлы устасы, Асқар?

Асқар

Сүўретлеймен мәңги өмир дарақтың,
Уллы тәңирим Қуяш оның шақасын
Күнге бөлеп, нурын қуйып турады.
Оның терең тамырларын төменде
Абиҳаят суўы жуўып турады.
Бир жағында Әдалатлық қудайы

Тик жар тасты қулап кетпеўи ушын
Мықлы ийни менен турады сүйеп.
Муҳаббаттың пийри анамыз Ақшолпан
Мәңги булақ етип ақ көкирегин,
Мийрим сүтин берип турар өмирге...

О не си я

Жулдызлы аспандай сениң қыялың.
Әне, Жети қарақшы жулдызы туўды!
Урлаўға киятыр олар хан қызын...
Жүр тезирек елге қайтайық, Асқар!

Асқар

Онесия, қыял аспанымдағы
Әрман жулдызымсаң, арзыўлы ярым.

(кетеди)

## СКИФ ШАТЫРЫНДА

Сол көринис:—таў етеги, дәрья бойы. Бийикте боз думанлы қорғанша қала. Бир шетте тас тәңиринин мүсин сүўрети. Қарсысында кең ҳаўалы, нағыслы патша шатыры. Шатыр жабығынан таў ҳәм дәрья көринеди. Шатырда көшпели алтын тахта Искендер патша отыр. Стол жанында глобуска ҳәм китапларға үңилип алым Әрасту кеўилли жүрипти. Бир қапталда Афродитаның ақ мәрмер мүсини (статуясы) тур. Қолында шарап жамы шайқалған патша кеўилли, бирақ ол сәл зериккен. Қандай да бир қосық қатарларын ол еске түсиргиси келеди...

Па т ш а

Алыс Фракия ойпатлығында
Таўдан ағып түсер бир салқын булақ.
Сол булақтың сулыў сылдырлысында
Орфей сазы сыңсып турғандай жылап...

Әрасту

О алтын Эллада, әзиз ўатаным.
Ақыл, гөззаллықта жаҳанда теңсиз.
Гүрлеп жасарсаң-аў мәңгиге менсиз,
Лекин сенсиз маған өмир жоқ, жаным.
Афины—ақыл ҳәм гөззаллық пийри,
Қуяштай нур шашып мәңги турады.
Адам келер-кетер, ақылы қалар,
Инсан ақылы—абиҳаят булағы.

Патша
(мысқыл менен)

Абиҳаят суўын, әзиз устазым,
Онда неге излеп жүрмиз жат журттан?

Әрасту

Сиз излеген сол мәңги суў булағы
Алыс емес сизиң шатырыңыздан.

Патша
"Мәңгилик китабын" жайып алдыңа,
Даўам етиң, устаз, ертегиңизди...

Әрасту

Ертек емес... Сизиң менен биз ҳәзир
Гөҳиқап таўының етегиндемиз.
"Огуз суў" дер бул қаттағар дәрьяны.
Ал, биз, элладалы греклер, оны
Огуз емес, Окс деп жүритемиз.
Бул көшпели азиатлар елинде
Жүзден көп жасайды жетеўдиң бири.

Патша

Япырмай-ә? Қызық екен бул жери.

Әрасту

Лекин, жасың жүзге толған күнинде,
Улың сени қағып салып ийинге,
Гөҳиқапта Әжел ойпатлығына
Апарып таслайды. Тамам, ўәссалам...

Патша

Бул дәстүри жабайылық заң екен.

Әрасту

Ал сиз болсаңыз, уллы патшайым,
Мәңги булақ—абиҳаят шәшмесин
Таўып, бир ишиўди әрман қыласыз...

Патша

Сегбир тартып жаўгершилик жолында,
Биз көрмеппиз ялғаншының қызығын.
Узақ сайран етсек деймиз дүньяны...

Әрасту

Узақ өмир сүриў,— бул басқаша гәп,
Бирақ мәңги жасаў —инсаптан емес.
Ҳәр адамға тек бир заман берилген,
Жақсы ат қалдырсаң келешек ушын,
Жаңа әўладлар руўҳыңды яд етер.
Изде қалса адам өз заманынан,

Қор болып, өмиринше пушайманлар жер...

Патша

Мәңги суўды таўып бериң сиз әўел,
Ал заманлар менен тил табыў жағын,
Оннан кейин бизге қоябер, устаз,
Заманларды жаратаман өз қолымнан!

Заман ағымы дәрья болса егер де,
Жулдыздай есапсыз ләшкерим менен
Ол дәрьяны бурып жиберемен мен,
Жаўлап алмақшыман пүткил дүньяны,
Алда күтер бизди тахты Сүләйман...

Әрасту

Дүнья он секкиз мың әлемнен турады,
Бир патшаға ол дым көплик қылады...
Лекин, "жер-жаҳанды алып нетесиз?"
Деп саўал бермеймен, патшайым, сизге.
Себеби сиздей уллы патшалар ушын,
Бул саўал жоғалтқан өзиниң күшин...
Оннан көре тыңлаң, айтайын мәйли:

(китапқа қарап)

Қус ушып баралмас таў қабағында,
Аслаўдай сап алтын шуқанағында,
Көз жасындай тамар бир сырлы булақ,
Ҳеш тасып төгилмес аслаўдан бирақ.
Оған алып барар бир қәўипли соқпақ...

Патша

(Ынтығып, түргелип)

Устаз, силте маған сол бир соқбақты!

Әрасту

Ал ол жағын бул китапта жазбапты...

Патша

Сиз инсан данасы Аристотельсиз
Искендер Зулқарнайн деселер бизди,
"Дана Әрасту" дер бул жерде сизди.
Мүмкин емес сизиң билмеўлериңиз...

Әрасту

Мың айтсаң да, бир геллениң ақылы,
Мәңги суўға соқбақ таўып баралмас.
Ҳәзирети Хызыр яр болсын сизге,
Халықты жыйнап, жар урдырың, патшайым,
Не табады десең, халық табады...
Телегей теңиздей ақыл да халықта,
Патшалар жугинген нақыл да халық та...

Патша

Ақыл-парасатлы патшалар ғана,
Халықты халық етеди басында турып.

Әрасту

Халықты халық етиўши патшаларды да
Сол халық дегеи киси өзи туўдырар...

КӨРИНИС

(Әскербасы Птоломей келеди)

*Патша*
(кеўилленип)

Даңқлы әскер басы—сәрдарым мениң,
Батыр Птоломей, бармысаң өзиң?
Ҳүрметли устазым алым Әрасту
Сабақ берип скиф шатырында да,
Мәңги суў ҳаққында ертек айтпақта...
Қәне Птоломей, не жаңалық бар?

Птоломей

Туҳ, уллы патшайым, несин сорайсаң,
Сонша урысып жүрип бул Азияда,
Буныңдай көк өжет халықты көрмедим,
"Хорезмийли" дей ме, "массагет" дей ме.
Басында ғаўқыйып қара қалпағы,
Атып жығылады, жатып атады...

Патша

"Атып жығылады, жатып атады?...
Әстапурла, бул саҳрайы халықтың
Өйтип қорғағандай не байлығы бар?

Птоломей

Байлығы жоқ асып-тасып бараtқан,
Дәрьядан сәл өтсең, аржағы шөллик.

Әрасту

Қулан шөлин сүйер, Қызғыш—уясын.
Адам елин сүймес байлығы ушын.
Сүйер оны Ўатан болғаны ушын,

Азатлық ҳәм ўатан—ең баслы байлық...

(Птоломей күлип жибереди)

Патша

Бизлер ҳәм күлейик, хош, Птоломей?

Птоломей
(қысынғаннан қызыл орамал менен терин сыпырып)

Кешир, тақсыр, еситпеген елде көп...
Бул елдиң Аяз деген ханы бар екен.
Патша сайлап, дәўлет қусын ушырса,
Кус қоныпты бир шопанның басына…
Енди сол шопаннан болған патшасы,
Қатты әдалатлы болса керекти.
"Уллы Искендер патшаға урыссыз
Бағынамыз, хыраж төлеймиз оған.
Жәбирлеп, төкпесин халқымның қанын".
Деп нан-дуз көтерип шықты алдымнан.
Барып кирип көрдим оның сарайын.
Алтын-гүмис пенен безелген зат жоқ.
Тилла емес басқа кийген тажы да,
Қараман ағаштан соғылған тахты,
Әдиллиги сонша шопан патшаның
Жесир қатын жүз қой айдайды дейди...
Тап қарсы алдына ағаш тахтының
Шопан ўақта кийген шерим етигин
Әширепилеп қыстырып бир қазыққа,
Дәл астына үлкен ҳәриплер менен
"Аяз, шарығыңа бақ!" деп жазыпты...
(қатты күледи)

Патша

Ҳәй-ҳәй, Птоломей, күлкили емес бул!...

Әрасту

Я тоба! Не деген даналық бар бунда!...

Птоломей

Даналық дейсиз-аў, неси даналық?...
Сол дана патшаның Асқар деген бир,
Тас жоныўшы күйеў баласы бар екен,
Ўай, жүўернемек, күйдирди-аў мени.
Есиңизде ме, Мараканданы аларда
Согдийлардың Спитамен дегени?
Халықты баслап, "сизге бағынбаймыз" деп,
Қанша жанға тийди. Булдағы сондай...
Үш күнлик урыста ол сүўретшини,
Бир сатқын достының көмеги менен,
Жарадар күйинде қолға түсирдим.
Жаўырнына таңба салып қыйнадым,
Ҳәм де тәңирибийзар Птометейдей,
Қап таўының бир шыңына байладым,
Сизге қарсы шапқан өзмәмбетлердиң
Тәғдири усындай азаплы, тақсыр.,.

Патша

Афарин, Птоломей, садық сәрдарым!

Әрасту

Соның бәрин өзиң ислеген болсаң,
Әжеп ис қылыпсаң, Птоломей батыр.
Териңди сүрт қызыл орамал менен...

Птоломей
(орамалына көза түсип, албырап)

Ҳаў, қалай бул, ақ орамал еди ғой...,,

Әрасту

Вабилоннан Согдианаға дейин
Қан төгип киятырған әскер басының
Ҳәжеп емес ақ орамалы қызарса...

Патша
*(қатты күлип)*

Әскербасы жигитлик қылған шамасы...

Пт о л о м е й
*(Әрастуге ашыўланып)*

Бәрҳа ашшы тиллеп шағып сөйлейсиз,
Сизге бир жақпадым, устаз Әрасту.

Патша

Устазға сен түўе, биз жақпай жүрмиз,
Даўам ет, Птоломей, ашыўыңды бас.

Птоломей
(қайта жанланып)

Тақсыр, бул жерден тез кетпесек болмас.
Адам қызыққандай байлығы да жоқ.
Кеше мен еситтим, оның үстине,—
Бул елдиң мына Окс деген дәрьясы
Өр беттеги үлкен бөгетти жығып,
Оксиана теңизин ол тәрк етип.

Гиркан теңизине бурылып кетипти.
Сизиң жаўлап алып атырғаныңыз,
Бул апат жанында ойыншық деседи.
Енди бунда қурғақшылық басланып,
Жаў шаўмай-ақ ел серпилип көшеди...

Патша

Әстапырла я, қапылттың ғой, сәрдарым.

Әрасту
(глобусты айландырып)

Булар көшпели халық, көшип үйренген,
Бизлер жаўгершимиз, жаўлап үйренген,
Айлан, дүнья, айлан, шарқы пәлектей!..,

Птоломей
Бул қараған елдиң гөне дәстүри,
Суў тасса да суў қайтса да дәрьяда.
Суўдың пийри Анахитаның жолына
Қурбанлыққа бир қыз береди екен.
Азанда турсам, уламалар, порқанлар,
Жулдыз көргиш мүнәжжимлер жыйылып,
Қурбанлыққа бериў ушын Дәрьяға

Талап етип атыр екен хан қызын,
Бир пәкизе нашар екен қарасам,
Таўға байлап козғаланшы куйеўин,
Хан қызын бунда алып келдим, патшайым...

Патша
(мысқыллап)

Әйтеўир де, бет орамалың қызыл-аў...

Птоломей
(албырап, ийилип)

Патшалық саўғаға қыянет жоқ, шаҳым...
(қол шаппатлайды)

КӨРИНИС

Еки қәнийзеги менен Онесия киреди. Ол патшаға тикке қарап турып, бирден күледи.

Патша

Бәракалла, шөлдин үркек кийиги...

1 -к ә н и з е к

Онесия, өйтпе, не болды саған...

2-к ә н и з е к

Тәжим ет, ханшайым, уллы патшаға.

Птоломей

Ҳаў, сап-саў еди ғой тап жаңа ғана…

О н е с и я
(қапталда турған Афродитаның статуясы алдында диз бүгип)

Асыраўшы анажаным Ақшолпан!
Жалынаман, аман сақла ярымды.
Оның тас қашаған жумыры билегин,

Жаў буғаўы қыймасын.
Жат мәнзилден қаңғып келген қара қус
Шоқымасын жигерин.
Табынаман, азатлық бер ярыма!..

Әрасту

Афродитаны булар "Ақшолпан" дейди...
Массагеттиң даңқлы ҳаял патшасы
Тумариса Кир патшаны жеңгенди.
Оның көзин қанға тойдырыў ушын,
Кесип алып сол патшаның геллесин,
Қан толы меске салғанды...
Бул хан қызы сол Тумарис туқымы...

П ат ш а

Бизге "абайлы бол" дегениңиз ғой?...

Әрасту

Мәзи мен тарийхты еслеп атырман.
Әнейи нәрсе емес тарийх сабағы...
Аҳа, умытыппан, тақсыр патшайым,
Ушырасыўым керек еди бул елдиң
Асан қайғы деген философына.
"Аяғы жоқ, қолы жоқ, Жылан кәйтип күн көрер,
Қуйрығы жоқ, жалы жоқ,
Қулан қәйтип күн көрер?"...
Ҳа-ҳа-ҳа! Шынында да қызық адам көринеди.

(өзинше)

Патшалар тил табыспаса да,
Тил табысар бәрҳа алымлар...

*(кетеди)*

Патша

Устаз қандай дана адам зейинли!.,.

Птоломей
(өз маңлайына шарпа урып)

Аҳ, қум келле Птоломей, еле сен,
Урыс қудайы Марс тәңирим ҳаққына
Қурбанлыққа өгиз соймақшы едиң-аў...
(ым қағып, қәнийзлерди де алып шығып кетеди. Негр баласы шарап әкеледи)

Патша

Жат жерге тигилген скиф шатырына
Жуўсанның хош ийисин әкелер самал...
(Онесияға шарап усынады)

О н е с и я
(шатыр жабығынан түнги, аспанға қарап)

Әне шықты Жети қарақшы жулдызы!
Үш алты хан қызын ортаға алып,
Төрт алты урыспақта кейнинде қалып.
Әнекей, бөлинип шықты бир атлы!
Жақынласып келер қарақшыларға.
Хан қызының садық Қутлаяқ ийти,
Ол да шаўып келер аттың изинен...
Жаўыз қарақшылар жеткермес бирақ.

Патша

Жел тийгизбей хан қызының шашына,

Олар саўға етер өз патшасына...

О н е с и я

Аҳ, әттең мәрт жигит ат жалын қушты,
Жарасынан қан сорғалап баратыр.
Ақбаслы ер оның көксине батты,
Қарақшылар емес, жолдасы атты...
Эҳ қоябер жигитлерди базыбир,
Пейли сонындай тар, иши толы кир.
Сәл жақтырақ жанса ығбал жулдызың,
Күнлеп ҳәм қызғанып азаплар өзин.
Дос боп жүрип, жаўға таслап та кетер,
Я пайты келгенле сатқынлық етер...

Патша

Тоба! Зевс тәңирим, мына бир нашар,
Айтып тур инсанның ең әззи жерин ..

О н е с и я

Әне, хан қызының Қутлаяқ ийти,
Жаралы жигитти шыр айланып жүр.
Ийт опа деген...
(*жылайди)*

Арқасынан садақ оғы қадалған,
Азаматым, ессиз жаўжүрек ярым.
Ҳәзир ғана мениң қолымнан келсе,
Жаныңның орнына жан берер едим.
Жаўырнына төсеп қолан шашымды,
Ақ көксимди дастық етип басыңа,
Кәбап болған баўырымды суўырып,
Тартар едим қансыраған жараңа...

Патша

Жер-жаҳанды жаўлап алып атсам да,
Бир сулыў усылай сүймеди-аў мени.
Астымдағы алтын тахтымды түсип,
Муҳаббат гедайына берер едим мен...

О н е с и я
(патшаға тәжим етип)

Кешириңиз мени, уллы патшайым,
Өмири зая жулдыз сәўлесиз болар...

(патша оның шашын сыйпайды)

Жоқ, жоқ, кол тийгизбең, патшайым, маған!
Мен өлген ҳаялман, сиз—тири инсан,
Мени қурбанлықка шығарған атам,
Асыраўшы Огуз дәрья қайтадан
Ылай суўға толып, ел абат болса,
Өкинбеймен ҳасла өз әжелиме...

Патша

Сондай садақатлы, сондай опалы!...
Күн шығыстың жер титиреткен патшасы,
Шаҳ Дараға ийилмеген басымды.
Ийдиргиң келди ме, әй саҳыпжамал!

О н е с и я

Талға жарысып шынар ийилмес болар,
Бизди койың, шаҳым, өз күнимизге,
Лекин айтып кетер бир кеңесим бар:
Сиз излеген мәңги суўдың дәрегин
Мениң ярым Асқар ғана биледи.

Ол ҳәзир буғаўлы жатыр таўларда,
Босатсаңыз, таўып әкеп береди...
Сиз оны тоқтаўсыз алдырың бунда.
Ал мен Қуяш тәңирим жазғанын ислеп,
Бийик шың басынан Огуз дәрьяға
Өзимди таслайман қурбанлық етип.
Сиз бенен, патшайым, басқа дүньяда
Ушырасармыз несип болса бир ўақта.
Берген шарабыңды көз жасларыма
Қосып сонда симирермен алдыңда...

(шараплы жамды Афродатаның аяқ ушына қойып шығып кетеди)

Патша

Жүрек етип бул дүньялық бенделер,
Мениң ҳәмиримди тәрк ете алмас.
О дүньяға баратырған ҳаялға,
Патша ма я қул ма —бәрибир халас.
Жат жағыска тиккен скиф шатырына
Жуўсанның хош ийисин әкелер самал...

(гонг урады, Птоломей баслаған адамлар келеди)

Урың жарды, жыйнаң халықты тезирек!
Айдаң Кап таўына олардың бәрин!
Маған мәңги суўды таппағанынша,
Тынышлық та, қайтыў да жоқ оларға!

(сыртта фанфара даўысы еситиледи )

## МЫҢ БУЛАҚТЫҢ БАСЫНДА

(Мәңги суў излеўши халықтың тыныспасы)

Жийрен сакал

Искендер патша жети ықлымды алды.
Енди мәңги суўдың ышқында жанды.

Қара сақал

Бизди мине мың булаққа айдады,
"Мәңги суўды табасаң" деп қыйнады.

Д и й х а н

Огуз дәрья қайтып, еллер шөлледи,
Ал патша "мәңги суў табасаң" деди.

Ш о п а н

Қассапшыға ет қайғы,
Қара ешкиге жан кайғы.

Д и й х а н

Биздей дийхан сорлыға
Қыс напақа нан қайғы.

К Ө Р И Н И С

Мурт келеди

Арық мерген

Мурт жора, келсеңә, бир заман дем ал,
Жуўырған алмайды, буйырған алар...

М у р т

Ҳай, ҳармаң, жигитлер! *Ўәй* бәракалла!
Тап мәңги суў тапқан патшадай болып,
Отырсызғой мардыйысып бул манда,
Қәне, Арықмерген, шақшаңды әкел,
Гүзеңде гәп барғой шамасы жора?

Арық мерген

Қуралайды көзге атқан мергенмен,
Дүзде талай суўдан ишип көргенмен.
Бир суў көрдим, дәми жүдә ғәлетий,
Соннан бир гүзе суў алып келгенмен

Тазша бала

Гүзеңдеги мәңги суў боп шығар-аў,
Бирақ сорың қайнап дәлиллей алмай,
Патшаның ғәзебине ушырап қалма.

М у р т

Ҳә, тазша, әкелипсең кемпириңииң сен
Ешки саўып жүрген аўызқабағын.

Тазша бала

Ҳәзир барлық ҳикмет усы кабақта...

Жийрен сақал

Мәңги суў таптың ба? Дәлилиңди айт.

Т а з ш а

Патшаның алдында айтамыз оны,
Сонда қуўанғаннан Искендер патша:
"Тиле тилегиңди, азамат тазша,
Гәп шашта емес, баста" дер сонда...

Г ү л а л ш ы

Дәри бола бермей айтсаңә, бала,

Д и й х а н

Биз елге қайтайық, сен тапқан болсаң.

Ш о п а н

Мал-ҳәлимиз дүзде қараўсыз қалды.

Т а з ш а

Дәлилим сол: көз алдымда бул суўдан,
Бир зоңғарға келип үш ирет ишти...

Қара сақал

Дәлилиң пышық жеп, ийт ғайзағандай.

М у р т

Зоң ғарғаның жеген поққын жегенде,
Сен де узақ жасар единң дүньяда.

Диадемли жигит

Мәңги суўды таўып берген адамға,
Не тилесе, бәрин береди патша.

Т а з ш а

Мен көп нәрсе тилемеймен бул ушын,
Искендер патшаға күйеў бала боп,
Ҳиндстанды ғана сорасам болды...

Арық мерген

Пил аўлаўға мерген керек болғанда,
Еске аларсаң Арық мерген ағаңды.

М у р т

Мен тапсам, әйтеўир, патшадан бурын
Өзим ишежақпан сол мәңги суўды.

Т а з ш а

Ўай-ой, онда бул дүньяға ҳеш ўақта
Шайтан керек болмай қалады екен...

Т е м и р ш и

Ҳәр булақтан аўыз шайғаным болмаса,
Абайсыз ишип қоймайын деп жүриппен...

Диадемли жигит

Патшалар излеп таппай жүрген мәңги суў,
Сен не деп қорқасан оннан, темирши?

Т е м и р ш и

Жүзимди жалап отлы көрик ҳәўири,
Мәңги шөккиш урып турғым келмейди.

Г ү л а л ш ы

Бул дүнья бир қызық гүлал дүканы.
Мениң соққан гүзем ҳәмmениң қолында.
"Абиҳаят суўын алып келгей" деп,
Патшаның көзи де оның жолында...

Т е м и р ш и

Сениң соққан гүзең толар-аў суўға,
Бирақ толмас екен адамның көзи.

Жийрен сақал

Бул Искендер алды дүньяның жүзин,
Енди бул дүньяда мәңги қалажақ.
Сөйтип патша емес, қудай болажақ.

Қара сақал

Теңиз курдымында шек бар, бирақ та,
Инсапсыз патшаның нәпсинде шек жоқ...

Т е м и р ш и

Ҳай, анаў ким Кийик сокпакка минген?

Ш о п а н

Әжелине асығып жүрген биреў ғой.

Арық мерген

Батыр уста Асқар сүўретши ғой-әй!...

Т а з ш а

Әдалатлы Аязханның күйеўи,
Не излеп жүр қәўипли таў соқпағынан?..

Диадемли жигит

Искендер патшаға қарсы урыста
Опасызлық етти ең жақын досты:
Оны тутып берди жаралы ҳалда,
Үш күн таўда буғаўлаўлы турды ол.

Т е м и р ш и

Ал ҳаялы Онесия сулыўды
Дәрья суўы қайтқан күни атасы,
Суўдың пийри Анахитаның жолына
Қурбанлыққа шығарды.

Г ү л а л ш ы

Онесия өзин дәрьяға таслап,
Өлмесинен алдын өлейин деген ғой.

Диадемли жигит

Асқар, қайт изиңе! Жоқ, еситпейди.

М у р т

Миниў ушын қәўипли қыямай шыңға,
Арқан таслап атыр арша ағашқа.

Арық мерген

Арық мерген болып аң аўласам да,

Ол таўларға минип көрмеген едим.

Д и й х а н

Халықтың умити еди баҳадыр уста,
Әжел соқпағында қайда бармақшы?

Жийрен сақал

Жоқ, ол тәўекелдиң тар соқпағында
Излеп барар соңғы үмит булағын.
Абиҳаят суўын сол қәўипли таўдан
Мәртлик ҳәм тәўекел ийеси табар...

Диадемли жигит

Искендер патшаға қарсы бул таўда,
Биз қырқ күн урыстық бир сапта турып.
Енди сол тәўекел соқпағында да,
Асқар менен бирге болмағым керек.

(кетеди)

Қара сақал

Аман таўып қайтың үмит булағын,
Ҳәзирети Хызыр яр болсын сизге!

## ОЛИМПКЕ ЖОЛ

Және сол патша шатыры Искендер патша, Әрасгу, сарай адамлары. Негр баласы шарап әкелип жур.

Патша

Абиҳаят суўын таппағаншелли,
Жыйылмас бул жерден мениң шатырым...

Әрасту

Қырғын урыс қылып, елден еллерди
Жаўлап алып жүргениңизден көре,
Бунда скиф шатырында отырып,
Мәңги суўды күтиў—унайды бизге...

Патша

Күнлер усар шарап тамшыларына,
Бәрҳа бир көринис тийди жаныма.
Гүзе көтерискен варварлар келер,
Мәңги суў екенин дәлиллей алмай,
Үмитимди алдап, шығып кетисер.
Қолымда шайпалар сабыр кәсасы...

Әрасту

Көп шайпалған кәса төгилер болар...

Патша

Аҳ, устаз, фәлсафаң тийди жаныма...
(ишеди)

КӨРИНИС

Птоломей. келеди.

*Патша*

О сен Птоломей, мәрт әскер басым!
Ҳаў, белде қайысың буўаз бийениң
Айылындай түсип кеткен бе, қалай?...

Птоломей
(иренжип)

Аўа, тақсыр, буўаз бийе... Узамай
Қулынлап та қалар бул жүрисинде...
Излегеннен көре жоқ мәңги суўды,
Қанлы саўаш урысқа кирип ҳәр қүни,
Жорықта жүргеним ғәнийбет еди.

Әрасту

Я Зевс тәңирим, сол мәңги суўды
Ким ишсе де, Птоломей ишпегей...
Тап қыямет қайым болғанға дейин,
Бул дүньяға урыс оты түспегей...

П ат ш а

Ашыўыңды бас, сәрдар. Не жаңалық бар?

Птоломей

Сизге қарсы қозғаланды басқарған
Сүўретшини, пәрманыңызға бинаан,
Буғаўдан босатқан едим, патшайым.
Сол келип тур бир гүзе суў көтерип...

Патша

Аязханның қызы Онесия сулыў,
Мақтаўын жеткизип сүўретши күйеўиниң,

"Мәңги суўды сол табады" дегенсоң,
Босаттырған едим буғаўдан оны...
Қәне, кирсин козғалаңшы сүўретши!

КӨРИНИС

Қолына кишкене нағыслы гузешени көтерип Асқар келеди.

Асқар

Самалды самал тербетер,
Самал булытты тербетер.
Булыт жамғырды тербетер,
Жамғыр көк шөпти тербетер,
Көк шөп бийени тербетер,
Бийе қымызды тербетер,
Кымыз жигитти тербетер,
Жигит сулыўды тербетер,
Сулыў бесикти тербетер,
Бесик баланы тербетер,
Бала... дүньяны тербетер!...

Патша
(орнынан турып)

О не деген қүдиретли сөз, тәңирим!

Әрасту
Инсан руҳының гөззаллык күши,
Поэзия! Табынаман мен саған!

Патша

Исянкар сүўретши, айт кеўлиңдегин!

Асқар

Сиз сондай дүньяны тебиренткен шаҳсыз...
Абиҳаят суўын әкелдим сизге.

Патша

Сеннен илгериде көплер әкелген,
Ал, тыңлайық сениң ертегиңди де...

Асқар

Таў басында қәўипли Кийик соқпақта,
Жети рет өлип, жети тирилдим.
Таўып оның алтын аслаў булағын,
Толтырып аларда мына гүзени,
Мен ишпедим шөлден аңқам кепсе де...

Патша

Қорқасаң ба, жигит, мәңги жасаўдан?

Асқар

Абиҳаят—мәңги тиришилик суўы,
Инсан ушын емес...

Патша

Ким ушын онда?

Әрасту

Адам мәңги емес, тәбият—мәңги,
Бул суў эликсири сол мәңгиликтиң...

Патша

Инсан—тәбияттың перзенти, устаз,
Анасы менен мәңги жасаўға ҳақылы...

Әрасту

Туўылыў, жаңарыў, тынбай өзгериў,
Тәбият-ананың мәңгилик иси.
Ал мәңгилик деген бул шексиз ўақыт,
Ол—космос, жаны жоқ, биймәни бослық...

Асқар

Тутың тақсыр, мына қақпаш балықты,
Өз қолыңыз бенен салың гүзеге.
Буннан бир жыл бурын мен бул сазанды,
Оксиана теңизинен аўладым.
Анам өз қолынан дузлаған сонда,
Ол теңиз нәпесин алып қайтадан,
Ҳәп заматта тирилгенин көресиз.
Бирақ та бек болың жүрегиңизге!...

Патша

Я тоба! Қайдағы Фракиядан
Ҳиндстанға қәдер жети ықлымды
Жаўлап аларымда қалтырамаған,
Алмас қылыш тутқан мықлы қолларым,
Неге қалтырайды? Айтшы, устазым!

Әрасту

Мәңгилик деген бул шексиз океан,
Бул ислериң оған бир тамшы суўдай...

Патша

Екиленип көрмеп едим мен бундай...

(Қақпаш балықты гүзеге батырады, гүзеде улы-шамбырлы болып тири балық ойнайды. Патша сескенип кетип, кейин бәседи. Сарай адамларында ҳаўлығыў, албыраў күшейеди)

Жоқ, жоқ! Мүмкин емес! Бул мәзи түсим...
Мынаў жат жердеги скиф шатырында
Не ғәлетий түслер енбейди бизге!
Ҳа, сиз бе? Барсыз ба, алым Әрасту?

Әрасту

Биз бармыз ҳәзирше... Бир заманларда
Ениўимиз мүмкин түслериңизге...

Патша

Ал мынаў Птоломей, садық сәрдарым...

Птоломей
*(албырап, жағынып)*

Әлбетте, патшайым... Қасыңда болып,
Мәңги қылышыңды шабыўға таярман...

Патша

Ал, мынаў ким? Түри бөтен, азиат?
Аҳ-ҳа, еске түсти... Көп ишсем керек...
Исянкар сүўретши, ақылы зыят...

Әрасту

Барлық ҳәм жоқлықтың шегарасында
Бир илаҳий сыр бар соныңдай нәзик.
Инсан ақылына, илим ҳикметке
Ол сырды ойлаўдың өзи қадаған.
Не деген инсапсыз ҳәм өжет инсан!
Тәбият қойнында узақ сандалған
Ҳәм өзиниң путкил барлығы менен
Кирген оның қатал исенимине,
Көпти көрген, узақ жасаған адам
Абайсыз дус келип сол нәзик сырға,
Алтын балық шығып қалғандай қырға...
Ҳәй, бала, бул исиң жақсы болмады...
Ырас сөйлеў парыз патша алдында...

Асқар

Бас ийемен сизди танымасам да,
Уллы Эрастуўше ақылыңызға!
Жүз жыл өмир сүрген аңшы атамның,
Таў-тас қоймай себил болған аяғы
Сол қадаған, нәзик сырдың сызығын
Басып алса керек абайсыз жүрип...
Ол киси көп көрген тәбият қызығын!
Мың жыллық мәжбурий нәлетий дәстүр
Оны тирилей сум әжелге тапсырған.
Мен сорлы ақлығы оны арқалап,
Әжел ойпатына апарып тасладым...
(кеўли бузылады)

Әрасту

Заманлар ағымы бир пәтли дәрья,
Түрли дәстүрлердиң урығы онда,
Ығып өтер заманлардан заманға.
Ажырықтай түскен жеринде өсер,
Ҳәтте заңлар менен бәсекилесер...

Патша

Жоқ, мен бул дәстүрди бийкар етемен!
Адамийзат кетер болсын дүньядан
Өз әжели ҳәм де өз дастығынан!

Асқар

Бул пәрманыңызда инсаныйлық бар,
Әдалат шәшмеси сарқылмағай ҳеш.

Патша

Исянкар сүўретши, айт тилегиңди!

Асқар

Гиркан теңизине қашқан дәрьяны
Қайтарып бер, тақсыр, бизиң жағысқа.
Халық өз ўатанынан айра түспесин,
Бул жерлерден ел серпилип көшпесин..

Патша

Буйыраман, байлаң жыққан бөгетти!
Әкелиң қайтадан Окс дәрьяны!

Әрасту

Ғаз ғаңқылдап, үйрек ушып жаңадан,
Жатсын шалқып Оксиана теңизи!

Асқар

Патша ҳәмири—қуда ҳәмири деген бар...

Огуз дәрья—асыраўшы анамыз,
Кел қайтадан бизге мәңги суў болып!
Елди қуўантаман мен ҳәзир барып.
Онесия, есит арзыўлы ярым,
Сен енди азатсаң қурбан болыўдан,
Саған қустай ушып бараман ҳәзир!

(кетеди)

Патша
(гүзени абайлап алып)

Абиҳаят суўы қолымда мине!
Я қүдиретли Зевс, мендағы енди
Олимп таўындағы перзентлериңдей,—
Жас қудайлар ҳәм титанлар сыяқлы,
Мәңги өлмей жасайман бул дүньяда.

(тамашагөйлерге)

Жоқ, мен жасамайман Олимп таўында,
Оннан көре жерде инсанлар менен
Жасаў әлле қайда қызықлы маған,
Адамлар үстинен ҳүким сүриўдиң
Ләззети басқаша! Бул ис көп жақсы
Аспанда отырып қудай болыўдан...

(Шатырда айшы-әширетли ойын басланады)

КӨРИНИС

Түн. Көк гүркиреп, шақмақ шағылады. Шатырдың жабығынан фосфорит сәўле менен жанып, Сүләйман пашаның қуў геллеси ишке үңиледи. Шатырда ҳаўлығыспа, үнсизлик шөгеди.

Қ у ў г е л л е

Тыңла, қүдиретли Искендер патша!
Геллесимен мен Сүләйман патшаның.
Жети ықлымдағы инсанлар түўе.
Патша болдым он секкиз мың әлемге.
Инсанның пейлиндей тойымсыз зат жоқ,
Қәнәәт қылмадым, мәңги суў иштим.
Мине енди ийегимде жаным бар,
Жумалап жүриппен қуў гелле болып.
Теўип кетер мени дүзде қуланлар,
Мийдиң шанағында жатар жыланлар.
Тойымсыз көзимниң шанақларынан
Жамғыр суўын қуслар ишеди мудам.
Оларды үркитер шама жоқ бизде...
Ишпе мәңги суўды, ақылымды ал,
Инсап ҳәм қәнәәт дүньясында қал!
Әжел периштеси, сағындым сени,
Қашан қушағыңа аласаң мени!
Мың әфсус, пушайман! Аҳ, шексиз әрман!
Не деген тойымсыз, инсапсыз адам!
(қуў гелле ғайып болады)

(Искендер патша қолындағы гүзени алтын тахтының қасындағы столға қояды. Ҳәмме үнсиз шығып кетеди.)

Әрасту

Өлиниң айтқанын тири қылғанда,
Бунша қәтелеспес еди адамлар...
(кетеди)

Патша

Устаз, сизиң даналығыңыз ушын!
(Шарап ишап, қалғып кетеди)

## МӘҢГИЛИК БОСАҒАСЫНДА

Бизиң эрамыздың 3000-шы жыллары. Ўақыя орны өзгермейди—Огуз дәрьянын бойы, Қап таўының етеги. Тек ғана патша шатыры жок. Тас тәңириниң мүсини сәл қыйсайған. Үнгирден Әрасту шығады.

Әрасту

Сәлем Қуяш, о мәңгилик шырағы!
Гүрлеп айдап отлы колесницаңды,
Космос кеңлигинде еле жүрсең бе!
Бәрекелла, бул зимистан дүньяға
Жалғыз жақты берип турсаң ба еле!
Көрип турман, қанша дәўирлер өткен,
Қанша уллылықлар жоғалып кеткен.
Тек сен барсаң, бар тек анаттә-бият,
Ҳәм ақыл булағы—бар инсаният!
Мине биз ояндық узақ уйқыдан...

КӨРИНИС
(Үңгирден еснеп патша шығады.)

Патша

Әзиз устаз, ассалаўма әлейкум!
Бир жыл көрмегендей қумсадым сизди.

Әрасту

Ўәлейкум ассалам, уллы патшайым,
Аман жатып турдыңызба уйқыдан.

Патша

Әжайып таң екен, салқын ҳаўалы.

Әрасту

Бул таң, тақсыр, басқа дәўирдиң таңы...

Патша

Қайыл, устаз, дана ҳәзилиңизге.
Сарай адамлары кай гөрге кеткен?
Қайда таярлаған азанғы шайды?...

(қол шаппатлайды)

*КӨРИНИС*

Үңгирден еснеп Птоломей шығады. Сақалы белине түсип, мурты қулағына оралып кеткен.

Патша
(әжепсинип күлип)

Мынаў ким-әй, әжийне ме, гөрбар ма?
Птоломеймисең? Не бәле түриң…
Бәлким Дионисте Аристофанның
Ойнап жүрипписең комедиясын?...

Птоломей
(Тайып кеткен жағын услап еснеп)

Кеше көп иштик пе деймен, патшайым…
Есней-есней тайып кетти жақлайым.

(өзинше)

Аўған талғанлайға күледи деген...

Қайық болып туйғандай өзиниң түйи...

Әрасту

О тақсыр патшайым, биз сизден алдын
Ояндық уйқыдан бир ҳәпте бурын.
Бир гесиртке қолтығымды қытықлап,
Оятып жиберди. Аңлап қарасам,
Өсип кеткен екен сақал-муртымыз.
Сизиң белиңиздеги қос баўдан әсте
Исфаҳаннын алмас семсерин алып,
Сизиң ҳәм өзимниң сақал-муртымызды
Гүзедим, тәртипке келтирдим бираз.
Птоломей батырдың сақал-муртына
Тиймедим. Өйткени урыспаз сәрдарға
Жүдә жарасады бул сақал-муртлар...
Қораздай қышқырып, оның үстине
Буйрық берер ләшкери де жоқ енди...

Птоломей
(шоршып кетип)

Неге ләшкерим жоқ буйрық берерге?

Патша

Устаз, не деп турсыз, есиңиз дүзиў ме?
Ондай ҳәзилди қой! Айтың оннанша
Шарап мәслигинде қанша уйқыладық?

Әрасту

Биз үш мың үш жүз жыл уйқыладық, таксыр!
Биз ҳаўасын жутып турған бул дәўир—
Жаңа эранын үш мың биринши жылы!...

Патша

Устаз, бундай ҳәзил сизге жараспас,
Бул өтиригиң қудды ертектегидей.

Әрасту

Қорықпаныз, үш мың жыл, параз етсеңиз,—
Шет-шебирсиз ўақыт океанының
Үш тамшысы менен ғана өлшенер...

Патша
*(ҳәўлирип)*

Мәңги суўды ишип қойдым ба, сорым?

Әрасту
Иштиңиз... Ҳәм бизиң айтқанды қылмай,
Бизлерге де зорлап ишкиздиң оны...

Птоломей

Эй, ырас-әй, жаңа есиме түсти,
Зорлап ишкиздиңиз устазға, тақсыр.
Ал мен болсам, сизиң хызметиңизге
Мәңги жегилгенмен... Сол ушын, шаҳым,
Сизден қалған суўды гүзе түбинде,
Ишип қойдым, мирәт етпесениз де...

Патша

Эй, сен қаласаң ба ысытқан суўдан.
Тап оннан да бас жазғандай бир нәрсе!

Птоломей

Мәңги суўдан гөре бир кәса шарап,
Жақсы болар еди-аў... Көрейин қарап...

(кетеди)

Патша
Уай-ой! Үш мың үш жүз жыл дедиңиз бе?
Қәйтип шығардыңыз жыллар есабын?

Әрасту
(қойнынан китап шығарып)

Үш мың жыл койнымда бирге уйқылаған
"Мәңгилик китабын" ашып қарадым.
Ҳәм есаплап көрдим гороскоп пенен...
Қатламларын изертледим таўлардың.
Қанша өзгерислер болып атса да,
Таў, дәрьялар — мәңгиликтиң перзенти.
Мынаў Окс дәрья, анаў Кап таўы.
Мына жерде үш мың үш жүз жыл бурын
Сизиң скиф шатырыңыз турғанды.
Оның алдындағы массагет тәңири
Қараң, сол турысында еле турыпты,
Сәл қыйсайған, аўзы-мурны желинген,
Үш мың жылғы уйқымызды гүзетип,
Турғандай қонақшыл сахра тәңири...
Тәбият пенен тил табысқан шығарма,
Ол ҳәм мәңгиликдур... Кел, таксыр, мейли,
Излейик бул жаңа дәўир есигин...

КӨРИНИС

Қуўанып Птоломей келеди

Птоломей

Қудайым бендесин өлтирмес аштан,
Аты шөп демесен, ешкидей сутли...
(шөпти жейди)

Әрасту

"Жылына үш рет миййалап пискен,
Аты сүтилмектей жемисим бардур".,.

Патша

Ҳәй, әттең, Птоломей, сениң орныңа
Мәңги суўды ҳаял тухымы ишкенде,
Аш қалдырмас еди бизлерди бүйтип...
Енди шөп жеп, мал болыўға қарадың.

Птоломей
(тамашагөйлерге қарап)

Шөп жесең де аштан өлмеген жақсы.
Аз-кем шыда, өзиң де еле шөп жейсең...
Ашлық ушын патша да жоқ, қул да жоқ...

КӨРИНИС

Ақ астролет әстен ушып келип дәрьяға түседи де, ақ глиссерге усап жүзип келип, жағысқа тоқтайды. Астролеттен жигит ҳәм қыз туседи. Жигит төсине байланған портатив рация арқалы бир жақлар менен сөйлесип атыр. Қыз астролетте лазер аппараты менен бултка нур жиберип атыр. Патша, Әрасту ҳәм Птоломей тас артында жасырынып турып, жаңа дәуир адамларының ис-ҳәрекетин гүзетпекте.

Жигит

Алло, "Нефтун"! "Оксиана" сөйлейди.
Ашық океаннан Арал теңизге
Суў келип түспекте нормадан зыят.
Тарнаўда шлюздиң сеткасын жыртып,
Үш акула өткен бул бассейинге.
Суў басып кетежақ Мойнақ қаласын.
Оннан бир қырқ үшке түсириң суўды.
Әне жағыстағы Посейдон бағының,
Алма, жүзими де суўға кетежақ.

Рациядан даўыс

"Оксиана"! "Нефтун" тыңлайды сени
Оннан бир қырық үшке суў түсириледи,
Сетка беккемленди. Аралға түскен
Үш акула алынады есапқа.
"Памир" ге айт, дәрья суўын азайтсын.
Ол да аздай жамғыр заказ қылғансаң,
Суўға тоймайтуғын халық екенсең,
Былтыр Үстиртти де суўға алдырдың...

Жигит

Дәрья суўы норма менен келип тур,
Оны азайтсақ, суўда дуз көбеймекте.
Бултларды жаўдырмай өткизиў ушын
"Олимпия" ға хабар берип атырмыз.
Былтырғы шатақты быйыл шығарма...

Қыз

Әйтен шыррық шығар пультте отырған...
Былтыр Афиныда күйдирип еди.
Акропольден бир тас сынығын алып,
Нөкиске почтадан жиберемен деп,
Еки саат шатақ шығарған еди...

Патша

"Акрополь" дейди, "Афины" дейди...
"Бултты жаўдырмаймыз" дейди қудайдай..-
Ким деп түсинемиз бул адамларды?

Әрасту

Бул әўладлар—жаңа дәўир адамы,
Булардың сыйынар қудайы—илим.
Еситип турсыз ба, тақсыр патшайым?
Кең аспанда көшип жүрген бултты да
Қәлеген жериие жаўдырып атыр...

Птоломей
(тамашагөйлерге)

Жаңағы үш акуланын биреўин
Бир өзим шийкилей жер едим ҳәзир.
Усы Әрастудиң ақылгөйлиги
Аш қарынға дым жақпай тур, жигитлер...

Патша

Зевс тәңирим, сақла өз панайыңда!

Қыз

Мынаў, кимлер, антик липас кийинген?
Эсхилден бе яки Софоклден бе,
Жүрсе керек спектакль таярлап...

Әрасту

Ҳей, бийтаныс әўлад, саламатсыз ба?

Жигит

Сәлем, талантлары Әмиў бойының!

Қы з

Рио де Жанейро фестивалына
Таярланып жүрген талантлар екен.

Патша

"Әмиў" дейди, және бир нәрсе дейди,
Ҳарам болсын айтқанларын түсинсем...

Қыз

Буннан үш мын үш жүз жылдай илгери
Македониялы Искендер патша
Қала салған бул дәрьяның бойына
Ҳәм де "Амуля" деп атаған оны.
Әййемги Огуз суў—Окс дәрьясы
Соннан "Әмиўдәрья" болып аталған.
Сахнада бериў ушын әййемги дәўирди,
Тарийхты үйрениў керек, жигитим.

Птоломей

Уллы дәрежели Искендер патшаны
"Жигитим" деп, қандай бийәдеп қызсаң!...

Әрасту

Неси бар, бундай қыз "жигитим" десе,
Птоломей батыр, қой, өйтип қызба.

Ж и г и т

Птоломей—сол Искендер патшаның
Жаўжүрекли әскер басысы болған.
Бирақ оны бунша сықылсыз адам деп,
Оқымаған едим ҳеш бир китапта...

Патша

Үш мың жыл бетине пәки тиймеген...
Ийт алған түлкиде не сын бар деген...
Сабақ бериң, баллар, тарийхтан және...

Қыз

Ол дәўирде мынаў Арал теңизин
"Оксиана" деп атаған эллинлер.

Әрасту

Дәўирди сахнада көрсетиў ушын,
Тарийхты билиў керек, Птоломей батыр...

Птоломей

Изинде ойнаўға қарадыңыз-аў...
Бийтаныс бул мәжгүн жасларға қосылып.

Патша

Ал биз артист емес екенимизди
Қалай түсиндириў мүмкин буларға?

Әрасту

Илим ҳәм ҳикметти суўдай симирген

Бул неткен әўладлар? Мен де билмеймен.
Лекин енди, тақсыр, кәлең-кәлемең,
Биз жасаймыз усы әўладлар менен.
Өлимнен басқасының бәри, патшайым,
Есеби табылар тири бендеге.
Бирақ бизиң артист емес, әййемги
Патша, алым, сәрдар екенимизди
Ҳасла түсиндирип болмас буларға.
Енди биз баяғы аўыр жазаға
Тап болған бийшара Сизифке кусап,
Төменнен бийикке тас шығарамыз.
Шығарғанда таў басына сол тасты,
Қайтадан жумалап кетер төменге.
Ҳәм биз мәңги бүкшең қағып, сол тасты
Жәнe таў басына алып шығамыз...

Птоломей

Бизиң артист емес екенимнзди
Алмас қылыш пенен ғана буларға
Өзим түсиндирип беремен ҳәзир...
(шириген қылыштың сабы ғана қыннан
суўырылады, ҳәмме күледи)

Әрасту

Қәнекей, үсийтип ҳәмме қылышлар
Ширип питсе еди қынында жатып...

Қыз

Соншеллн берилип ойнар ролин,
Булар нағыз талант ийеси екен.

Жигит

Рио де Жанейрода келер бәҳәрде,
Дүньядағы ҳәўескер театрлардың
Жер жүзилик фестивалында, дослар,
Сөзсиз байрақ аласызлар, мен билсем...

Әрасту

Бәрекеллә, ҳәй сиз бахытлы әўлад,
Қай жерликсиз, кәспи-кәриңиз қандай?

Ж и г и т

Бул қыз—итальянка, мен—усы жерлик,
Бизлер гидролог, суў кәнигеси.
Аңсат емес бизин кәсибимиз де,
Әмиўдәрья базда тасып атады,
Жағаларын жайпап басып атады.
Бурын бул әтирапта шөллер көп болған,
Енди бәри егис, бағларға толған.
Бултлар биз кәлеген жерге жаўады,
Атомды парахат ислетер адам.
Қуяш нуры, самал, океан толқыны,
Электр қуўатын береди мудам...

Әрасту

Атом, электра! Кәрамат сырлар,
Бата алмаған оған бизиң тисимиз...

Патша

Зевс тәңиримниң қүдирети ғой бул,
Айтып турғанлары қудды ертектей.

Әрасту

Ертек—инсан қыялының жемиси,
Қыялдан да озық ҳәзирги заман.
Биз енди бул әжайыбат заманның
Өгей туўған мәңги одиссейлери...

Птоломей

Мына қыз ҳәм жигит, уллы патшайым,
Ашлықтан көзиме төртеў болып тур...

Патша

Көз алдымда төрт Птоломей турыпсыз,
Бәриң жабырласпай, бirимлеп сөйлең!.,,

Птоломей

Булардан "бизлерди аўқатландыр" деп:
Талап қылсақпекен, сорасақпекен?

Әрасту

Зорлық пенен тартып алып жеўшилер,
Қорлық пенен ырысқы шөплер соңында...

Ж и г и т

Биз кесент бермейик сизлерге, дослар.
Рио де Жанейро фестивалында
Үлкен творчестволық табыс тилеймиз!
(кетеди)

Птоломей "Творчество" дегени не? Урыс па?

Әрасту

Еситпеген сөзлериң көп алдыңда,
Қәне, Птоломей, не аўқат жейсең?...

Патша

Дәри болғаны ма бир кеса шарап.

Птоломей

Патшайым, мен ҳәзир келейин қарап.
Қоян, тақсыр, қоян! Услаң, жигитлер!
Ўа, атаңның... Несип етпеўин қара...
(Ҳәмме қамалайды, услатпайды, Птоломей қуўып шығып кетеди)

КӨРИНИС

Патша

Устаз, не күнлерге түстик изинде.
Неге биз ояндық мәңги уйқыдан?

Әрасту

Тәбиятқа қарсы жүрис басладық...
Кейин қарап шаппас өкиниш тулпары.
Қапа болмаң, тақсыр, мәрдана болың,
Өмир сүрген қызық не деген менен...

К Ө Р И Н И С

Птоломей қаўын әкеледи.

Птоломей
Мен билсем, бул жеўге болады, жигитлер.

Патша
Енди саған "жигит" болып қалдық па,
Асып қояйын ба сақал-муртыңнан!

Птоломей

Кешир, тақсыр, ашлық мени алжытты.
(патшаның аяғына жығылып)

Патша

Ҳәй қумкелле, бул қаўын ғой, әўмесер
Жар тезирек, жаның шықпастан бурын.

Әрасту

Ўай, жарқылық, жемиси ғой бейиштин..

КӨРИНИС

Еки адам келеди

Биринши адам
(жыллы жүз бенен)

Кимдур биреў жаңа бизиң палыздан
Бир қаўын үзди де, тура айдады.
Қаўынға биз қыйланбаймыз, жең, бирақ
Пәлекти басқылап кеткени жаман.

Екинши адам

Урлық деген нәрсе жоқ болған еди,
Журт умытқан исти еткени жаман.
Обалдағай, доңыз айдап кеткен ғой...
Сорамай алып жеп уйренген әдети.

Биринши адам

Ғәлетий кийинген ким боласызлар!

Птоломей

Қысқарт! Уллы патшайымның алдында..

Әрасту
(оны тоқтатып)

Яқшы адамлар! Көрмейсиз бе, алдыңда
Басқа дәўир адамлары турғанын?...

Екинши адам
Көрип турмыз артист екениңизди,
Мүмкин бе сорасақ кимлигиңизди?

Әрасту

Биз ҳеш ким емеспиз бул заман ушын.

Птоломей

Бул—патша, ол—алым, биз—әскер басы
Жаўлап алып жүрмиз жети ықлымды.

Екинши адам

Артист болса керек бул жүрген үшеў.

Птоломей

Рио де Жанейро фестивалына
Биз пьеса таярлап жүриппиз, аўа.

Патша

Эй, мынаўың өзи болып киятыр,
Алар деймен сирә бириншиликти...

Әрасту

Усындай қайымшыллар жасағыш келер...

Екинши адам

Биз усы жердеги пахтакеш дийхан,
Қәне жүриң, бизге болыңлар мийман.

Птоломей
(тамашагөйлерге)

Жаңа ушырасты адамға адам...
Ўай, ишим, жаңа атыз басында,
Бир қаўынды бузып бир өзим жеп едим,
Ҳәм суў ишермен бе жаптан сорыма...
(кетеди)

## ТАРИЙХ МУЗЕЙИНДЕГИ УШЫРАСЫЎ

Тарийх музейи. Террасадан үш мыңыншы жылдың дала көринисн. Бир жағында Уллы адамлар пантеоны, Бир шетте қолсыз Венераның, бир қапталында Аполлонның тас мүсини.

Әрасту

Мине жер жүзилик тарийх музейи,
Тарийх—бул инсанның умытпас яды.
О пийрим Аполлон, ҳеш өзгермепсең.

Жаңа заманларға тил табысыпсаң.

Патша

Тек биз ғана тилимиз жоқ табысқан.

Птоломей

Қайда қалған қолың, Афродита ханым?

Әрасту

Мүмкин сен жүргизген қырғын урыслардың,
Биринде сынғанды ол сулыў қоллар...

Гид ҳаял

Дослар, енди тарийх музейимиздиң
Уллы адамлар пантеоның көресиз.

Птоломей

Уллы адамлардың шақы бола ма...
(патшадан жасқанып)

Көрсек көрейик, уллы патшайым...

Гид ҳаял

Мине, адамыйзат адам болғалы,
Жақсылық, жаманлық,—от пенен суўдай,
Мың жыллар бойына тынбай жаўласқан,
Күшлилер әззини тақымға басқан.
Оң жақтағы қанлы тасқа қараңлар!
Атлары жазылған уллы адамлар,—
Дүньяға көп бүлик салған тойымсыз,

Жәҳәнгер патшалардың қара дизими.
Минекей, әййемги Кир патша баста.
Македониялы Александрды
Искендер Зулқарнайын дейди Шығыста.
Басына кос мүйиз дуўлыға кийген.
Сонлықтан қырғынға ушыраған еллер
"Искендердиң шақы бар"—деп ойлаған.

(патшаға)

Ал сиз, актер жигит, оның ролин
Атқарарда сол жаўызлығын көрсетиң...

Птоломей

Шашларынан асар едим, ҳәссений!
Асқандай шашы да жоқ-аў өзиниң...

Гид ҳаял

Ал, сиз, түсинбедим, қай ролдесиз?

Әрасту

Урыс тәңири Марстың жәнжелкеш улы.
Птоломей Устаз, суққанды қой тил ништериңди.

Гид ҳаял

Исксндер патшадан кейин Шыңғысхан,
Оннан соң Темирлəң ҳәм де Наполеон,
Ҳәм де соңғы жер жүзилик урыслардың
Қанхор басшылары —бәри жазылған...

Әрасту

Олар түрли дәўир, түрли жоллардан,
Дүньяға келсе де, бәри туқымлас...

Гид ҳаял

Дурыс айтасыз, олар шегиртке яңлы,
Туқымлас ҳәм жаўыз, дүньяға тоймас...

Әрасту
(жазыўды оқып)

"Келди, көрди, басып алды"... Пай, бала,
Дәл ураны екен жәҳәнгирлердиң...

Патша

Тарийхта уллылық болмас оларсыз.

Әрасту

Зулымлықтан азап шеккен инсанның,
Бир тамшы жасына турмас ол уллылық...

Птоломей

Устаз, умыттыңыз дәўириңизди.

Әрасту

Биз ҳәмме дәўирге теңдей адамбыз...
Абиҳаят суўын ишкеннен кейин...

Птоломей
(ракеталардың гәўмис писенлерин көрип)

Мына темир қанат қуслар не бәле?

Гид ҳаял

Бул—еки мыңыншы жыллардың иси...
Ең бир қәўипли урыс қуралларының
Шобытқана—свалкасы бул жатқан.
Инсан ақылы ҳәм де илим ол ўақта,
Соншелли қудиретли күшке ерискен.
Атомның қудиретли сырларын ашқан,
Қайтып жаба алмай ақылдан сасқан.
Адам туңғыш рет космосқа ушқан...

Әрасту

Дедаль ҳәм Икардың ойы иске асқан.

Гид ҳаял

Адам ақылы ҳәм де илим екеўи,
Жақсылық ҳәм жаманлық патшалықларына
Теңдей хызмет қылған. Бул қурал менен
Планетаны қуртып жибериў ушын
Қастын тиккен жаўыз нийет адамлар.
Мәмлекетлер ҳәм тәкаббыр патшалар
Кисилик жарыстырып, "мен күшлимен" деп,
Планета тәғдирин соқтаға тиккен...
Бирақ та жақсылық ҳәм адамзаттың
Уллы ақыл диалектикасы жеңген...
Енди, дослар оң тәрепке қараңлар!
Адамзатқа уллы жақсылық еткен,
Ийгилик ийеси уллы адамлар!
Гомер, Аристотель ҳәм Птоломей...

Птоломей
(қуўанып)

Яшаң, мен де уллы адам екенмен.

Әрасту

Жоқ, бул Птоломей басқа, ол—алым...
Тарийх ҳәм жулдызлар сырларын ашқан...

Гид ҳаял

Әбу Әлий Ибн Сина, Беруний,
Данте ҳәм Галилей, Шекспир, Гете,
Бетховен, Толстой, Эйнштейн...
Соннан тап ҳәзирги дәўирге дейин...

КӨРИНИС

Қыз Онесия-2 келип, Аристотельдиң бюстине гүл қойып атыр. Қолында "Поэтика" китабы.

Патша

Әзиз устаз, Аристотель— Әрасту
Уллылығыңызға тән бердим бүгин.

(Қыз жалт қарайды, қолындағы китабы түсип кетеди. Патша китапты жерден алып қарайды)

Аристотель

"Поэтика". Я әжеп!
(қызға қарап)

Растан да, Онесия, сенбисең?

Онесия-2

(жыллы күлимсиреп, таңырқап)

Сизди танымадым, Не деген менен
Сөз жоқ жақсы артист екениңизде...
Сиз уллы Искендер патша ролин
Сөзсиз жақсы атқарасыз. Мен сизге
Ҳәўесим келеди. Дәл өзисиз-аў...

Патша

Онесия, рас дәл өзимен мен.
Демек, сен де мәңги суўдан ишкенсең.
Окс дәрьясында суў қурығанда.
Атаң қурбанлыққа шығарған сени.
Сонда ериң Асқар менен екеўиң
Абиҳаят суўын бирге ишкенсиз.
Сөйтип сум әжелден қутылғансызлар.
Зевс тәңирим, қандай жақсы жолығыў!...

Онесия-2

Аҳ, қандай жақсысыз. Бәрин билесиз...
Үйренгенсиз сол әййемги мамамның
Бизге келип жеткен легендаларын.
Рас, достым, рас Онесияман.
Мен оның мыңыншы шаўлығы туўған
Қуўлығының қызыман мен ырастан.
Оның атын қойған маған ата-анам...

Әрасту

Сол Окс бойында, скиф шатырында,
Үш мың жыллар бурын патша алдында,
Афродитаның мүсинине табынған,
Аязханның арыў қызы Онесия—
Асқар сүўретшиниң гөззал зайыбы

Тирилип келгендей мына заманға.
Әлҳәббиз, тәбият даналығына!
Нәсил ҳәм де гена ҳасла жоғалмас,
Мәңги тәкирарланар инсан қанында!

Онесия-2

Аҳ, қандай талантлы актерлар булар!
Тереӊ изертлеген дәўирин олар.
... Сонда дейди, уллы Искендер патша
Ашық болсадағы Онесияға.
Оған ҳүрмет қылған, қыянет қылмаған...

Патша

Онесия, сулыўлықтың Шолпаны,
*Бул* ушырасыў түсим бе я өңим бе?...

(Птоломей жақтырмай қылышын суўырады, ширик қылыштың сабы ғана қолына илигеди.)

Әрасту

Жүр кеттик, патшайым, болғайсыз аман.
Сақласын муҳаббат дағдарысынан!
Оның күши, билсең, дегиштен жаман,
Бул қәўипли жағыстан кетейик аман...

Патша

Жоқ, мәңги суў ишкениме ыразыман.
Онесия, Онесия! Аҳ, әрман!

## МУҲАББАТ ТАХТЫНДА

Бағ иши. Ай жақты, Сулыў шәрдәре. Столда аўқат, гүл,

ишимликлер. Птоломей жалғыз өзи, мәс.

Птоломей

Мине, қырық күн болды,—бизлер артистпиз.
Рио де Жанейро деген қалада,
Фестивальға барып қатнасыў ушын,
"Мәңги булақ" атлы спектакльди
Таярлап атырмыз тәңирге жазып...
Бул пьесаны жазған устаз Әрасту.
Бәри ҳақыйқатлык, қосымтасы жоқ.
Алым деген, шайыр деген халықты
Ҳеш жақтырмас едим, ырасын айтсам.
Жаўлап аларымда жети ықлымды,
Талайын қылыштан өткизгеним бар.
Мына ашшы тилли Әрасту алымға
Ҳеш тисим батпады жек көрсемдағы.
Өйткени ол уллы патшайымыздың
Устаз муғаллими, ажыралмас досты,
Ҳәм өзи данышпан дүньяға белли.
Көрмейсиз бе, үш мың жылдан кейин де
Тил табысып атыр әўладлар менен.
Ҳәзир егер болмағанда Әрасту
Уллы патша Искендер де, мендағы
Жаңа әўлад пенен тил табысалмай,
Аштан өлер едик дүзде қор болып.
(бир рюмкадан кейин жанланып)

Деген менен шеп болмады қалайда,
Мәңги суўды ишкенимиз үшеўмиз...
Урыстың шаңғытында жүрип билмеппиз
Өмир деген қызық нәрсе екен ғой.
Ал оның үстине мына бир заман
Адамға ҳәзлик ғой, сондай абадан!
Урыс-жәнжел де жоқ ел арасында,
Әскер де жоқ, урыс қуралы да жоқ,

Алдаў-көз бояўлық, парахорлық жоқ,
Дүнья қуўмас көмешлерге күл тартып,
Ҳәмелпаразлық жоқ, күнлеў деген жоқ,
Ҳәмме адам ушын бир заң, бир тәртип,
"Ислемеген—тислемейди" деседи,
Бирақ сәл жағымсыз усы ураны...
Мәселен, мен не ислеймен бул жерде?
Маған силтесе екен қанлы саўашты.
(бақырып)

"Оң қанат, шеп жаққа! Атлылар, алға!
Найзапазлар, тезден ҳүжимге өтиң!
Отлы сақпанларды атың қорғанға!
Ура, ура! Қырың, аямаң, ҳасла!..."
(пәсине түсип)

Жоқ қанлы саўашлар енди дүньяда,
Әскер де жоқ, урыс қуралы да жоқ.
Патшалар жоқ туўысына сыймаған!
Эй, қаяқта жүр-әй патша ҳәм алым?
(ишеди, күлип)

Патша болыптымыс. Болсаң бопсаң-дә.
Баяғылар бағда қалды, патшайым.
Енди сен де, биз де—қара пухара.
Айлық алып жумыс ислейсең, аўа.
Мәрт болсаң, бир айлык пенен жасап көр...
Оның устине жәп-жас студент қызға
Ашық болып азып-тозып жүрипти.
Қыйын екен патша ақылдан азса...
Қой, көп сөйлеп кеттим. Аманлық болсын.
(қалталарына колбаса, арақ тығып атырып)

Ең зоры усы "ақ па" деймен шамасы.
"Запас тесип шықпас" деген бар нақыл,
Бул нақылдың турысы ақыл...

КӨРИНИС

Әрасту, патша келеди

Патша

Жүрек деген жанып баратыр, устаз.
Жанды өртемекте ашықлык оты.
Сонша қысым қылып шыбын жаныма,
Неге керек еди сонша урыслар?
Жети ықлым дүнья не дәркар еди?
Мен патша емеспен, эй дүнья, саған!
Кисилигим патша тахтын тәрк етти,
Муҳаббаттың патшасыман мен енди!

Птоломей
(тамашагөйлерге қарап)

Ий, мынаўың зор ғой... уллы патшайым...

Әрасту

Қәҳәр ҳәм қорқыныш жанған жүзиңизде
Әжайып сулыўлық барқ урар әне!
Сиз гөззал инсансыз енди, патшайым,
Қызығаман сиз минген ышқы тахтына.

Патша

Сиздей устазы бар патшалар гөззал!

Әрасту

Ышқы ол—қудиретли толқынлы теңиз,
Тәўекел қайығы жүзер желқомсыз,

Қылыш пенен жаўлап алған тахтыңнан
Мың мәртебе зыят муҳаббат тахты...
Хош, ҳәзирше, уллы патшайым, енди.
(саатына қарайды)

Мен ҳәзир кетемен аз ғана күнге.
Ертең Тарту университетинде,
Ендиги ҳәптеде бир ай даўамында.
Колумбия университетинде, Нью-Йоркта
Лекциям бар. Питириўден келемен.
Қаўышқайсыз ышқы периштесине!

Патша

Сизсиз қалай енди жасайман, устаз?

Әрасту

Сиз уллы Искендер патшаның тахтынан
Муҳаббат тахтына отырың сонда,
Ҳәмме заман менен тил табыссаңыз…
Ҳәзир сиз соныңдай гөззал инсансыз…
Сизди ҳеш бир әўлад жатырқамайды.
(*кетеди*)

Патша

Бул дүньяға патша болғаннан гөре,
Адам болмақ керек екен шамасы.
Сапарың оң болсын, әдиўли устаз.

Птоломей
(тамашагөйлерге)

Ой-бой! Усыны да патша деймиз-аў.
Бунның назы ҳеш қатында жоқ еди,

Ҳәтте сәлемлесиў қыйын да еди,
Енди қара, шөптен пәс, жерден аласа.
Еле алдында бар үлкен тамаша!...

**УЗАҚ ЖУЛДЫЗЛАР**

Патша ҳәм Онесия-2

Патша

Жат жағысқа тиккен скиф шатырына
Жуўсанның хош ийисин әкелди самал...

Онесия-2
(Қолы жоқ Венераның статуясьша табыныт.)

Асыраўшы анажаным Ақшолпан,
Қуяш қызы Тумариса ҳаққына
Жалынаман, аман сақла ярымды...

(Патша келип, қыздың шашын сыйпайды.)

Талға жарысып, шынар ийилмес болар.
Бизди қойың, шаҳым, өз күнимизге...
Сиз уллы патшасыз, халықтың атасы.

Патша

Маған ҳәзир патшалықтан да гөре,
Сениң жүзлерине телмирий абзал,
Мәңги суўдан дарыған бул мәңгиликти
Саған дийдарласқан бир дахиқаға
Алмастырар едим жан деп мен ҳәзир:
Жети ықлым патшалары диз бүккен
Қәддимди қартайған нардай шөктирип,
Алдыңда бас ийиў—маған ғәнийбет.

Бул дүньяға уллы патша болғаннан,
Муҳаббат гедайы болыў жақсы екен.
*(Диз бугеди)*

Онесия-2

(Патша жам етип қолына тутқан тәжди алып)

Көзден тамған қанлы жасыма қосып,
Бул шарапты жаным менен ишемен...

Патша

Сениң бүлбилгөя тил-зибаныңнан
Еситилип турған бул дуўалы сөз,
Рио де Жанейро фестивалына
Биз таярлап атқан "Мәңги суў" атлы
Спектакль ролинен болса да,
Тәнҳа маған арнап айтылмаса да,
Бахытка бөленемен ҳәр еситкенде,
Келгендеймен қулындағы кәддиме...

Онесия-2
(Патшаның ақ араласқан шашын сыйпап.)

Сиз гөззал адамсыз, патшайым мениң...
(тәжди патшаға қайта кийгизеди)

Бул ғәлетий спектакль кем-кемнен
Бизиң өмиримизге сиңип бармақта...

Патша

"Бул дүнья—бир сахна, адамлар—актер",
Депти бизден соңғы бир дана шайыр.

Онесия-2

"Бизден соңғы" емес, бизден көп бурын
Айтып кеткен буны Шекспир дана.
Киси өмири менен жасаў бәрҳама,
Жанға тийди, шаҳым, қатты шаршадым.
(Басын патшаның көксине қояды)

Патша

Бул жери жоқ еди спектакльде...
Ғәплет уйқысынан оянған жүрегим,
Дуўшар болажақсаң қандай күнлерге!

Онесия-2

Әййемги эраның жәҳәнгир шаҳы
Керек емес маған, уллы патшайым,
Роль питти, шешин мүйизли тажды,
Шешиң бул әййемги патшалық липасты...
(шешиндиреди)

Аҳ, қандай сүйкимли сулыў адамсыз,
Мен сизди сүйемен, әзиз патшайым!

Патша

Мәртебе, муҳаббат, сулыўлық, ығбал,
Заманында көп қызғаныш туўдырар.
Жүрек жараланар насақ сөзлерден,
Қанлы жаслар ағар қара көзлерден.
Биз екеўимиз еки дәўир адамы,
Қорықпайсан ба журттың насағынан сен?

Онесия-2

Насақ сөз деген бир ызғырық самал.
Гүўлеп есип-есип, бир күни тынар,
Ҳәммеси бийҳуўда. Ўақытша булар...
Шын кеўилден сүйген ўақта адамлар,
Жас жоқ, ғаррылық жоқ, теппе-тең олар.
Биз екеўимиз сөзге болсақ та қайым.
Мен сизди сүйемен, уллы патшайым!
(еркелейди )

Патша

Жулдызлар не деген сырлы хәм узақ!..

## ЖАТЫРҚАЎ

Поликлиника. Психиатор врачлар, алымлар ҳәм юристлер консулиумы.

Биринши врач

... Халық аралық медицина орайы
Қырқ күн даўамында тексерип көрди.
Үшеўи де еслери дурыс, дени саў...

Юрист

Ҳайранман, қалайынша еси дурыс екен?
Өзлериниң ким екенин билмейди.
Биреўи— "Искендер патшаман" дейди,
Бири— "Птоломей", бири —"Әрасту".
Олар үш мың үш жүз жылдай илгери
Өткен сол тарийхый шахслар емиш...
Марсиан ба, яки жынаятшы ма,
Келген бе я басқа галактикадан?
Еси дүзиў болса... бәринен жақсы,
Кимлнгин дәлиллеп берсин ондайда.

Екинши врач

Бас мий ҳәм нервиде ҳеш ғәлетлик жоқ.
Рефлекслер өз жайында. Текғана...
Анаў Птоломей дегени базда
"Урра" лап оянып, пәтеңге келтирер.
Өл деп ишетуғын болды өзи де...

Үшинши врач

Булар спектакль таярлап жүрип,
Өз роллерине ҳәм де тарийхқа
Сонша сүнгип кетип, бәрин умытқан.
Нағыз фанатиклер, мен билсем егер...
Талантлы адамларда бул ис болады...

Академик

Мен сизлерге айтайын бир өтирик:
Қанын тексергенде, ырасында да,
Үш мың жыл жасаған адамлар екенин
Анықлады бизиң институтта...
Илим буны анық тастыйықласа да,
Ақыл исенбейди бул бир шынлықка...

Биринши врач

Қыял менен илим—аўқамлас қубылыс,
Шатастырмаў керек оларды бирақ...
Орта есаптан ҳәзир жүз жасар адам,
Келешектиң иси одан аржағы...

Юрист

Маған десе, тап алғашкы жәмийеттиң

Адамлары болсын олар. Бирақ та,
Кимлиги ҳаққында документ керек…
Қайда үшиншиси—Әрасту дегени.

Академик

Ол ҳәзир Москва университетинде
Әййемги грек философиясынан
Ҳәм Аристотельдиң "Поэтика" сынан
Лекция оқып жүр... Әжайып дана!
Бизиң арамызға енисип кетти,
НТР ды өзлестирди соныңдай,
Ҳәмме жерде оған уллы ҳүрмет бар....

Екинши врач

Ал анаў Птоломей дегени болса,
Қай дәўир болса да, оған бәри бир.
Ишип-жеўден басқа мүддәҳәси жоқ.
Тек те жаман жери урысты күсейди...

Үшинши врач

Ойнап жүр ол әскер басы ролин...

Биринши врач

Анкета толтыртсақ, тамаша жери,
Бәри әййемги эллин жазыўы менен.
Македонша диалектте жазады.
Тек те анаў алым Әрасту ғана
Биледи ҳәзирги жазыўды, тилди...

Биринши врач

Айтқаныңыз дурыс. Олардан мәзи

Искендер патша ғана тахтынан түспес.
Билими де, ақылы да әдеўир,
Бирақ мойынламас бизиң дәўирди.
Кисилиги бийик, патша минезли.
Көп саўалға жуўап бермейди паңсып;
Отырар көбинесе жалғыз ойланып,
Берген аўкатты да жемейди, дейди,
Шашлары да баратыр тез ағарып.

Үшинши врач

Онесия деген студент қызға
Ашық болып жүрсе керек шамасы.

Академик

Сүйиў бул ҳәр кимниң тәнҳа өз иси.

Юрист

Тек заңға, тәртипке сай болса болды.

КӨРИНИС

Онесия-2 келеди.

Биринши врач

Хош хызмет, сулыў қыз, бәлким, бул жерге,
Алжасып киргенсиз? Биз болсақ бунда
Баска планеталы үш адам сырын
Шеше алмай консулиумда отырмыз...

Онесия-2

Жоқ, мен келгеним жоқ бунда алжасып.

Гүўалық беремен ҳүжданым менен:
Искендер патшаның ролиндеги,
Адам—жақсы инсан, әжайып киси.
Инсаният жақсы адамнан ҳеш ўақта,
Басын қатырмасын документ сорап...

Юрист

Жоқ, қарындас, адамшылық жиҳатдан,
Бул айтқаның дурыс. Лекин әдетте,
Ҳәр бир жәмийеттиң заң, тәртиби бар.
Ақыллы да, ақмақлар да сол заңға
Бағыныўға, ҳүрметлеўге миннетдар.
Қандай шахс, ким екенин билмесең,
Қалай ол адамға исениў мүмкин?

Онесия-2

Исениў былай турсын, еситиң ҳәмме!
Мен оны сүйемен. Ол гөззал инсан!

Академик

Илим дәрежемди, даңқ-атағымды,
Бәрин берер едим усы бир сөзге,
Не деген бахытлы сол белгисиз адам!

Биринши врач

Сулыў қыз, сен бизди жолдан шығарма...
Биз бул жерде қарап атқан мәселе,
Инсаният тарийхында болмаған.
Халық аралық консулиум ал енди,
Мынадай жуўмаққа келеди,
Искендер патшаның ҳәм әскер басы
Птоломейдиң ролинде жүргенлер,

Армус планетасына жиберилсин.
Онда Терешкова бухтасындағы,
"Артемида" санаторыйында емленсин...

Юрист

Мүмкин мәңги қалар сол планетада...

Онесия-2
(жылап)

Инсаныйлық, әдалатлық гүлленген
Бул бизиң әжайып заманымызда
Қандай қатал адамлар бар еле де...

Юрист

Муҳаббат—мухаддес, әдиўли сезим,
Жыламаң, сүлыў қыз, бирақ илаж жоқ...

## КОСМОСТАҒЫ ТОЗАҢ

Космодром жанындағы гүлзар. Гурилди, музыка.
Диктор даўысы

Жер ҳәм Сатурн маршруты бойынша
108-КС рейсинде
Ушатуғын пассажирлер, кешикпей
космолетқа шығыўыңызды сораймыз.
209-У 2 рейсинде
Айға ушатуғын пассажирлер дыққатына!
Орбитада метеор жамғыры тынғанша—
Саат 14 тен 30 минут өткенше,
космолет иркиледи бунда...

КӨРИНИС

Птоломей ҳәм бир адам келеди.

Птоломей

Әзелден биз кең дүньяны тарсынып,
Оған сыймап едик... Ақыбетинде
Қуўды бизди бөтен планетаға...

Бир адам

Қуўып атырған жоқ сизлерди Жерден,
Курортка жиберип атырмыз сыйлап...
Ол бир планетада теңиз бойында,
Сизди күтер басқа қызықлы өмир...

Птоломей

Қырғын саўаш, қанлы урыс майданы—
Мен ушын уллы той, мен ушын курорт!
(бирден жуўасып)

Шынын айтсам, маған енди бәри бир.
Жүр, қәне ишейик, ушпастан алдын...
Айтқан екен бир кавказлы мәрт шайыр;
"Әжелден адамды ап қалмас арақ,
Ишпей жүргенлер де қарқ емес бирақ"...
(олар кетеди)

КӨРИНИС
(*Қайғылы музыка. Патша ҳәм Онесия-2 келеди*)

Патша

Мине, ести мәңги айралық самалы!
Гә пүткил дүньяға ҳүкимдар етип,

Гә шексиз қайғыға гирипдар етип,
Тәғдир жездесиндей ойнар биз бенен...

Онесия-2

Сен мениң кеўлимниң уллы патшасы,
Неге сонша сыр тутасаң өзиңди?
Айт сен кимлигиңди, сонда адамлар,
Жибермейди сени жат планетаға...

Патша

Мен дүньяға патша болып турғанда,
Ҳәмме мени жақсы көргендей еди,
Бәри мен ушын жан бергендей еди,
Мен дүньяға патша болып турғанда.
Ҳәмме бизди тынбай мақтасар еди,
Надурыс исимди де ақласар еди,
Мен дүньяға патша болып турғанда,
Қайда енди сол көп жарамсақ инсан,
Жоқ олар... Сен барсаң мениң бахтыма,
Отырғыздың мени ығбал тахтына.
Бул шексиз мәңгилик аспан әлемин
Тек сенсең жақтыртқан қуяшым мениң...

Онесия-2

Алыс жулдызларға жол салды инсан,
Көкте Қуяш хызмет қылмақта оған.
Жер бетине жәннет қурды адамлар,
Не қәлесе, бәрин болдырды олар,
Бирақ бул муҳаббат деген сезимге
Илаж қылып болмас екен негизинде...
Мениң жас жаныма көп жәбир кылған,
Сен қайдан тап болдың, эй сырл ы инсан!

(Патшаның көксине бас қойып.)

Бул планетада енди маған да
Орын жоқ, боламан сен қайда болсаң...

Патша

Жоқ, бунда қаласаң...Себеп ҳәр инсан
Тек өз заманының перзенти ғана.
Ал мен шексиз мәңгиликтиң қойнында,
Космос бослығында, бир тозаң яңлы
Жасаўға гириптар болған адамман.
Мүмкин, Жер-ананың сырлы сулыўы,
Саған деген күндей муҳаббатымнан
Ысытарман басқа планетаны...

Диктор даўысы

Жерден Армус планетасына
309—У-3 рейси менен
Ушатуғын пассажирлер!
Тез арада 4-линиядан
Космолетқа миниўиңизди сораймыз...

Патша

Даўылға айланды айралық жели,
Хош бол, Онесия, мәңги әрманым!
(дизе бугеди)

Онесия-2
*(жылайды)*

Мениң патшам, арзыў-әрманлы ярым,
(патшаның жағасын қымтайды)

Космоста тоңасаң, қымта жағаңды.
Өмирим бойы сени күтемен, патшам!

Патша

Онесия, мен ең бахытлы инсан!
(қараңғыға, сүңгип кетеди)

КӨРИНИС

Онесия-2 ҳәм Әрасту

Әрасту

Адамға бул шексиз ўақыт дүньясынан
Бир дахиқа пурсат жетиспес мудам.
Сонша асықсам да, минекей қараң.
Хошласыўға үлгермедим, ўақ, әрман!
Хош бол, сапарыңыз оң болсын, патшам!

Онесия-2

Бәри жаралса да адам қанынан,
Не деген қатал ҳәм мийримсиз инсан!
Бири бирин қуўар планетадан!

Әрасту

Мәселе қанда емес, мәселе—пейилде.
Мийрим-шәпәәтти адамыйзатқа
Қанласлығы бермей, мақсети берер.
Абыл-Қабыл туўысқанлық қаны бир,
Адам ата, Ҳаўа енеден туўған,
Иниси ағасын өлтирген, бирақ.
Мақсет, идеясы қарсы келгенде,
Дүньяда адамнан жаўыз мақлуқ жоқ.

Бири бирин қыйнап, соннан ҳәз табар.
Жақсы мақсетлерде тил табысқанда,
Адамның мийрими бир қуяш яңлы,
Тасларға да гүл питирер жайнатып...

Онесия-2

Жақсылық, жаманлық—от пенен суўдай.
Түп дәреги адамлардың өзинен...
Хош бол, көрискенше, эй гөззал адам!
(космолетқа старт бериледи)

## ОЯНЫЎ

Түсинде космолетқа старт берилгенде Искендер патша шатырда мәс уйқыдан шоршып оянып кетеди. Сермелген қолы жанында стол үстинде турған гүзени қағып кетип, аўдарып жибереди, мәңги суў төгилип қалады. Шатырда сарай адамлары абыржып, өкинишли шаўқым көтериледи.

Патша
(жүрегин услап бақырып)

Әстапурла! Сақла, я Зевс, тәңирим.
Түс деген ҳәм сонша болмақ болып па!.

Даўыслар
- Мәңги суў төгилип қалды, патшайым! —
- Сонша азап пенен табылған еди.
- Абиҳаят суўы төгилип қалды!
- Әттеген-ай, орны толмас өкиниш....

Патша
(орнынан турып, қолын көтерип)

Жоқ, жоқ, ҳеш өкинбең төгилген суўға!
Ҳеш бенде ол суўды ишпеўи лазым.
Мен тек сизлер менен жасап өтемен.
Мен сүйемен сизди, заманласларым!
Мына Пголомейди... ҳәттеки мына
Шарап тасып журген негр баласын...
(Әрастуге)

Уллы устаз, сизди сонша сағындым,
Өңим бе, түсим бе, кел қушағыма!

Әрасту

Сынған ыдыс қуралады қайтадан,
Бирақ төгилген суў қайта қуйылмас,
Ол суўға ажырық шөп көгерер енди,
Ҳәм зоңғарға келип ишер ол суўдан,
Сөйтип узақ жасар... Бирақ та адам,
Қысқа ҳәм де қыйын өмир сурсе де,
Ҳәр демде мәңгилик жаратар мудам.

## ЭПИЛОГ—1

Окс дәрьясының таўлы жағасы. Онесия жалғыз өзи қыямай тик жар тасқа әсте өрмелеп баратыр.

Онесия

Пийрим Анахита, Ақшолпан анам.
Бериң ақ пәтия сорлы қызыңызға,
Мына суўсыз қараң қалған дәрьяға
Өзимди таслайман анаў бийиктен.
Өмир сүриў жақсы, жасаў ләззетли,
Бирақ илажым жоқ, тәғдирим қатал,
Эй, сиз массагетген арыў қызлары!
Ардақлайман сизиң ҳүжданыңызды.

Асыраўшы Огуз дәрья қайтадан.
Толып ақса абиҳаят суўына,
Егинге бөленип, ел абад болса,
Ғаз ғаңқылдап шалқып жатса -теңизим,
Мен ҳеш өкинбеймен өз әжелиме,
Хош бол, әзиз атам, әдил Аязхан!
Хош, сүтилмек терген көк шөпли далам!
Хош бол, ақ сүт берген әдиўли анам!
Хош, әрманлы ярым, азамат Асқар!..

КӨРИНИС

(Сахнаға жуўырып Асқар шығады).

Асқар

Онесия, жүрегимниң жарасы,
Сен енди азатсаң, арзыўлы ярым!
Дәрья жығып кеткен ески бөгетти,
Ҳәзир бөгеп атыр Искендер патша.
Қайтадан суў толып Огуз дәрьяға,
Ел абад болады, биз боламыз шад.
Онесия, айралықтан биз азат!
(Онесия еситпей, шың басынан өзин дәрьяға таслап өледи. Асқар жуўырып баратыр)

Онесия! Онесия!! Онесия!!!
(таў жаңғырып, музыка гүңиренеди.)

## ЭПИЛОГ—2

Гөҳиқап таўы, Окс дәрьясынын бойы. Бийик Дәрбент таўдың жарқабағына суўретленген "Мәңги булақ" барельеф-панносы. Асқар сол бийик жар тастан жип зәңги арқалы тусип киятыр, Сақал-шашы ағарған, шаршаған.

Асқар

Онесия, Онесия, сүйиклим.
Әрман менен кеткен арзыўлы ярым!
Мине, сениң естелигиң ҳаққына,
Сүўретледим "Мәңги булақ" дәстанын.
Қырық жыл жип зәңгиде аштан аш турып,
Қырық жыл тас қашадым таў қабағында.
(халық әсте жыйыла баслайды)

Мине мәңги суўдың ағар булағы,
Жер ана бар онда, инсаният бар,
Жағасында мәңги өмир дарағы,
Ол мәңги мийўалап, мәңги кулпырар.

("Өмир дарахты" саясында отырған Онесияның емшегинен дәрьяға нурлы суў булағы атылып қуйылып турар.)

Әрасту

Сарқылмас инсанның өмир булағы,
Ҳәр адам перзенти өз заманының,
Жақсы иси, жақсы аты менен тек
Басқа заманларда жасайды адам.
Заманыңа садық болғайсаң, инсан!
Сәлем, уллы Қуяш, мәңгилик өмир!

Соңы

1981—1984 жыллар.

# МАЗМУНЫ

## "Дузлы самаллар" китабынан

Бул жер еле зор болады.
Үмит ағашы.
"Плаха" излеп ... *(Шыңғис Айтматовқа).*
Арал элегиялары.
Қыйын ҳал.
Қайта қурыўдын балларына.
Ҳүждан монологи.
Деседи.
Сегизинши марттан бир ҳәпте алдын жазылған қосық.
Шымбай жолларында.
Сизсиз мениң күним жоқ.
Афанасий Фетке.
Боранлы кеште.
Тийме оған!
Байыўлыға.
Еки қуўаныш.
Өзи қызық адамлар.
Ду Фу.
Бурмалаўшыға.
Жолда.
Өтип баратыр.
Жынысымды жырлайман.
Бизге.
Бултлар ақ боз атын таўға тусаған.
Үш оқ *(легенда).*
Жигиттиң жетпис көклеми.
Әскербайға.
Пери минген ат.
Бердақтың дуўтары.
Әжинияз шайырдың самалға шағыныўы.
Амира азаплары.

Өмирзая жулдызы.

**"Үмит жағысы" китабынан**

Тырналар.
Жылқы жылына (*1990).*
Алыс әўладларға.
Кораблler қойымшылығындағы елес.
Марат Нурмухамедовты еске түсириў.
Монокультура ҳаққында қосық.
Анемия.
Өмир, саған ашықпан.
Аласар кус әңгимеси.
Мәңгилик.
Ана жүреги.
Бозатаўдың жолындағы тоғайлар.
Орынлы кейис.
Эпиграммалар.
Анна Ахматованы оқығанда.
Тымырық.
Жас ашыққа.
Кеўил айтыў.
Хошласыў сөзи.
Тал болыпты таллары.
Таң самалына.
Жанан көринбес..
Алексанлр Блокты оқығанда.
Бир кәса шай колға алып.
Ҳаўазың сениң (*Т. Дошумоваға).*

Тоқтағулдың тойында.
Бир ақ қалпақ астында.
Қашқын *(С. Ералиевке)*
Қырғыз косығы.

**Ертедеги қойын дәптерден**

"Сеўил" менен "сек" баязы.
Биз—муғаллим, Сабыр, "Досжан"—директор…
Дуўайы, сәлем болсын бизден…
Еки жасқа бир нәсият.
О ден саўлық, ден саўлық!
М. Жеңгейге.
Қосық.
Дос-яраның болмаса.
Романс (Қызыл көйлек қынап денеңди).
Сағыныш.
Үш тирсек *(ҳәзилнама қосық).*

**"Жети асырым" китабынан**

Қоңырат.
Градусник ҳаққында баллада.
Коңыр ғаз.
Романс (Есиңде ме, жасыңда?)
Рица көли.
Алма-Атаға.
Поэзия ҳәм ККГИЗ ҳаққында жолдас Маяковский менен гүрриң.
Ирпень.
Сен достымды көп ўақ изледим дейсең.

**"ЙОШ" китабынан**

Заманынан кеш туўылған адамлар.
Жаңа жыл тилеклери.
Елликке ел қонар заманы келди.
Халқабадтан қанша адам келмеди.
Гүрген дәрьялары жол берер сизге.
Кәлемлес досларыма.
Әмиў гуллерине.

Венераның скульптурасына.
Шойдания.
Соқпақ.
Тәрези.
Марапат уйығы.
Қалтайға.
Қырғыз ГАИ Еркинге честь береди.
Бәҳәр ҳәм сен (ғаззеллер).
Мәңги булақ (*поэма).*

*На каракалпакском языке*
Ибрагим Юсупов
ИЗБРАННЫЕ СОЧИНЕНИЯ В ДВУХ ТОМАХ.
Том II
*Стихи, поэма*

Издательство "Каракалпакстан"
Нукус—1992

Редакторлары *Ш. Сейтов, П, Мырзабаева.*
Художниги *И. Кыдыров.*
Худ. редакторы У. *Ережепов.*
Тех. редакторы *О. Жумабаев.*
Корректоры *А. Карлыбаева.*

Териўге берилди 16.VII.92. Басыўға рухсат егилди 10.VIII.92 Қағаз форматы 84x108 1/32. Газеталық кағаз Әдебий гарнитура, кегль №10. Жоқарғы баспа усылында басылды. Тиражы 3000. Заказ №216. Баҳасы шәртнама бойынша

"Карақалпақстан" баспасы, Нөкис қаласы, К. Маркс көшеси, 9.

ҚР Мәмлекетлик Баспа сөз комитетиниң "Правда" ның 50 жыллығы атындағы" Нөкис полиграфкомбинаты. Нөкис қаласы, К. Маркс көшеси, 9.